Муратбай НЫЗАНОВ

# Қойын дәптерге қайым гәплер

УОК 398.21(478)
КБК 5 Қар
Н-97

М. Нызанов. Қойын дэптерге қайым гэплер. «Билим» баспасы, 2017-жыл. 232 бет.

УОК 398.21(478)
КБК 5 Қар
Н-97

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIWMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89558

ISBN 978-9943-4434-1-9
© Муратбай Нызанов, 2017.
© «Билим» баспасы, 2017.

TIP

# БЕЛГИЛИ ИНСАНЛАР ӨМИРИНЕН

## ХОЖАМ, ИСЕРСЕҢ КЕБЕРСЕҢ...

Бердақ шайырдың «Хожам» атлы ҳәзил қосығының дөрелиўин ҳәр ким ҳәр түрли тәрийиплеп жүр. Биреўлер «Бердақтың анасы хожа болған, соның ушын дайысына басқы ретинде жазған» десе, тағы биреўлер «аўылында сықмар, зықна бай адамды әжиўалап жазған» деген жормалларды да айтады.

Ал, «Хожам» қосығының ҳақыйқый дөрелиў тарийхы төмендегише. Буны маған бир неше жыллар алдын, Қарақалпақстанға мийнети сиңген шыпакер Қурбангүл Әметова (марҳум) айтып берген еди.

Жақында Қурбангүл апаның иниси, Шымбай қаласында жасаўшы Қазақбай Реймов та сол пикирди тастыйықлады.

— Мен Рейимниң баласыман, — деди ол. — Рейимниң әкеси Сейткамал хожа Бердақтың

заманласы, дегишип ойнайтуғын жорасы болған. Атамыздың отырықлы мәканы сол ўақытлары Қарақум ийшан медресесиниң арқа күн шығарында, Еркин арнаның бойында екен.

Бир күни Сейткамал атамыздың аўылында мереке болып, бир үйлик қонақ атамыздың үйине киргизилген. Мерекеге ол ўақта көпшилик ешекли келеди. Қонақлар нағыз әңгимеге кирискен пайытында бир ҳәңги ешек босанып кетеди де, қазықларға байланған жигирмалаған ешектиң бәрин үздиреди. Босанған ешеклер топары менен Сейткамалдың писип турған тарысына түседи. Атамыздың есигиндеги дийқаны арман қуўады — шыгара алмайды, берман қуўады — шығара алмайды. Ақыр, қолындағы белди топарлы ешекке қарай ылақтырады. Бел келип Бердақтың ешегиниң тирсегин шаўып кетеди. Енди буны Бердаққа қалай айтады? Сейткамал да гәпке шеберлеў адам екен.

— Бердақжан, халықта «ийт төлеўи бир күшик» деген гәп бар, сол айтқандай «ешек төлеўи бир гүрре» болағойсын, бизиң баллар тарыға түскен ешегиңди айдайман деп тирсегин бел менен шаўып алыпты, — дейди.

Бердақ сол жерде тапқырлық пенен:

Хожам, исерсең, кеберсең,
Өз дәўлетиңе теберсең,
Ешек пишпеге шеберсең,
Ешек сүннет еткен Хожам,

— деп изин шубыртып жибереди.

Сейткамал қысынғанынан:

— Бердақжан, усы гәп усы жерде қалсын, мына қосығыңды басқа жерде айтып жүрме, — деп шапан әкелип жабады.

Лекин, үй толы адамлар кими бир шуўмағын, кими еки шуўмағын ядлап алып, ертеңине-ақ елге таралып кетеди. Мен бул әңгимени әкем Рейимнен өз қулағым менен еситтим. Ал, әкемиз болса қонақларға хызмет етип жүрип өз көзи менен көрген.

Бердақтың бул қосығы бойынша информатор Қазақбай Реймов ҳәм Қурбангүл Әметовалардың бул пикирлерине алып-қоспайым жоқ. Илимий сыпатлама да бермекши емеспен. Лекин, бабамыздың ҳәр бир қосығының дөрелиў тарийхы усылайынша анықланып бара берсе пайдадан жырақ болмайды.

## «ҲАЎ, БЕРДАҚЖАН ЕКЕН-ҒО»

Жоқарыда биз айтып өткен информатор Қурбангүл Әметова Бердақ шайыр ҳаққында

атасынан еситкен және бир ўақыяны айтып берген еди.

— Бабамыз Бердақ сүўреттегидей жүдә сулыў болмаған болса керек, — деди ол күлип. — Лекин, Қәўендер Бердимуратовқа рахмет, оны сондай шырайлы, сондай саўлатлы етип сүўретлеген. Кишкене ўақытларымда Сейткамал атамнан еситиўимше Бердақ шайыр ири денели, дәпең қара киси болған екен. Ол бақсышылық етип тойлар саўған. Бирақ, жалшытып ҳеш нәрсе алмаған. Бәҳәрде берген тойға гүзде бир батпан тары яки жүўери береди екен. Сонлықтан ол бир таўып, бир таппай кәмбағаллықта күн кеширген.

Бир күни ол жолы түсип Шақаманда болып атырған тойдың үстине келипти. Қур жыйналып, ортада бақсы айтып атырған екен. Бердақ жупыны кийимде болғанлықтан оған ҳеш ким итибар бермеген, қурдың бир шетинде аманат ғана отырыпты. Халықта гәп бар ғой, «таныган жерде бой сыйлы, танымаған жерде тон сыйлы». Ҳәзиргидей телевизор я театр жоқ. «Бердақ» деп көп еситкени менен әпиўайы халық оны танымайды.

Бақсыда, палўанда әрўақ болады. Қурда айтып атырған бақсының нама қайтарыўына көўли толмаған Бердақ:

— Иним, дуўтарыңды берип тур, мен-әм бир нама қашырып көрейин, — депти.

Бердақтың «ҳә-ә» деген даўысынан-ақ оны таныған биразлар:

— Ҳаў, Бердақ келипти-ғо!

— Мынаў Бердақжан-ғо! — деп қуўанысып қоя берипти.

Сол күни Бердақ таңға дейин қосық айтып, халыққа қалыс хызмет еткен екен.

## КҮНХОЖА ҲӘМ ОНЫҢ БАЛАСЫ

Бул ўақыяны да информатор Қурбангүл Әметова атасы Сейткамалдан еситкени бойынша айтып берген еди.

Күнхожа шайырдың ул перзенти болмапты. Жасы биразға барғанда уллы болып, журттың тилсуўынан қорқып, оны өспирим жигит болғанша қыз кийиминде кийиндирип қойған екен.

Қанша жасырғаны менен аўыл балалары оның баласының қыз емес ул екенин билер екен ҳәм әкеси той-мерекеге кеткенде урланып, ойынға алып кетер екен. Кем-кем есейе келе балалар менен гештекке қосылатуғын болыпты.

Бир күни кеш песинде Күнхожа ғаррылар менен мерекеден киятырса аўылдағы үйлердиң

биринен лапызы жүдә бәлент бир жигиттиң қосық айтып атырғанын еситипти.

— Пай, заңғардың баласына Аллатаала ҳаўазды берген екен-ә! — депти ықласы кетип. Жанындағылар да қосылып мақтапты.

— Балаң қайда? — депти үйине келип ҳаялына.

— Жоралары менен гештекке кетип еди, — депти ҳаялы.

— Ўаҳ, әттең!.. Кетти онда! — депти қатты қапа болып. — Таярлығыңды көре бер, балаңнан айрылдық!

Ҳақыйқатында да, кешикпей, баласы әкесиниң суқ нәзеринен дүньядан өтипти. Ҳаслында, басқаларға қарағанда Күнхожаның өзиниң көзи қатты болған.

## ОН ЕКИ ПЕРДЕНИ СӨЙЛЕТКЕН БАРМАҚЛАР

Дуўтар намалары қарақалпақлардың ең сүйип тыңлайтуғын сазларынан есапланады. Халқымыз өткен әсирде жасап өткен белгили бақсы ҳәм сазенделер Ақымбет бақсы, Муўса бақсы, Ещан бақсы, Айтжан Хожалепесов, Қаражан Қабулов, Ибрайым Патиллаев, Әмет Тарийхов, Шанияз Ерниязов, Ғайбулла

Ибадуллаев, Генжебай Тилеўмуратовлардың исмин жақсы биледи ҳәм яд етеди.

Солардың ишинде саз жөнелисинде Айтжан Хожалепесовқа тең келетуғыны болмаған. Ҳәзирги күнде де қарақалпақ радиосынан ол шерткен наманы халқымыз айырмай таныйды. Ол шерткен саздың кәраматы сазенрдениң көкирегинде ҳәм саўсақларының шеберлигинде болса керек.

1970-жыллардың орталарында Қарақалпақстан телевидениесинде Айтжан Хожалепесов ҳаққында арнаўлы көрсетиў болды. Сонда белгили скульптор Дәрибай Төрениязовтың айтқан мына гәплери еле есимде.

— Айтжан аға мениң туўған бажам еди, — деди ол сонда. — Бир күни үйине қыдырып барсам, ол негедүр қапа ҳалатта отырған екен. Мениң менен де салқын аманласты.

— Дәрибай иним, — деди азмаздан кейин. — Он еки пердени сөйлеткен мына саўсақлар ертең бир күн топыраққа араласады-аў. Соны ойласам таңға уйқылай алмай шығаман.

— Ондай демең аға, еле жассыз. Сизге өлим ҳаққында ойлаў ерте, — дедим мен.

Мениң тәселлемнен бәрибир оның кеўли тәскин таппады. Халықта гәп бар еди, «Аллатаала бендесине өлимин алдын ала билдиреди»

деген. Дәрҳал сол қыялыма келди. Лекин, ойыма келген бул пикирди оған билдирмедим.

Ҳақыйқатында да, Айтжан аға кешикпей қайтыс болды. Ол бары-жоғы қырық сегиз жасқа толған, енди-енди отағасы болып киятырған еди.

Айтжан аға ҳаққында филология илимлериниң докторы Әбдисайыт Пахратдинов былай еслейди.

Ол жыллары мен радиода музыка редакторы болып ислейтуғын едим. Өлиминен алдын Айтжан аға радиода техник болып ислейтуғын Андрей деген орысқа еки шийше вино берип, он бир наманы мағнит лентасына жаздырған екен.. Айтжан ағаның билетуғын намалары жүдә көп еди. Лекин, заманның қытшылығы, лентаның жетиспеўшилиги себепли зорға он бир наманы түскен. Онда да жасырын. Себеби, ол ўақытлары арнаўлы руқсатнама болмаса лентаға түсиў қадаған, бақсы да, сазенде де, артист те өз номерлерин тиккелей эфирде атқаратуғын еди.

Айтжан аға қайтыс болғаннан кейин Андрей еситтириўге бериўге қорқып жүрген лентаны шығарды. Ҳәммемиз алтын тапқандай қуўанып, фонетикада отырып тыңладық. Енди

оны эфирден жибериўимиз керек. Жиберейин десек намалардың атын билмеймиз.

Сол жыллары бақсы Қаражан Қабулов тири еди. Дәрҳал оны үйинен алдырдық. Ол ҳәр наманы еситкен сайын көзине жас алып:

— Шырағым-ай, шырағым-ай, сен де бир адам орнына кеттиң-аў, — деп ҳәмме намалардың атын айтып берди.

Атақлы сазенде Айтжан Хожалепесов ҳаққында бизге жетип келген бар мағлыўмат усы. Кейинги сазенделер ишинде оған усатып Шоманай районының ҳәкими болып ислеген Есемурат Юсупов ғана шерте алар еди. Ол шерткен сазлар бақсы Қалбай Қалжановтың үй архивинде сақлаўлы тур.

## СҮЙЕЎ БАҚСЫНЫҢ ЫРАС АТЫ КИМ?

Қарақалпақ жыраўшылығының негизи аңыз әңгимелерге қараганда Қорқыт атадан басланады Оннан берide бизге жетип келген исимлер — Соппаслы Сыпыра жыраў, Жийен жыраў, Шаңкот жыраў, Өгиз жыраў (Хожамберген), Қурбанбай жыраў, Қыяс жыраў, Шамурат жыраў, Жумабай жыраў, Жақсылық жыраў ҳәм басқалар болып даўамланып, изи бүгинги жасларга уласып кетеди.

Қобыз бенен жырлаў қазақ халқында да бар. Оларды «жыршы» деп атайды. Лекин, олар дәстан жырламайды, жөнекей қосық та айтпайды. Бул жыршылар руўхый қәстеликке шалынған ҳәм басқа да соған уқсас наўқасларға әрўақ шақырып, терме айтады. Яғный, бизиңше айтқанда оларды порқан деўге болады.

Бақсылар шежиреси болса бизде Ақымбет бақсыдан басланады. Бәлким, оннан бурын да нешше дүркин бақсылар өткен шығар, ҳәзирше аты халқымызға кеңнен таныс болған бақсылардың устазы болған Ақымбет бақсы. Ақымбеттен Муўса бақсы, Сүйеў бақсылар жол үйренген. Сүйеў бақсының жолы Муўса бақсыға қарағанда сәл өзгешелеў. Ол өзи Тахыятас әтирапында жасаған түркменлердиң шаўдыр руўынан болғанлықтан Хорезм ҳәм Ташаўыз, Гөне Үргениш әтирапында бақсышылық еткен. Атқарған қосықларын да сол жердеги жерги- [illegible] бейимлестирип жиберген. Сонлықтан ол атқарған намалар «Сүйеў жолы» деп аталады.

Енди Сүйеўдиң ырас атына келсек. Бақсы Кәримбай Тыныбаевтың устазларынан еситиўи бойынша оның ырас аты Султанияз болған. Сүйеў болып аталыўы, қосықты бир неше саз әсбапларының сүйемеллеўинде, яғный, гиржек,

баламан ҳәм дәптиң қатнасыўында айтыўына қарап, «Сүйеў бақсы» аталып кетеди.

Сүйеў жолын жетик меңгерген бақсы Жапақ Шамуратов. Ол бақсышылық пенен бирге композиторлық таланты да болғанлықтан, намаларды қайта жетилдирген, оған нәзик ырғақлар қосып, байытқан.

## ЕЩАННЫҢ ӨКПЕ-ГИЙНЕСИ

Дәрьяның оң жағалаўында Муўса жолына қосық айтыўда Ещан бақсыдан өтетуғын бақсы болмаған. Оның көзи әззилеў болғанлықтан халық арасында «Ещанкөр» деген лақапқа да ийе болған.

«Қарақалпақкитап» акционерлик жәмийетиниң баслығы болып ислеген Айназар Қунназаров бул бақсы ҳаққында бир мағлыўмат айтып берген еди.

Өткен әсирдиң қырқыншы-елиўинши жыллары Қарақалпақстан Республикасының биринши басшысы болып ислеген Пиржан Сейтов ҳаслы хожелиши болып, өзи Нөкиске көшип келген менен ата-анасы Хожелиде жасайды екен.

Бир күни оның әкеси қасына төрт-бес ғаррыны ертип, баласының үйине қыдырып келипти.

Балам, мен мына ғаррыларға Ешан бақсыны айтқызып беремен деп ертип келдим. Соған, бақсыны үйиңе алдыр, бир заман қулағымыздың шаңын қақсын, — депти.

Пиржан Сейтов бақсыга адам жиберипти. Жиберген адам исти питире алмай қайтып келипти.

Ҳе, Ешан қайда?

Келмеди.

Неге?!

Атақ берген бақсылары айта берсин деди, депти шабарман айыплы адамдай төмен қарап.

Сол күнлери Жапақ бақсыға атақ берилип, Ешан умытылып қалған екен.

Пиржан аға оған кешикпей ҳүрметли атақ бергизиўге ўәде берип, екинши мәрте адам жиберип алдырған екен.

## ШАҚША

— Ағам қатты ашыўшақ еди, деп еслеген еди бир сапары Ешан бақсының баласы Жарылқаған Ешанов. Апам бийшара оны ешегине миңгизип жолға салып жибергенше тик аяққа турып хызмет қылар еди. Бул тәртипке балалары бизлер де көнлигип кеттик.

Ағамның бул минезин көпшилик заманласлары, дос яранлары да билетуғын еди. Бир сапары Кегейлидеги тойда енди қурға шыға бергенде шынжырлы мыс шақшасын (насыбай шақша) урлатып алыпты. Шақша ҳақыйқатында да жүдә сулыў еди. Ҳаслы мыс демесең алтындай жарқырайды. Оны ҳәр күни памазый таўар менен ысқылап, жылтыратқан үстине жылтыратады. Қақпағына байланған гүмистей жиңишке шынжыры белине қыстырғанда өзгеше сән берип турар еди.

Шақшадан айрылған соң бақсыдан йош кеткен.

— Ким алса да шақшамды қайтарып бериңлер, — деп өтиниш етеди жыйналған қурға.

Ҳеш ким үн қатпайды.

— Шақша табылмағанша қосық айтпайман! деп турып алады тағы.

Оның менен шақша қуўыспапты. Бақсы дуўтарын қабына салыпты да, ешекке қынаны басыпты. Ол сол кетистен түни менен Шымбайға — шақшаны соққан мыскердиң үйине келипти. Бақсының минезине қанық мыскер устаханасына кирип, тап сол тақылетте шақша соғыўға кирисипти. Түнниң әлленемиринде шақша таяр болыпты.

— Унады ма? — депти мыскер оған.

— Тап кеўлимдегидей болыпты.

— Онда мин ешегиңе!

— Қаяққа?

— Тойға! Мен де сениң менен бирге бараман. Жыйналған сонша журттың пысин қурытыўға болмайды. «Ықлас-қалас» деген, обалына қаласаң!

Жулдызлар семип баслағанда тойханаға келсе, сол елдиң кәтқудалары ортаға отты жақтырып:

— Сабыр етиңлер, Ещан усынша журттың ықласын жығып кетпейди, келеди, — деп қурды тарқатпай отырған екен.

Сол күни ағам сәскеге дейин қосық айтып, журтқа тамаша берипти.

## БӘСЕКИ

«Ойын-ҳарам» деген гәп бар халықта. Бирақ, бул ўақыя ойын емес, қызығыўшылықтан келип шыққан бәсеки болса керек.

Қосықшы Калбийке Мәтякубова мына ўақыяны айтып берген еди:

— Кегейлиде, «бесинши аўыл» бетте Ещан аға менен бир тойда хызмет еттик. Үлкен сейисханаға қур дүзетилген. Ортада от жанып тур. Бақсының қасында баласы Қурбанбай

гиржек шертип отыр. Қурбанбай сонда он үш-он төрт жаслар шамасындағы бала еди. Мен бақсыға шәкирт түскенмен. Ара-арасында:

— Қызым, бир-еки нама қайтар, — деп маған да нәўбет береди.

Бақсы әйне қызған ўақтында қурда адамлар сийрексий баслады. Ешан ағаның көзи әззилеў болғанлықтан сезбеди.

— Аға, қурдан адамлар серпилип баслады ғо, — дедим мен бир ўақта шыдамай.

Қурдан адам кетиў — бақсы ушын ең әўметсизлик. Ешан аға бирден тоқтады да қалды. Тыңласақ, узақтан тал-тал еситилген бақсының ҳаўазы келди. Үшеўмиз бирден ҳаўаз шығып атырған тәрепке жуўырыстық.

Барсақ, тойхананың бир тәрепинде жүўери атыздың ишине екинши қур жыйналған. Ортада Қурбанияз бақсы қосық айтып тур.

Қурбанияз Ешан бақсының шәкирти еди. Сол жыллары адамлар арасында «Ешан айтқыш па, Қурбанияз айтқыш па?» деген шешими қыйын саўаллар жүретуғын еди. Екеўин бир ўақыттың ишинде өз қулақлары менен еситип көриў ушын аўыл адамлары бир-бирине айтпай, еки бақсыны да тойға шақыртқан екен.

Қурбанияз бақсы устазын қур шетинде дуўтарын қысымлап турғанын көрди де, қалша

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'

қатып қалды. Себеби, шәкирт ушын устаздың үстине руқсатсыз келип қосық айтыўы қатты айып болады.

Сонда Ещан аға қур шетинде турып Қурбаниязға қолының арты менен пәтия берди. Сөйтти де ешегине минип, қынаны басты. Бизлер Қурбанбай екеўмиз қамшының зарпына шыдамай жортып баратырған ешектиң изине ере алмай шала өкпемиз шықты. Адамлар еки тәрепте жапырылып Ещан ағаға жалынып киятыр.

Ещан аға, бир ашыўыңды бер!

Ещан аға, билмеслик бизден өтти, бир ашыўыңды бер!

Оған қулақ асып атырған Ещан жоқ.

Қара көрим жерге барғанда аспан жәп-жарық болып кетти. Жалт қарасақ, бизлер қосық айтқан сейисханаға от кеткен екен.

Бурында да халық аўзында айтылып жүрген бул гәпти мен 1989-жылы Қәлбийке апаның өз аўзынан еситтим. «Өмирдиң үш паслы» фильмине сценарий жазарда бул ўақыяны пайдаландым. Бирақ, онда Ещанға терис пәтия бергизбедим. Сол күнлери өзимниң де кеўлимде гүдик пайда болды. «Ҳақыйқатында да Қурбанияз бақсы Ещаннан алық болды ма екен?» Бул саўалды бир неше адамларга берип көрдим.

— Сен қусап, менде де сол гүман бар еди, деди жазыўшы Узақбай Пиржанов. — Бир күни Ещан бақсыны да, Қурбанияз бақсыны да тыңлап көрген бир ғарры менен ушырастым
— Ещан болмақ қайда-а! — деди сонда ол маған.

Усы гәп қамшы болып, Ещан ҳаққында киноны ислеўге кирисип кеттим. Сценарий жазылып болынғаннан кейин бақсының баласы Жарылқаған Ещанов ҳәм Турғанбай Қәлендеров пенен бирге бақсының қәбирин зыяратладық. Бақсы атамыз Халқабадтың арқа күншығысындағы Шыбылай Шайых қойымшылығына жерленген екен. Қәбир Шайыққа арнап салынған мақбараның артында шама менен жүз метрдей аралықта еди. Оған қәбирлердиң арасындағы ийрек-ийрек соқпақ пенен зорға жақынлап бардық. Қәбирге темир қорғанша орнатылған. Лекин, оған бояў тиймегенине көп жыллар болғаны көринип турыпты. Бәринен де бетер, оған кимниң қәбири екенлиги де жазылып қойылмапты.

Ҳәзир мәдeният хызметкерлери ҳәм жәмийетшилик Ақымбет бақсының қойымшылығын тапты. Лекин, бақсының қәбири қайсы екенин билмей атыр. Ўақыт өтиўи менен Ещан бақсының да қәбири белгисиз болып

қалатуғыны тақыйың. Себеби, сол күнлердиң өзинде Жарылқаған аға науқас еди. Енди болса ол арамызда жоқ.

Ещан бақсының шәкиртлериниң шәкиртлери бола ма, ямаса ауылласлары ма, бул теберик инсанның қәбир тасына атын жазып белгилеп қойса сауаплы ис болар еди.

## «АЙҒЫРЫҢДЫ КИСНЕТПЕ»

Бизиң халықта «айғырыңды киснетпе, байталым иш таслайды» деген әжиуалы нақыл бар. Яғный, бул биреу екинши биреуге орынсыз талап қойған жағдайда айтылатуғын гәп. Сол сыяқлы Ещан бақсының да ешеги орынсыз жерде аңқырып жиберип, ийесине гәп келтирген екен.

— Ещан ағаның бир ешеги бар еди, — деп еслейди актёр ҳәм режиссёр Тилепбай Қошқаров. — Бақсы үйинен минип шықса туптуўры радиоузельдиң алдындағы дилграмға маңлайын тиреп тоқтайды. Қосығын айтып шығып қайтип минсе, туўры үйине алып барады. Бақсының көзиниң әззигилине бола, жәниуар үйретип қойғандай еди.

Халық арасында мынадай гәп бар: Ещан бақсы түски еситтириуге келип, ешегин дил-

грамға байлайды да, өзи ишки кирип кетеди. Фатима Бекполатова студияда қосық айтып турған екен. Студияның есигин кимдур ашық қалдырып кеткен болыўы керек, усы ўақытлары Ешан бақсының ешеги аңқырып жибереди. Ол байлаўлы турған дилғрам қапыға жүдә жақын екен. Нәтийжеде, Фатиманың ҳаўазына қосылып, ешектиң аңқырысы да эфирге кетеди. Ол заманлары көшелерде дилграмға қыстырылған қалпақлы радиолар бар. Ҳәмме жерде радиода қосық пенен бирге ешек аңқырады. Обкомның биринши секретарының кабинетиндеги радиода да сол аўҳал. Радиокомитеттиң баслығы сол ўақытта шайыр Хожабек Сейтов екен. Хожабек аға усы мәселеде жоқарыдан көп гәп еситеди.

Ол ертеңине ҳәммени жыйнап, жағдайды үйренип, буған себепши болған Ешан Қосполатовқа «выговор» береди.

«Выговор» деген неўе? — деп сорайды бақсы қапталында отырғанлардан.

— Аға, ол әке-шешеңди қақыратып сөккен менен бирдей, — дейди сораған адамы. Шамасы, ол ҳәзилкеш адам болса керек. Ешан бақсы шыртылдақ адам, шыдамай:

Ҳәй, Хожабек, аңқырған мен емес, выговорыңды ешекке бер! — дейди дирилдеп.

Алым Әбдисайыт Пахратдинов бул ўақыяны «бундай болыўы мүмкин емес, бул анекдот» деп баҳалайды. Лекин, көпшилик адамлар ўақтында усы ўақыяның ырас болғанлығын айтады. Сонлықтан да, мен бул эпизодты бақсы ҳаққындағы киноға киритти́м ҳәм усы шығармада қайта пайдаланып отырман.

## ИБРАЙЫМ БОЛЫС ҲӘМ БАЛА ЕЩАН

Ещанның көзиниң әззилиги бала ўақтынан басланған. Сонлықтан оны анасы Кеғейли арнаның көпириниң аўзында отырған атақлы Қарийшанның (қарый-ийшан. Ырас атын анықлай алмадым) қолына тапсырып, китап ашып көрип емлеп бериўин өтиниш етеди. Ол ийшанның үйинде иниси Есбосын менен бирге болады, күндиз ийшанның қойларын бағады.

Бир күни сүриўдиң изинде жүрип қосық айтқан ҳаўазын жолдан өтип баратырған Ибрайым болыс еситип қалып, аттың басын бурады.

— Кимниң баласысаң? — деп сорайды болыс баладан.

Шериўшидеги Қосполаттың!

Ещан бақсы қарақалпақтың шериўши руўынан екен. Усы жерде болыс оған және бир

қосық айттырып көрип, бәрекелласын айтып жолға түседи.

Кешикпей сол әтирапқа жақын жерде той болады. Ибрайым болыс адам жиберип, тойға баяғы бала бақсыны алдырады. Сол ўақытлары Ещан 15-16-жаслар әтирапындағы жас өспирим екен.

Ибрайым болыс қатты сазенде адам болған. Сол тойда өзи қурға шығып, Ещанды халыққа таныстырады ҳәм оған усы тойды саўыў ушын пәтия береди. Болыстың өзи қасында дуўтар шертеди.

Кешикпей оны ийшанның үйинен алдырып, Шерназар бақсыға шәкиртликке береди. Шерназар бақсының мәканы «Қәллижағыс» бойында болған. Ҳәзир оның ата мәканында баласы жасайды. Ещан бақсының туўылған аўылы Б.Кәримбердиев хожалығында. Бақсының өзи жасаған жай ата мәканында еле бузылмай турыпты.

## ОПЕРАЦИЯ

Шымбай қаласында Николай патша салдырған атақлы «тас больница» бар. Жай тас гербиштен салынғанлықтан, усылай аталып кеткен. Отызыншы жыллардың ақырында усы

емлеўханаға Ташкенттен Иванов деген көз докторы келип, емленип атырған көзи әззилердиң биразына дәри берип, биразын операция ислеп, көзлерин емлеген. Бул докторға көриниўге Ещан бақсы да миясар болған екен. Доктор оның көзине операция ислейди, көриўи бираз жақсыланады.

— Бир ҳәптеге дейин самалға шықпаң, соң көзиңиз биротала жақсы болып кетеди, — дейди доктор оған. Бирақ, Ибрайым ағаның:

Ўа, денсаўлық, денсаўлық,
Сен бир жүрген қолжаўлық,
Базарың түсип кеткенде,
Баҳаң пияз бир баўлық.

дегениндей, Ещан бақсы да «ашылар көз ашылды, енди не қылар дейсең» деген пикирге барып, кеште урланып, клубқа — Тамараханымның концертине барады. Концертке бир мәскүнем де кирип қалған екен:

Тамараханым, «Шымбай»ды айт!
— Тамараханым, «Ешбай»ды айт!

деп ҳәр қосықтың атын бир айтып, журтқа қосық тыңлатпайды. Бундайда Ещан бақсы шыдап тура ала ма?!

— Тыныш отырасаң ба, жоқ па?! Биз қосық еситейик деп келдик бул жерге! — дейди мәскүнемниң ийнинен басып.

Усы ўақытлары мәскүнем бақсының маңлай алдына бир муш түсиреди. Операция болған көз сол жерде қанап кетеди.

Ташкентли профессор да енди бул көзге ҳеш илаж ете алмайды. Нәтийжеде, бақсының көриўи бурынғы «таз кебине» түсип, аяқ жолын ғана көретуғын жағдайда қалады.

## «ӨМИРБЕК ЛАҚҚЫ»

1983-жылы «Совет Қарақалпақстаны» (ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан») ғазетасында ислеп жүрген пайытларым. Бир күни редакторымыз Ибрайым аға Юсупов мени кабинетине шақырды.

— Мына комедияны бир оқып көр, — деди ол қолыма өзиниң «Өмирбек лаққы» деген пьесасының машинкада басылған нусқасын усынып. — Соң пикириңди айтарсаң.

Мен пьесаны қолыма аларымды-алмасымды билмей екиленип қалдым. Ол мениң тартынып турғанымды дәрҳал түсинди.

— Оқып көре бер, пикир туўылса ойлап көрип өзим жазаман. Мен саған сатирик болғаның ушын оқыўға берип атырман, — деди ол.

Пьесаны жүрек етиңкиремей қолыма алдым. Кеште үйге барып бир заманда оқып тасладым. Соннан уўайым басты. Ибрайым ағаға қандай пикир айтаман? «Ҳеш кемиси жоқ» десем мени «қорқақ екен, баслығы болған соң тартынып атыр» деп ойласа, «мына жери мынадайлаў екен» деп айтайын десем, ҳеш «мынадайлаў» жери жоқ. Ҳақыйқатында да, пьесаның ўақыялар дүзилисинде де, диалогларында да, керек десең машинкада жазылыў техникасында да бир де бир мүлтик жоқ еди. Пьеса қағаздың өзинде «ойналып» тур еди. Ертеңине қолжазбаны алып кирдим. Ол меннен қандайдур сын пикир күткендей сораўлы нәзер менен қарады.

— Ибрайым аға, мени кеширерсиз, пьесаңыздан ҳеш кемис таба алмадым, — дедим.

Буннан күшейтиңкиреў илажы жоқ па? — деди ол кеўилсизлеў болып. — Себеби, бул пьеса бурын қойылып, сахнадан тез түсип қалып еди. Соның ушын театрға аз ғана өзгерис пенен қайтадан усынбақшы едим.

Азырақ ойланып қалдым.

Және биреўлерге оқытып көрмесеңиз, буған сөз қосыўды да, я алып таслаўды да артық деп билдим. Пүтин нәрсени бузып алғандай көринди маған, — дедим.

— Оқытып едим, — деди ол. Сеннен алдын Кеңесбай Рахмановқа, Клим Назбергеновларға оқыттым. Кеңесбай «Өмирбектиң изинде халық жоқ» деп жазыпты. Халық батырдың изине ереди, лаққының изинде халық бола ма?! Клим өзи келип «Иван Василиевич кәсибин өзгертеди» деген комедияға уқсатыў керек деди. Иван қайда — Өмирбек қайда? Екеўиниң пикири де маған унамады.

Соң ол пьесаның қойылыў тарийхы ҳаққында аз ғана айтып берди.

Бул пьесаның әдептен ығбалы жанбады. Неғедур мен «мәдениятшылар» менен шығыса алмадым. Өмирбек лаққыны я Жақсымбай Бекмуратов, я Шамурат Өтемуратов ойнаў керек еди. Ҳәкисине алып, сол жыллары бул екеўи де гастрольдан босамады. Ақыры, орнына басқа адамлар ойнады. Комик образды комик актёр ойнаў керек еди-дә!

Бизиң әңгимемиз соның менен жуўмақланды. Пьеса автордың өзинде қалды. Оннан берли арадан отыз жылдан асламырақ ўақыт өтти. Пьесаның қолжазбасы кимлердиңдур қолында турған шығар. Оны театрға қайтарса, спектакль болып шықса, бир саўаплы ис болар еди. Пьесаның авторы да, оның бас қаҳарманы тарийхый инсан Өмирбек лаққы да бизиң миллий мақтанышымыз ғой, ақыры!

## ИБРАЙЫМ ҲӘМ РАСУЛ

Ибрайым аға дүньяға белгили жазыўшы шайырлар — Расул Гамзатов, Қайсын Кулиев, Давид Кугультинов, Шыңғыс Айтматов, Мустай Каримлер менен жүдә қәдирдан дос еди. Редакцияда ислеген ўақтымда олар ҳаққында талай айтып берген ўақыяларын тыңлағанман.

— Бир сапары Расулдың үйине қыдырып бардым, — деди ол сол жыллары. — Расулдиң мазасы болыңқырамай отыр екен. Мүмкин «кешеги бас аўырыўы ма»...

Ҳаялы Фатимат екеўмизге кишкене дастурқан жасап, бир шийше коньяк пенен еки фужыр қойып кетти. Әдетте, коньяклар бир қултымнан ишиледи. Лекин, Расулдың әдети басқаша. Ол «урттың ишинде қалып қоятуғын» етип ишиўди жаман көреди. Соның ушын еки фужырды берекетли етип қуйдым. Тилек айттым, мийман сыпатында. Қағыстырып, енди ишейин деп атыр едик:

— Папа, тебе нельзя! — деп қызы кирип келди де, Расулдың қолындағы фужырды алып кетти. Қапыдан сығалап қарап турған екен.

Қыз есикке қарап кетип баратырғанда Расулға дәрҳал өзимниң қадағымды бердим. Ол қағып салды.

Қулласы, сондай сақлық пенен екеўмиз бир коньякти таўыстық. Расулдың бетине қан жууўырып, өзине келип қалды.

— Ну, Ибрайы-ым! — деди дастурқан жыйнаўға келген Фатимат. — Все таки вы испортили его.

## «ЖОЛЛЫДАН СӘЛЕМ»

Ибрайым ағаның «Жоллыдан сәлем» деген жүдә бир әжайып қосығы бар. Неше мәрте еситип я неше мәрте оқый бер, көзиңе жас алмай тура алмайсаң. Телевидениеде «Мәўрит» көрсетиўин таярлап жүргенимде усы қосықты өз аўзы менен оқып бериўин өтиниш етип үйине бардым.

— Айжамал қайда барса да Жоллы изинен қалмайтуғын еди, — деп еске алды ол. — Бир күни Айжамал кетип қалды. Тойы болатуғын болды. «Жаслар тойында қызыңызға бахыт тилеп пәтия бериң хәм тилек айтып бериң», деп жаслар мирәт салып келди. Мен оларға «балаларым, қыздың келин болып түскен тойына бурыннан-соңғы әкеси бармаған» десем, «аға, хәзир заман басқа» деп жалынып қоймады. Бардым. Мен келгеннен кейин жаслар меннен қосық күтеди-ғо. Сонда усы «Жоллыдан сәлем» деген қосықты жазып барып едим.

Қосықты оқыдым. Ҳәмме қол шаппатлап атыр. Қызым егил-тегил жылайды, — деп мыйықтан күлип қойды ол.

Ҳақыйқатында да!

Адамлардай, ийт те ийтке тең болмас,
Жақсы ийтлер жаман достан кем болмас,
Ҳәр ийт өзи болар, бирақ мен болмас,
Енди саған мендей ийт жоқ, Айжамал!

дегенин еситкенде кимниң көзине жас үйирилмейди.

Жоллы Айжамалды бир күн күткен, бир ҳәпте күткен, бир ай күткен, кейнинде өзи күшик ўақтында жасаған үйине кетип қалған екен.

Ибрайым аға қайтыс болғаннан кейин ол ҳаққында «Сөз зергери еди» деген еслеў китабын таярладым. Сонда кейинги зайыбы (биринши зайыбы Бийбизада 1980-жылы қайтыс болган еди) Гүлсара жеңгей Ибрайым аға себепли Жоллыны да еске алды.

— Бир күни түс ўақты еди, — деди ол. — Сырттағы сыпаға дастурқан жайып, үлкен подносқа жүўери гүртикти салып, дастурқанға енди қойғаным, сырттан Жоллы кирип келди. Мен бул үйге келгели бул «әпсанаўий» ийтти екинши мәрте көриўим еди. Келип, сыпаның қасында тоқтады.

Гүлсара, мына аўқатты Жоллының алдына қой, — деди Халил.

Гүлсара жеңгей Ибрайым ағаның атын айтпай, пайғамбарға сыйқаслап Халил деп атайды екен.

Ҳаў, еле өзимиз аўыз тийгенимиз жоқ ғой, — дедим мен.

Апара бер.

Усы табақ пенен бе? Табақ ҳарам болады-ғо.

Суў менен не таза болмайды, кейин жуўып аласаң.

Мен ықлас пенен соққан жүўери гүртигимди көзим қыймай-қыймай турып, нәйлаж Жоллының алдына қойдым. Жоллы табақтағы гүртикти жалап-жуқлап жеди. Соң сыпаны бир айланып, әсте шығып кетти.

Жоллы шайырдың үйинен кетип, сол көшениң бойында бир үйде жасайды екен. Ертеңине сол үйдиң адамы келди.

Жоллы өлди, — деди ол.

Бул хабар шайырға сондай аўыр тәсир етти. Бир заман үнсиз қалды.

Кеше тамағын тойдырып жибергенимиз жақсы болған екен, — деди ол қапалығын билдиргиси келмей. — Ол кеше биз бенен хошласыўға келип еди.

## МЕНТАЛИТЕТ

Қырғызыстанда туўылған, бирақ өзбекше қосық жазатуғын балалар шайыры Турсынбай Адашбаев бир ўақыяны айтып берген еди.

— Ертеректе адамлар демократияны анархияға айландырып жүрген бир гезлери Ошта азымаз түсинбеўшиликлер болып, сол жердеги жергиликли халық пенен ушырасыўға қырғыз халқының атынан Шыңғыс Айтматов, өзбек халқының атынан Адил Якубов, Ошта туўылғаным ушын мен, бирге бардық.

Ушырасыў болатуғын жерге жақынлағанда бир топар жигитлерди көрип иркилдик. Қарасақ, жигитлер мийўеси сырғып турған бир түп алшаны түбинен шаўып, айланба дөгерек болып жеп турған екен.

Шыңғыс аға буны көрип дым қапа болды.

— Буларға не гәп уқтырамыз, — деди терис айланып. Ақыры, бул алша неше жылда келе болады, ендиги жылы да бул мийўе керек емес пе?!

— Шыңғысжан, қапа болма, — деди сонда Адил аға. Бул — менталитет деген. Бизиң сөз ететуғын әңгимемизге алшаның ҳеш байланысы жоқ.

Ҳақыйқатында да, ушырасыў жүдә тәсирли өтти. Жыйналған халық еки ақсақалға қайта-қайта рахметлерин айтып қалды.

Адил Яқубов ҳаслы түркистанлы. Бир күни оны аўылласлары ушырасыўға шақырды. Ушырасыўға мени де ертип кетти. Баратырып жол бойы көкирек аўыздан кесилген бес-алты теректиң түбирин ғезлестирдик.

— Турсынбай иним, мына терeклерди көрдиң бе? — деди Адил аға күлип. — Буны төменге отырып, түптен қырқса да болар еди. Лекин, түргеп турып кескен аңсат-тә! Бул — бизиң аўылдың менталитети!

Турсынбай ағаның бул әңгимеси әлле қашан ядымнан көтерилген еди. Былтыр, аўылда ағайинлеримиздиң бири қуда шақыратуғын болып, тойдан бир күн алдын қудаларды күтип алыўға барғанбыз. Әне, сонда бул ўақыя қайтадан есиме түсти.

Түсте саат бир менен екиниң арасында «қуда келди, қуда келди» деген ғалаўыт пенен ҳәммемиз алдына шықтық. Изли-изинен бир автобус, үш нексия келип есиктиң алдына тоқтады. Автобустың ишине адамлар тикештей тығылып минген екен. Түсип атыр, түсип атыр, әй, бир ўақытлары түсип болды-аў.

— Аға, ересек адамларының өзи қырық үш болды, — деди аўылдағы инилеримиздиң бири мениң шығанағымнан түртип. — Майда балларды санағаным жоқ. Бәрибир оларға да сарпай қойылады-аў.

Зыяны жоқ, иним, — дедим сонда Турсынбай Адамбаевтың келбети көз алдыма келип. Бул — бизиң аўылдың менталитети.

## ТЕБЕРИК ҚОЛЖАЗБАЛАР

Асан Бегимов қарақалпақ әдебиятында роман жанрының биринши баслаўшысы болып табылады Оқыўшы гезлеримизде оның «Балықшының қызы» романын дәслеп сабақлықларда, соң китап ҳалында сүйип оқыған быз. Ол соның менен бирге қарақалпақ жазба әдебиятының қәлиплесиўинде ҳәм раўажланыўында белсене ат салысқан азамат еди. Асан Бегимов Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы болып ислеген, сол гездеги пүткил аўқамлық жазыўшылардың биринши съездине делегат болып қатнасқан.

Жазыўшының баласы Полат Бегимов Нөкис телеорайында опараторлардың басшысы болып ислейтуғын еди. 1984-жылы ол әкеси ҳаққында бир гәп қозғалғанда «үйде мениң

әкемниң он алты томлық қолжазба ҳәм ҳүжжетлер папкасы бар, лекин ағам оны «ҳеш кимге берме ҳәм көрсетпе» деп ўәсият етип кетти» деген еди. Асан аға Сталинлик дәўирдиң қысымынан қорқып, балаларыма зыяны тийип жүреме, деген ой менен солай ўәсият еткен шығар-аў, деп ойлайман өзимше. Бүгин сол қолжазбаларды яки ҳүжжетлерди жүзеге шығарғанда, бир әжайып болар еди.

Жолмурза Аймурзаев китап оқыўшылар менен ушырасыўларға барғанда ҳәрдайым:

Үйде мениң 25 томлық қолжазбаларым турыпты. Олардың ишинде жәрияланғанлары да, жәрияланбағанлары да бар, — деген гәпти көп айтатуғын еди.

Тоқсаныншы жыллары Аббаз Дабыловтың үй музейин шөлкемлестириў мәселеси сөз болғанда мен ол ақсақалдың үйине бир-еки мәртебе барғанман. Сонда оның үй архивинде өзи жазған арабша қолжазбалар, ҳүкиметимиз тәрепинен берилген ҳәр қыйлы сыйлықлардың ҳүжжетлерин көрдим. Ўақыттың өтиўи менен бул ҳүжжетлерден нусқа да табылмай қалыўы мүмкин. Соның ушын Асан Бегимовтың, Жолмурза Аймурзаевтың, Аббаз Дабыловтың қолжазбаларын үлке таныў музейине қойғанда көп адам танысып, кеўли толған болар еди.

Төлепберген аға Қайыпбергенов өмириниң ақырына дейин ҳәр күни күнделик жазыў менен шуғылланды. Оның өзи бир неше мәрте телевизордан шығып сөйлегенде:

— Мениң бул күнделиклерим өзим өлгеннен кейин жигирма бес жылдан соң жәрияланыўы керек, — деп айтар еди.

Өмириниң ақырғы күнлеринде «күнделигим 28 том болды» дегенин анық еслеймен.

Не ушын оны жигирма бес жылдан кейин жәриялаў керек, деди екен, онысын билмеймен. Бирақ, бир нәрсе мени ойландырады: — жигирма бес жылдан кейин ол қолжазбаларды ҳеш ким сорамай қалса, яки ҳеш кимге қызығы болмай қалса не болады?

## КЕШИРИМ

Умытпасам, 1990-жыллардың орталары болыўы керек. Мен «Май аўыл»да туратуғын едим. Артист ҳәм режиссер Узақбай Шамуратов пенен қоңсыман. Узақбай ол ўақытлары «Мухаллес» ансамблинде сазенде болып ислейди. Бир күни ол Генжебай аға Тилеўмуратовтың басшылығында ансамбль ағзаларын үйине мийманға шақырды. Қонақлар менен бирге отырыў ушын мен де мирәт етилдим.

Отырыс жүдә қызықлы болды. Гә саз, гә сәўбет дегендей. Генжебай аға көп намалардың дөрелиў тарийхын айтып берди. Шәкиртлери қосық айтқанда олардың қәте-кемшиликлерин дүзетип отырды.

— Сизлер қосық айтқанда тамашагөйлердиң «ҳәй, бәрекелла»сынан қатты тәсирленип кетип, наманы бузбаңлар. Наманың айтылыў жолын бузыў — ең жаман иллет. Бүгин «бәрекелла» айтқан халық, ертең сизлердиң жеңилтеклигиңизден кеўли қалып, жүз үгиреди.

Қосықшы Бахыт Мәдиреймова «Қутлы болсын тойларыңыз»ды айтып атырғанда ирикти.

— Қызым, жаңа айттым ғой, бул қосықтағы:

Қазаныңда май қайнасын,
Қуманыңда шай қайнасын,
Төриңде бөбек ойнасын,
Қутлы болсын тойларыңыз, —

деген қатар негизги қосықта жоқ. Бул, жаңағыдай, үй ийесиниң кеўлинен шығаман деп «қөдиреӊ» бақсылардың қосып жүрген қатарлары. Сизлер үлкен бир ансамбльдиң ағзасысыз. Соның ушын жолдан шықпаңлар.

Өзим сазенде я бақсы болмасам да, устаз бақсының мына ўәсиятларына жүдә кеўлим толды.

Мен айтажақ әңгиме бул ҳаққында емес еди. Отырыспаның жарыдан аўған ўақытлары режиссёр Мырзабай аға Өтемисов кирип келди. Узақбай аға оның менен жүдә қәдирдан аға-ини еди. Мырзабай аға бир жерден шаршап шыққан қусайды, отырыш болып ҳәммеге көзин сүзип қарады. Соң бирден Генжебай ағаға жини түсти. Оны кемситиўши, мұқатыўшы гәплер айта баслады. Бизлер әри-бери гәп аралаттық, яқ, болмады. Ол алған бетинен қайтпады. Генжебай аға да тәўир сабырлы екен. Ярым саатқа дейин еситсе де еситпегенге салды. Ең соңында шыдамы тамам болды:

Турыңлар, кеттик! деди де ат үсти аўмийин етти.

Ҳәмме турып кетти. Отырыспа бузылды. Мырзабай аганың «ең шыңға шығып» турған ўақты екен, шалқасына таслады да, уйқылап қалды. Азанда ерте турып бардым. Мырзабай аға жаңа турып, еле дастурқанға қол урмай отырған екен.

— Кеше кеште не болды? — деди ол бизлерге.

Ҳеш нәрсе болған жоқ, — дедик жасырып.

Яқ, бир нәрсе болды! Кеўлим әлей-түлей болып тур. Айтың, мен бир нәрсени бүлдиргендеймен.

Айтсақ қапа болмайсыз ба?

Яқ

Генжебай ағаның зейнине тийип алдыңыз.

Айттым-ғо! деди әбден қапа болып. Кеше бир рәйим сүймейтуғын кимселер менен отырып қалып едим... Соннан ес-ақылымды жойтып келгенмен-ғо.

Соны айтты да, ол бирден орнынан турды.

Ҳаў, қаяққа Мырзабай аға, шай ишип алың.

Яқ. Генжебай ағадан кеширим сорамағанша дуз батпайды!

Арадан үш-төрт күн өткеннен кейин Мырзабай ағаны радио бетте ушыраттым.

Генжебай ағаға бардыңыз ба? дедим.

Бардым, иним. Генжебай аға диванда жатқан екен, есиктен кирип барыўым сол: ҳә атаңның баласы, келдиң бе?! Келетуғыныңды билип ҳаялға «қазанға еки кило гөш салып кет» деп едим. Бар, асхана беттен хабар ал, бул ўаққа писип қалған шығар» деди.

Маған «кешир деме, келгениңниң өзи кеширим сорағаның» деди. Екеўмиз апақ-шапақ болып тарқастық.

Мырзабай аға жүдә кеўилли еди. Мен кимлердиңдур мәлеллесип қалғанын көрсем, усы ақсақаллардай болып жарасып кетиўин қәлеп тураман.

## ӨЗИ КӨРЕ АЛМАҒАН КОНЦЕРТ

1985—86-жыллары бурынғы аўқам көлеминде «қайта қурыў» деген ғалаўыт шығып, ҳәммени әбигер қылды. «Тоғайға от тийсе жасы-қуўрағы барабар жанады» дегендей, жазықлылар да, жазықсызлар да теңнен жәбирленип атырған заман еди ол гезлери.

Телевидениеде болса ҳәр күни бир министр шығып сөйлеўи тапсырылды. Министрлер тамам болса комитет баслықлары, партия шөлкемлериниң хызметкерлери, қулласы, көрсетиўлерди жазып алыўда бир минут саңлақ жоқ еди. Усындай пайытларда бақсы Аңсатбай аға Хайратдинов келди.

— Баллар, мениң бир концертимди жазып алың, — деп өтиниш етти ол.

Ол гезлери Аңсатбай аға радиокомитеттиң қасындағы ансамбльде ислейди. Ҳәр күнги кеш-

теги концертте тиккелей эфирге қосық айтады. Соның ушын оның концерти телевидение ушын онша таңсық емес еди. Оның үстине жоқарыдағы жағдай тағы.

— Аңсатбай аға, келеси ҳәпте келесиз бе, бул ҳәпте жазып алыў мәселеси қатаңырақ болып тур, дедим мен.

Ол адам жүдә сада ҳәм ақ көкирек еди.

Болады, балларым, жағдайыңызға қараң, рети болса жазып аларсыз, — деп қайтты.

Солай етип, ол үш ҳәпте қуры келип-қуры қайтты. Төртинши ҳәпте мениң ҳүжданым шыдамады. Әдебий-музыкалы көрсетиўлер ушын мен жуўапкер едим.

Сол күни әдиллик министрин жазып алыўымыз керек еди. Негедур ол он-он бес минут кешикти.

Аңсатбай аға, кириң студияға! — дедим усы пайыттан пайдаланып.

Концерт басланған ўақытлары әдиллик министри келди. Лекин, ол өкпелеп кетип қалмады. Аңсатбай ағаның концертиниң тамам болыўын күтип отырды.

Жақын арада эфирге жиберемиз, деп ўәде етип қалдым кетеринде Аңсатбай ағаға.

Лекин, бир айға дейин рети болмады. Бир күни «Аңсатбай аға қайтыс болыпты» деген

хабар келди. Ол өзи түскен концертти өзи көре алмай кетти.

Бул концерттиң ҳәзирге дейин толық ҳалында эфирге берилгенин көрмедим.

Сол жыллары телевидениениң жазып алыў мүмкиншилиги азлығы себепли Әмет Тарийховта да усындай жағдай болды.

«Қырмандәли»ни түсип кете ғояйын деп келип едим. Усының менен үш рет келдим. Енди сизлерге Әмет жоқ! Әмет тамам! — деп бәндиргиде күйип-писип турғанын көрдим.

Лекин, оның үш мәрте келгенинен де мен хабарсыз едим.

Бул аўҳал жыраў Жақсылық Сырымбетовтың да басынан кешти. Тәкирарланбайтуғын талант ийелериниң алтын мийраслары сөйтип, өзлери менен кетти.

## ЕЩАН БАҚСЫНЫҢ ШӘКИРТИ

Анам бақсылардан Ещан Қосполатовтың, Өтен Төрешовтың, қосықшылардан Фатима Бекполатованың, Әнар Қурбанованың қосықларын жүдә жақсы көрип тыңлайтуғын еди. Радиодан набада Фатима айтағойса.

— Тыныш турың, Фатийма айтып атыр! деп өзи де шай ишип атырған кесасын төмен қойып, сылт етпей тыңлайтуғын еди.

Бәлким соннан шығар, мен де бул қосық-шыларды бала күнимнен сүйип тыңлағанман. Оларға қосымша Нәзийра Дилимбетова, Қәлбийке Мәтьякубова, Алтынай Сабировалардың да бәлент лапызлы қосықларын жүдә жақсы көретуғын едим.

1982-жылы Нөкиске келгеннен кейин бул қосықшылардың дәрегин сорастыра басладым. Билсем, Әнар Қурбанова, Фатийма Бекполатова, Алтынай Сабировалар әлле қашан әлемнен өткен екен. Солардың қабатына қосып есаплап жүрген Нәзийра Дилимбетова тири болып шықты. Мен оны бир неше мәртебе телевизордан шығардым.

Бир күни, умытпасам 1984-жылы болыўы керек, Нөкис телеорайында ислейтуғын бир хызметкер (аты-жөни есимнен шықты) қасыма келип:

Өтен Төрешов деген бақсыны билесең бе? деп сорады.

Билемен, дедим мен.

Соны бир телевизордан шығарсаң-о!

Ҳа-аў! Ол өлип қалған жоқ па?

Яқ. Мениң қоңсым. Лекин, наўқас.

Ҳақыйқатында да, мен оны әлле қашан «өлдиге» шығарып қойып едим. Оның тири екенлигин еситип, қуўанып кеттим. Силтеўин алып, ертеңине үйине бардым. Өтен аға буннан бир жылдай алдын инсульт болған екен. Лекин, аяқ қолы ислейди, тек тили сәл аўырласайын депти. Мен оннан бир-еки қосықты шамасы келгенше айтып бериўин өтиниш еттим. Ол гәптен гәп шығарып, устазы ҳаққында сөз етти.

— Ещан ағаның ең жақсы айтатуғын қосығы «гәлгәлай» намасы еди, — деди, — Әттең, эфирден берилмей қалды. Оның ишинде «Сталин өсирген бахыт бағында» деген қатар бар еди. Сол ушын, брак болды ол қосық. Радионың жигитлери меннен қайта-қайта өтиниш етти, сол сөзди «партия» деп айтып жибер, өзлеримиз монтажлаймыз, — деп. Лекин, мен жүрек ете адмадым.

Енди қосық айтып бериў мәселесине келсек, жаңа жылға дейин келгениңизде тилим саў еди, быйылдан баслап аўырласты. Сонда да шамам келгенинше айтып берейин.

Бақсының ўәдесин алып, келеси ҳәптеге жазып алыўға келетуғын болып, сыртқа шықтым. Өтен ағаның ҳаялы изимнен ере шықты.

— Қәйним, ағаңды қозғама! — деди ол кескин. — «Шаўып үйренген ат» дегендей «қосық айт» дегенге жүреги шәўкилдеп отыр. Лекин, оның қосық айтқандай шамасы жоқ.

Айтқанынша айтар, — дедим мен.

— Яқ, болмайды. Түсиртпеймен, — деди ол тағы да кесип айтып. — Өзин телевизорда көргеннен кейин қамсығып, биротала ада болады. Ағаңның өлиги мойныма түссин демесең, бул пикириңнен қайт!

Солай етип, Өтен аға өмириниң соңғы күнлеринде де телевизорға түсе алмады.

Әтте-ең!!

# ПАЛЎАНИЯЗ «АҒАШ ҚУЙРЫҚ»ТЫҢ УШЫРМАЙ ГӘПЛЕРИ

## «ЎАЙ-ЎАЙЫ» ҚАЛЫП ТУР

Палўанияз республикалық емлеўханада аўырып жатырғанда, изинен бир топар жигитлер кеўил сорап барыпты.

Қалайсыз, Палўанияз аға, тәўирмисиз?

Шүкирмен инилерим, шүкирмен, депти «Ағаш қуйрық», енди тек қарақалпақтың «ўай-ўай»ы кемис болып тур.

## ЕНДИ СҮЙЕГИ ҚАЛДЫ

Палўанияз емлеўханада жатырғанда заманласлары Әбиў, Айман, Бектурсынлар кеўил сорап барады.

— Палеке, сени буйтип жатып қалды деп ойлаған жоқ едик, — депти Айман отырып.

Қармаққа шаншар етиң калмапты-ғо.

Ҳәй, Айман, мениң қудайдан ет қарызым жоқ. Он еки мүшесин туўел апарып берсем

болар. Қудай етин алып болды, енди сүйегин алыў қалды, — депти Палўанияз сонда.

## «МӘРТЕБЕМЕ ЕКЕН АТПА ЕКЕН?»

Палўанияз аўырып атырып түс көрипти. Түсинде үлкен бир қуўраған терекке өрмелеп атырған екен. Изинен келген Хожахмет деген жасы үлкенге түсин айтып берипти.

Несийбең бурын да жаман емес еди, — депти Хожахмет, ел үстинде жүрдиң. Аўырыўыңнан жазылып кетип, еле де мәртебели, несийбели боларсаң.

Я бала, жазылып кетерме екенмен, ямаса өрмелеп атырғаным ағаш ат болып, мени әўлийеге әкетерме екен?! депти Палўанияз.

## «ҚУДА, АТ МИНГИЗДИМ»

Палўанияз қудалыққа барғанда қудасы:

Қуда, ат мингиздим, депти.

«Ағаш қуйрық» үндемепти.

Қуда, ат мингиздим, депти тағы.

Палўанияз еситпегендей отыра берипти.

Қуда, ат мингиздим, — депти қудасы үшинши мәртебе. Сонда «Ағаш қуйрық»

— Қуда, «ат мингиздим» деп неге қайта-қайта айта бересең, мениң қашшан саған байтал мингизип қойғаным, — депти.

Адамлар дуў күлисипти.

## ПАЛ ВАН ЯЗ

Палўанияз Москваға аўыл хожалығы жетисkенликлериниң көрғизбесине барады. Мийманханаға қытайлы делегация келип, алдын соларды орналастырып болыў ушын басқаларды иркип қойған екен.

Палўанияз иркилместен өтип кете берипти. Мийманхана хызметкерлери буны да қытайлы деп түсинип:

Сизиң фамилияңыз? — деп сорапты.

— Пал Ван Яз! — деп «Ағаш қуйрық» иркилмей өтип кете берипти.

## БИЗДЕН ДЕ АСЫҒЫС ҚУСАЙДЫ

Палўанияз пахта атызларын аралап жүрип, төртинши аўыл «Сапарбек аўыл» дың тусына барғанда, орпаң жердиң шаңы машынның алдына дейин уйтқып, көмип таслапты.

— Тоқтат, бала! — депти «Ағаш қуйрық» шофёрға. — Мына атаңа нәлеттиң самаллары бизлерден-әм асығыс қусайды, өтип кетсин!

## СЕННЕН-ӘМ КЕЎЛИМ ҚАЛДЫ

Райкомның бюросы басланардан алдын, жыйналғанлар бюроның басланыўын күтип турған екен. Палўанияз топар-топар болып турған жигитлерге келип, бир топарды күлдирип, екинши топарға өтеди, екинши топарды күлдирип, үшинши топарға...

Ҳапыз! — депти усындай топардың биреўине келип.

Ләббай, аға!

Сеннен-әм кеўлим қалды иним.

Ҳе, неге?

Ара-тура барып сәлем берип туратуғын единң. Қызларды узатып болғалы есикти ашпайтугын болдың ғой.

## ГҮЛЛИ ФОРМА СЕНДЕ ҒО

Палўанияз аўылласы Исмамут пенен бирге Нөкиске жыйналысқа барыпты. Қайтарсын «Қызларды көрип кетейин» деп Медучилищеге барса, «ағаш қуйрық»тың қызы сыртта жүр екен.

Ҳе, қызым, сабақ жоқ па? депти Палўанияз.

Бар-ғо, дене тәрбиясы сабағы. Муғаллим «формаң жоқ» деп шығарып жиберди.

— Қәне, арман қара, — депти Палўанияз қызына, енди берман қара. Муғаллимиң поққыны жепти, гүлли форма сенде тур-ғо, қызым.

## КЕЎЛИМДИ СОРАТЫП ҚАЙТАЖАҚ

Палўанияз бир күни баласына:

— Мотоциклиңди ходла, — депти.

— Қаяққа барамыз, аға?

— Дайынның үйине барамыз.

Жолда олар СПМК-3 деген мәкемениң экономисти Қуўанышбай деген жигитти миндирипти. Қуўанышбай үйиниң тусына келгенде:

— Палўанияз аға, үйге жүриң, шай ишемиз, — деп мирәт салыпты.

— Рахмет иним, асығыспан.

— Асығып не бар, алдың кеш.

Аўырғанымда Хожахмет кеселханаға кеўлимизди сорап барған жоқ еди, соған кеўлимди соратыўға баратырман. Күн батып қалар иним, кете берейин, — депти.

## ИЙСИ СИЗГЕ ДЕ БАРЫП ТУР МА?

«Тахтакөпир» совхозының, гөне кеңсесиниң жанында, Қуўаныш жарманың бойындағы гүжим теректиң астында обкомның көшпели

бюросы өткерилип атыр екен. Палўанияз бюроға кешиғип келипти.

— Абдуллаев, бул не тәртипсизлик? —депти обкомның биринши секретары Қаллибек Камалов.

— Жолдас секретарь, бюроға ўақтында жетейин деп асығып-ақ киятыр едим, көпирдиң үстинде қарсы алдымнан жолбарыс шығып, иркилип қалдым.

Ҳәмме дуў күлисти.

Гәпиң бар болсын, ишкен екенсең-ғой!

Жолбарыс екеўмиздиң ишкенимиз бир шийше арақ, Қәллибек Камалович, оннан Қалий ақсаққа да бердик. Ийси сизге де барып тур ма? депти.

Толайым журт дуў күлисти.

## ПАЛЎАНИЯЗ ҲӘМ АЙМАН

Қараөзек пенен Тахтакөпир бир район болып турған ўақытлары Калинин аўыл кеңесиниң баслығы Айман районнан барған тексериў бригадасының ағзаларына бирме-бир мирәт етип, Палўаниязға келгенде үндемепти.

«Бул қалай болды?» деп қысыныпты бирлиярым жигитлер.

— Палўаниязды аямай-ақ қойың, оның бүйерде үйи көп, — деп Айман жиғитлерди ертип кетипти.

— Палўанияз машинасына минип, Калининниң шығыс жағасына қарай кетеди.

Айманның үйинде қой сойылып, жайға жапсырып соғылған қоста үлкен қазан да қайнап турады. Жигитлер дастурқанға отырып, шай ишип, арaққа тийисип кетеди. Жүўери балық көз болып турған пайыт екен. «Ағаш қуйрық» усы жүўериниң арасына кирип, алыстан бақлап турады да, Айманның ҳаялы ишке кеткен ўақытлары қазандағы гөштиң бәрин сүзип алып, кастрюль менен жүўери атыздың ишине алып кетеди.

— Ҳаял гөштиң жуқа жерлеринен шығарып әкел, пискен шығар, дейди Айман шай алып келген ҳаялына.

Ҳаялы шығып қазанды сүзип қараса қуры сорпа, ғөш жоқ. Ол дәрриў күйеўин ымлап шақырады ҳәм қазанды көрсетеди.

— Ўаҳ, бул «Ағаш қуйрық»тың иси, дейди Айман сонда мирәт етпегенине пушайман болып. — Дәрриў Толыбайды шақыр.

Иним, атты мин де тез шап. Пададан бир қой әкел, — деп Айман Толыбайды атландырып жиберипти.

Толыбай пададан бир қой әкелип жаңа шалып болған ўақытлары:

Ассалаўма алейкум, жигитлер, — деп «Ағаш қуйрық» кирип келеди. Бул не, аўыл кеңестиң үйинде дым көрениш отырсыз-ғо. Аўқатсыз арақ ишип алкаш па едиңиз? Шофёр иним, сәскелик шай алқасқа алып шыққан тағамды әкел, — дейди.

Шофёры бир кастрюль пискен гөшти дастурқанға әкелип қояды. Сөйтип «ағаш қуйрық» аўыл кеңестиң баслығына бир түсликке еки қой сойдырып, өшин алған екен.

## «СИЗИКИ ДУРЫС»

Палўанияз бир күни Тахтакөпир районлық атқарыў комитетиниң баслығы Исмамыт Усаковқа келип өтиниш етипти.

Бизди, я директорды бир жаққа тайдырмасаңыз келисе алатуғын түримиз жоқ.

Қызық екенсең, Палўанияз, сен туўдыпитти усы жердиң адамысаң, ол басқа Төрткүлден келип отыр. Сеники дурыс деп, өз билдигиңди ислей бермейсең бе?

Арадан бир жыл өтпей-ақ Исмамыт Усаков атқарыў комитетинен босап, баяғы төрткүллиниң орнына директор болып барыпты. Бир күни ол агроном Палўаниязды алдына шақы-

рып, егислик жерлердиң аўҳалы ҳаққында ойласық қылады.

— Дарханбай жер, Рейимқул жер тапка келген қусайды, ертең бир күн сүргизип таслasaқ болмай ма?

— Дурыс, аға.

— Қалабай шүңгилдеги Алламберген жерге шигит таслай берсек дурыс болар ма екен?

— Дурыс, аға.

— Айжамал жердиң кесеклери ирилеў екен, дискилетейик пе?

— Дурыс, аға.

Ҳәй, Палўанияз, — депти директор, — биз муғаллим адамбыз, сен агрономсаң. Жердиң тилин биледи деп ойлассам, «дурыс аға»дан бери келмедиңғо.

Өзиң айттыңғо, сеники дурыс де, өз билдигиңди ислей бер деп. Сизге «сизики дурыс» деп өз билдигимди ислеп жүрмен. Баслыққа ақыл айтып нанымнан айрылып қалайын ба? — депти Палўанияз.

## «ШЫЙҚАН БА ЕКЕН ДЕП ЕДИМ»

Палўанияз «Ағаш қуйрық»тың «Тахта-

жүрип, Қудайберген деген бригадтың аўырып үйинде жатырғанын еситеди. Ол кеўил сорап қайтпақшы болып, жол-женекей фельдшерди де ала кетеди.

Қудайбергеннниң қайери аўырып атыр екен? деп сорайды жолда фельдшерден.

Фельдшер:

Өзиниң қошқарын услайман деп сүрнигип жығылған. Соннан қошқардың шақы кирип кетип, бир көзи ағып түсипти. Қолымнан келген жәрдемди иследим, енди...

Кеўил сорап келген «Ағаш қуйрық»:

Қудайберген жора, ҳеш гәп, бир басқа бир көз болады. Мен бир, сүйек жарып шыйқан-пыйқан шықты ма екен деп қорқып едим, депти.

## ИСМАМЫТ ШЕШИП АЛДЫ

Исмамут Усақов курортқа кетип, орнына бас агроном Палўанияз Абдуллаев ўақытша директор болып қалыпты.

Палеке достым, сениң директор ўақтында складтағы тонлардан бир-бир тон кийейик-тә, депти бөлим баслықлары ўақытша директорға келип.

Баслықлар арза жазып, Палўанияз арзаларына қол қойып, бир-бирден тонлы болыпты.

Исмамут дем алыстан келип, складқа барса тонлар жоқ.

Қаяққа кетти?

Палўанияз аға бөлим баслықларына бергизди, депти складшы.

Исмамут ашыўланып, «Ағаш қуйрық»ты алдына шақырып:

Мен өлиўге кеткеним жоқ, неге меннен бир аўыз сорамадыңыз? Барып, тонларды жыйнап келиң, — деп жиберипти.

Палўанияз тон алған бөлим баслықлардың бәрин директордың алдына алып келипти.

Сен директор болып тон кийип едик, Исмамут директор болып шешип алды ғой, депти баслықлар кетип баратырып.

Әй, жигитлер, несин айтасыз, ешкиниң қуйрығы мудамы түрилип жүреди, сонда да оныки билинбейди, қой бийшара салмадан атлаған ўақта бир ашылып кеткен, оның-әм дәрриў көринип қалғаны ғой, — депти «Ағаш қуйрық» сонда.

Исмамут гәп табалмай, тонларды бөлим баслықларға қайтарып берип жиберген екен.

## «ОЛ ДА ДУРЫС»

Исмамут Усақов директор ўақтында не сөйлесе «Ағаш қуйрық»:

Дурыс аға, дурыс, — дей береди екен.

Палўанияз, сен дурыс гәп болса дурыс де, қәтени қәте де, — депти шыдамай.

Ол да дурыс аға, депти сонда «Ағаш қуйрық»

## «ҚАЙСЫ ЕСИК БОЛҒАНДА НЕ?»

Тахтакөпир районлық партия комитетиниң биринши секретары Қәлендер Тайыров қараўыл Алланазар деген кисини шақырып алып:

Тез барып Палўанияз Абдуллаевты шақырып кел, деп жибереди.

Палўанияз Алланазар менен бирге кийинип шығады да, сыртқа шыққан жерде:

Ҳеҳ-ий, айтқыш дәптерим қалып қойыпты ғой, усы жерде туратур, алып шығайын, деп ишке кирип кетедиде, шарбақтан екинши есиктен шығып кетеди.

Алланазар тура-тура, ақыры ишке кирип, болған ўақыяны билип изине қайтады.

Алланазар шақырып барды ма? — дейди райком секретары алдына кирген Палўаниязға.

Яқ. Өзим-ақ ислеген жумысларға есап берейин деп киятырман.

Райком секретары Палўанияз кеткен соң қараўылды шақырып алып, көп кейип таслайды. Қараўыл қанша айтқан менен сөзине инандыра алмайды.

Бир күнлери Алланазар «Ағаш қуйрық» ты ушыратып қалып:

— Палеке, ол не қылғаның, маған райкомнан сонша гәп еситтирдиң ғо, — деп өкпелепти.

— Алеке, сениң талабың есик бағыў емес пе? — депти сонда «Ағаш қуйрық». — Бир күн райкомның есигин бақтың не, бизиң есикти бақтың не?

## КУРОРТҚА КИМ БАРАДЫ?

Палўанияз аўырып емлеўханадан жақсырақ болып шыққаннан кейин курортқа бармақшы болып талапланыпты.

— Палеке, курортқа барайын деп атырсаң ба? — депти буны еситкен жорасы Айман.

Сонда Палўанияз:

— Қаҳармандай бетим болса, Әбийдей бөксем болса, Нураттай қарным болса, Айхандай сымбатым болса курортқа бармай-ақ қояр едим, мынаў турқым, мынаў сыйқым,

курортқа мен бармай ийтиң бара ма? — деген екен.

## БЕКБАЎЛЫНЫҢ «ҚОСЫҒЫ»

Агроном Бекбаўлы Туржанов деген киси мудамы кеўли хош, өзинше ҳәр намаға бир ыңылдап жүреди екен. Бир күни «ағаш қуйрық» оган.

Бекбаўлы аға, сонша жылдан бери ыңылдайсаң, бул ўақытқа композитор болатуғын ўақтың болды ғой, — депти.

## СОЛЫҒАН ПАЛАЎҚАБАҚ

Палўанияз үйине бир машын палаўқабақ түсирип, таныс-билислерине:

Үйге барып палаўқабақ алып кетиң — депти.

Солардан Бақберген дегенниң ҳаялы келип палаўқабақты сайлап атырса, солыңқыраған көп екен.

Неге палаўқабақ әкет деп атыр десем, солыңқыраған екен ғой, — депти ҳаял.

Алып кете бер, Сәўле, — депти «Ағаш қуйрық» сонда. — Үйге барған соң солымағанын Бақберген берер.

## ПАЛЎАНИЯЗДЫҢ «ПӘНЖЕСИ»

Палўанияз санаторияда дем алып атырып, «ош»қа қосылыпты. Үйден шыққалы палаўды сағынып қалған «Ағаш қуйрық» қашан палаў келеди, деп күтип отырса, төрт-бес жигитке кишкене бир бадияға салып әкелипти. Палўанияз ишинен «бул кимге жетеди?» депти де, төрт бармағының ушы менен шымшып жей берипти.

Ақсақал, неге толық пәнже менен жемейсиз?  депти отырған жигитлердиң биреўи.

Әй, бағана тақаретиме тийип кетип еди,  депти «ағаш қуйрық» елестирмегендей.

Жигитлер бирим-бирим кейин шеғинип, бадия толы палаўға Палўанияз тойып алыпты.

## ҚАЙНАҒА НАН ЖЕ

— Қайнаға, нан жеңиз? — депти тандырға нан жаўып атырған бир келиншек Палўаниязға.

Келиншектиң қолына мүйеш-мүйеш нан илинеғойыпты.

— Пай, садағаң кетейин, тандырға түсемен дегенше көп келиншеклердиң тартқысына түсипсең-аў, бисмилла, — деп наннан аўыз тийипти.

## СЕН ДЕ ТОҢАСАҢ БА?

1969-жылдың қәҳәрли қысында бәндиргиде турған бир жигит, қалпағының жийегин қайтарып қойып, суўықтан қалшылдап турған екен. Ол жыллары жас жигитлерге қалпақ кийиў дәстүр болған.

Палўанияз жигиттиң қасына барып:

Иним, усы қалпақ пенен сен-әм тоңып турсаң ба? — депти.

## ШӘЙНЕГИМ АҚ ПА, АЛА МА?

Агроном болып ислеп жүрген Палўанияз обкомның бюросынан гәп еситип келип:

Аўа-дә, басшы ақ десе ақ, қара десе қара деў керек екен-аў Қарап жиберши Сәке, мениң ишип отырған шәйнегим ақ па, ала ма? — деген екен.

## СЕНИКИ ИЙТШИЛИК БОЛДЫ

Палўанияз ымырт жабылғанда сыртқа шықса, өзиниң ҳәўлисинде жүрген қоңсының күшиги буған үре баслапты.

Дурыс, ўазыйпаңды атқарып атырсаң, депти «Ағаш қуйрық» күшикке қарап. — Бирақ, бизин ҳәўлиде жүрип маған үргениң ийтшилик болды.

# БИР ШАЙЫМ ГӨЖЕ

Шымберген баслықтың үйине районнан келген ўәкил Палўанияз түсликке барады. Баслық шай ишип болғаннан кейин:

— Ал, Палўанияз, сен отыра бер, мениң жумысларым бар еди, — деп турып кетеди.

— Сен кетсең, маған отырып не бар? — деп ол да турады.

Жол бойы ызасы келеди. «Бул қалай болды? Шымберген маған бир шайым гөжени де минәсип көрмеди-аў. Қой, бунлың аўқатын қорқытып жейин» деген шешимге келеди. Шымберген оған жезде болады.

Бир күни районлық прокурорға, милиция баслығына Палўанияз мирәт етеди.

— Шымберген баслық «бир малым бар, соны жигитлериң менен келип жеп кет» деп еди, соған барып қайтайық, — дейди.

Үшеўи атлы киятырып, колхозға келген жерде Палўанияз Шымбергенниң үйине шабарман жибереди.

— Тез барып Шымбергенге айт, кәттиң астына кирип жасырынып жатсын, мыналар алып кетиўге киятыр, үстинен арза бар екен.

Шабарманның изинше өзлери де жетип келеди. Үй ийесиниң жатқан жерин билетуғын

Палўанияз келе сала кәттиң үстиндеги одеялды түрип жибереди:

— Пай, Шымберген, усындайың бар-дә, қонақ келсе кәттиң астына жасырынып аласаң.

Милиция менен прокурордың буған ашыўы келип, қайтпақшы болып сыртқа шығып кетеди.

— Тез бол, Шымберген мыналардың алдын алыў керек. Қорандағы қошқарыңнан биреўин сой!

Өзи сыртқа шығады да, атланайын деп турған жигитлерин тәўелле етип, қайттан ишке киргизеди.

Сөйтип, бир таўығын қызғанған Шымберген сол күни қас қарайғанша Палўаниязды жигитлери менен бирге қонақ етип күткен екен.

## «МЕН СӨЙЛЕГЕНДЕ КЕС-КЕСЛЕМЕ»

Исмамыт Усақов директор, Палўанияз бас агроном, «ағаш қуйрық»тың арқасы қозып, гәп келген жерде кесе белден урып жибере береди екен. Бир күни Усақов ескертипти:

— Палўанияз, бул жумыс деген, мен сөйлеген ўақытта кесе белден ура берме гәпти.

— Мақул, — депти «Ағаш қуйрық».

Совхозда Убай деген атақлы мәкке бригадир бар екен. Сол Исмамытқа жақпай қалып, Палўаниязды шақырып алып айтыпты.

Убайды шығарамыз...

— Дурыс етесиз, — депти «Ағаш қуйрық».

Қашшан шығарыў керек еди, өзи онбаған адам.

— Орнына Өтешти қоямыз, — депти Усақов.

— Жүдә мақул, таптырмайтуғын жақсы адам, — депти Палўанияз.

Сол жылы Өтеш мотоциклден авария болып, егис ўақытында егилмей, жыл ақырында ўазыйпаны орынлай алмай қалыпты.

— Болмайды, Өтешти шығарамыз, — депти Усақов жыл ақырында.

— Дурыс етесиз, қолынан ис келмейтуғын, қосжақпас, онбаған адам, — депти «Ағаш қуйрық».

— Палеке, қалай-қалайсыз, кеше қоярда «жақсы адам» деп единиз, енди бүгин онбаған адам дейсиз, түсинбедим ғой?

Сонда Палўанияз:

— Өзиңиз айттыңыз ғой, мен сөйлеген ўақытта кес-кеслеп шабаберме деп.

## ДИРЕКТОР БОЛАСАҢ

Бир жас қәниге оқыўды питкерип келип:

Арза жазайын деп едим, — деп Палўанияздан бир бет ақ қағаз сорапты.

— Неше менен оқыдыңыз? — депти оған «Ағаш қуйрық»

Жас жигит күтилмеген сораўдан албырап қалыпты.

— Айта бер қосшым, тартынба, — депти «Ағаш қуйрық», — бес пенен оқысаң агроном, үш пенен оқысаң директор боласаң.

## САСЫП КЕТЕР ЕДИҢ

Азанда жумысқа кеткен «Ағаш қуйрық» түски шайға үйине келсе, кеше кеште отырыспаға кеткен баласы еле уйықлап атырған екен.

Еле де геўденде жанынның бары, — депти «Ағаш қуйрық», болмаса бул ўаққа шекем сасып кетер едиң.

## «ҲӘР КИМ БАЛАСЫН АЛЫП ҚАЛСЫН»

Балаларын базарға ертип баратырған жорасынан «Ағаш қуйрық»:

Ҳә, жол босын? — деп сорапты.

Базарға, депти жорасы.

— Аўа, есиң болса балларды базарға ертип бар, қайтарсын бир өзиң қайтқың келген шығар.

Ҳе-е, о неге? Ертип барған адам ертип қайтпай ма? депти жорасы.

Ҳәр ким өзиниң баласын танып алып қалады дә! депти сонда «Ағаш қуйрық».

## ИШИҢ КҮЙСЕ ДУЗ ЖАЛА

Бир күни Палўанияз бенен Нөкистен келген ўәкил аўыл аралап кетип баратырса, ўәкилдиң көзи ийин ағаш пенен суў көтерип баратырған қызға түсипти Жигиттиң қызға ықласы кетипти.

Пай, Палўанияз аға, айтайын демейсең, аўылыңда не бир гөззал қызлар бар екен-ә! депти тамсанып.

Қосшым, ишиң күйсе дуз жала, бул бизиң қыз, депти «Ағаш қуйрық»

## «ЕҢ ГЕНЖЕТАЙЫМАН»

Кегейлиде бир отырыспада Палўанияз «Ағаш қуйрық» пенен бирге усы районда

агроном Әбдикерим Атажанов та отырып қалыпты.

— Қосшым, кемпир-ғаррыңның нешинши баласысаң? — депти «ағаш қуйрық» Әбдикеримге.

Ең генжетайыман.

Сеннен кейин туўмаған ба?

— Яқ.

Қалай туўады, кемпириңниң жатырын басыңа кийип шықсаң! — депти сонда «Ағаш қуйрық»

Әбдикеримниң басында түк жоқ, жылтыр бас екен.

## «ТЕЗИРЕК БАРАҒОЙСАҢ-О»

Гүзге таман геўгим арада Палўанияз «Ағаш қуйрық» сыртта шай ишип отыр екен. Есиктиң алдындағы жүўери атыздан «шарп-шарп» етип шапатлаған даўыс келе берипти.

— Тезирек барақойсаң-о, — депти «Ағаш қуйрық» қызына. —Ана қараманлайды сүйир шыбын талап өлтиретуғын болдыға.

Жүўери атызға жасырынып турған жигитти Палўанияз сезип отырған екен.

## СОЛ ПЛАЩТЫҢ ИШИНДЕ

«Ағаш қуйрық» бир жаққа бармақшы болып сыртқа шықса, күн салқынлаў екен.

— Иштен плащымды әкелип бер, — депти қызына.

Плащқа кеткен қыз ҳә дегенде таба алмай, бираз ўақытта шығыпты.

— Бунша неге кешиктиң? — депти Палўанияз қызына.

— Табалмай жүрдим аға.

Сол плащтың ишинде бир жигит жасырыныш тур десе, қашшан табар едиң-аў, — депти сонда «ағаш қуйрық».

## ТЕК ИСПОЛКОМЫ КЕМИС

Тахтакөпир районлық атқарыў комитетиниң баслығы Исмамут Усақов Палўанияз «Ағаш қуйрық»ты машынына миндирип алып, атыз аралап жүр екен. Бир әўлийешиликтиң тусына келгенде Исмамут:

— Палеке, мына қойымшылықта не бир райкомлар, не бир совхоз директорлары жатырған шығар-аў, — депти.

— Аўа. Бунда енди тек исполкомы кемис болып тур, — депти сонда «Ағаш қуйрық»

## «МАҒАН КЕРЕК ЖУМЫС ЕКЕН»

1956-жылы Палўанияз Ағаш қуйрық Ленинградтағы Әмелий зоология ҳәм фитопатология институтын питкерип келгеннен кейин Нөкисте азмаз күн жумысқа орналаса алмай жүреди. Оны Өзбекистан Илимлер академиясының Қарақалпақстан экономикасы ҳәм мәденияты институтының директоры Р. Қосбергенов жумысқа шақырып, институттың Кегейли районында жайласқан тәжирийбе станциясына директор болып ислеңиз дейди. Станцияның ўазыйпасы — елде пахташылық ислери бойынша тәжирийбелер жүргизиў, дейди. Сонда Ағаш қуйрық былай депти: «Бир мешкей адам екинши бир мешкейдиң аўқатқа жарылып өлгени туўралы еситкенде ол бундай өлим маған да керек өлим екен», деген екен. Сол айтқандай мына усынып отырған жумысың нағыз маған керек жумыс екен» деген екен.

## «ГҮЗЕТПЕГЕ КЕЛДИҢ БЕ»

1956-жылы жаңа пахтаның отағы күнлери Кегейли районлық партия комитетиниң секретары Қалбай Қулымов сол райондағы Калинин атындағы колхозда Ўәкил болып жүргенде бир колхозшы оны қой сойып түслик

аўқатқа шақырады. Үйде бес-алты жигит жыйналып аўқатты күтип отырғанда Қалбай Қалымов институттың тәжирийбе станциясының директоры Палўанияз Абдуллаевты да аўқатқа шақырың дейди. Палўанияз «Ағаш қуйрық» келсе, шаршаған жигитлер бетлерине бет орамалларын жаўып көз илиндирип атырған екен. Үйге кирип келип буны көрген Ағаш қуйрық: «Ҳаў мен отырыспаға келдим бе десем, гүзетпеге келген екенмен ғой», — деген екен.

## БАСЫМЫЗҒА ШЕЛЕК ҚОЙЫП ОТЫРАМЫЗ

1960-жыллары Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районлары бир район (Шымбай районы) болып турған ўақытта «Кеңес» совхозының директоры Исабай өзиниң совхозының бас агрономы Арзиев Турсынбай менен арақ ишип төбелесип кесеў менен урып Турсынбайдың басын жарады. Турсынбай арзасы бойынша областлық партия комитетиниң биринши секретары Н. Махмудов Шымбайда обкомның көшпели бюросын өткерип Исабайды партиядан шығарып, директорлық ўазыйпасынан босатады. Бюроға көп адам қатнасады. Оларға Н. Махмудов еки саат даўамында тәртип туўралы сөз сөйлейди. Соннан

кейин Н. Махмудов «түсиникли болды ма, жолдаслар» дегенде, Тахтакөпир совхозының бас агрономы Палўанияз Абдуллаев «Ағаш қуйрық» секретарша. «Насыр Махмудович, жүдә түсиникли болды. Ең әҳмийетлиси, директорымыздың қай жеримизге уратуғынын билип алдық. Енди директорымыз бенен отырыспаға барсақ басымызға шелек кийип отырамыз, урса ура берсин, ғаңғырлыдан басқа ҳеш нәрсе болмайды»,—деген екен. Ҳәмме дуў күлген. Буны түсинбеген секретары тағы үш саат тәртип тууралы сөз сөйлепти...

## АҚ ШӘЙНЕКТИ ҚАРА ШӘЙНЕК ДЕ

Бир отырыспада Палўанияз — «Ағаш қуйрық» дөгерегинде отырған жас жигитлерге, егерде қасында отырған адамның әмели сеннен бир ели үлкен болса, ол адам мына аппақ шәйнекти қара шәйнек десе, сен шымыры қара екен деп отырыўың керек, болмаса ол саған қапа болады деп нәсият берген.

## ШАҚЫРЫП АЛЫП КӨРИП АТЫР

Бир жылы қыстың күни «Ағаш қуйрық»тың бир танысы оны Нөкистеги Министрлер Кеңесиниң жайында көрип қалып, ҳаў

Палўанияз, бул жерде көринесең ғой дегенде, ол, жазда булар бет әпшеримизди районға барып көретуғын еди, енди қыста пахта жоқ районға бармайды, сағындыма билмеймен, енди бет әпшеримизди шақырып алып көрип атыр, деген екен.

* * *

Палўанияз «ағаш қуйрық» Нөкиске келгенинде бир министрге жолықпақшы болып телефоннан сенде бир жумысым бар еди, ертең өзинде боласаң ба, дегенде министр боламан бирақ, ертең азанда Ташкентке кететуғын едим, деген. Сонда «Ағаш қуйрық», пай иним-әй, мына жайда бир адам бар екен дә, бирақ өлген адам екен, дегендей қылдың ғой, — депти.

## МӘСЛӘҲӘТЛИ ОТЫРЫСПА

Кегейлиде Ислам хожа Сипатдинов деген жасы үлкен Палўанияз «Ағаш қуйрық» пенен заманлас болып, бир күни оны үйине мирәт етипти. Келетуғын күни мал сойып, дәстурқан жасап, бирге отырыўға еки-үш жора-жолдасын да шақырып қойыпты.

— «Ағаш қуйрық»ты бир баплайық, — депти жигитлер ойласып. — Келген ўақтында

ҳәр қайсысымыз ҳәр жерде жатайық, мәс болған болып. Ҳеш ким хабарласпағайлы.

Солай ислепти. «Ағаш қуйрық» қасындағы жигитлери менен кирип келсе, стол үстинде онлаған бос шийше, ҳәр ким ҳәр жерде теңкейип атыр.

— Ой-бу, жигитлер, қой, қайта берейик,— депти қасындағыларға. — Биротала оң жаққа қойғаннан кейин даўыс шығарып келермиз.

Баплаймыз деген жигитлер орынларынан өрре-өрре турып, отырыспаны қыздырып жиберипти.

## АҚ ҚАШАР КӨРДИҢИЗ БЕ?

Палўанияз ағаш қуйрық жол менен киятырса, алдында ақ көйлекли бир нашардың кетип баратырғанын көреди де, атты жеделирек айдап, оған жетер-жетпес болып жүре береди. Бирақ гәпти неден басларын билмейди. Қараса, қыздың көйлегиниң қолтығы қурттай сөтилген екен. Бул ағаш қуйрыққа гәп баслаўға бәне болыпты. Бир ўақытлары жол екиге айрылып, усы жерде қыз бурылып кете баслапты.

— Қарындасым, усы жолдан қолтығы қара, бир ақ қашар өтпеди ме? — депти Палўанияз.

Өтти, — депти қыз да. — Изинде сүмирейген бир буға да ерип киятыр еди.

Қызынан утылған Өмирбек лаққыдай, Ағаш қуйрық та усы жерде бир жеңилген екен.

## ҚУБЛАҒА ҚАРАЙТУҒЫН БЕТ ЖОҚ

Таза пери еки молла бир-бири менен жаслайынан дос, екеўи талай кесе қағыстырған, ерғенек тайдырысқанлардан екен... Екеўи бир күни ушырасып қалып, бир-бирине мирәт салысып, ақыр биреўиниң үйине қыдырып барыпты. Жатқаннан кейин екеўи жататуғын бөлмеде қалып, үй ийесиниң жасырып алып қойған бир шийше арағын бөлисип ишипти. Бул азлық етип, печьтиң ишине жасырып қойған тағы бир шийшеси бар екен, оны да ишипти.

Азанда келини ерте турып, ғаррылардың дәрет сууын қапының аўзына қойып кетипти. Бирақ, бул қуманлар сол турысында тура берипти. «Атамлар уйқлап қалған қусайдыаў» деп келини кирип барса, еки молла арқаға қарап намаз оқып турған екен.

— Ҳаў, ата, арқаға қарап намаз оқып турсыз ғой? — депти келини.

— Балам-ей, бүгин бизлерде қублаға қарайтуғын бет жоқ, — деген екен моллалар.

## «ЎАҚ, НЕТЕСЕҢ!»

Темирхан болыс бир мерекени басқарып турып, шатағырақ, мереке бузар бир жигитти шақырып: — Сен балам, бүгинги тойда шатақ шығарма! Егер мереке төбелессиз тарқаса, саған өзим бир көйлек кийгиземен, депти.

Мереке әп-әнедей, ыңсыз-жыңсыз тарқапты.

— Болыс ага, той төбелессиз тарқады, енди бағанағы ўәде еткен көйлегиңди бер, — депти шатақ жигит келип.

Темирхан болыс жигиттиң үстиндеги көйлегинен услап турып:

— Ол көйлек мине, үстиңде тур-ғо депти. Егер төбелес шығарғаныңда көйлектен нәрсе қалмай пыррым-пыррым болатуғын еди.

— Ўақ, нетесең! — деп жигит жамбасқа бир урыпты. — Талай төбелестиң жеңи келип турып еди-аў

# ЖАҚСЫМБАЙ ҲӘМ РӘМ ШАЙЫР ӨМИРИНЕН

## ӨЗИҢ ЖУЎАСАҢ

Талантлы актёр Жақсымбай Бекмуратов күлки сөзли, ҳәзир жуўап адам еди. Оның аўзынан шыққан сөзлер халық ишинде анектод болып кеткен.

Жақсымбайдың қоңсы-қобаларының бири той берип, оның үйине қонақ киргизипти. Аўқат тартар алдында Жақсымбайдың өзи қонақлардың қолына суў қуйыпты. Шеттен суў қуйып киятырса есик бетте отырған бир жигит жас киши екен.

— Жақсымбай аға, өзим жуўаман ғо, — депти қысынып.

— Әлбетте, өзиң жуўасаң, — депти Жақсымбай. — Мен тек қуйып тураман.

## МАЛАҚАЙЫҢ ӨЛДИ МЕ?

Жақсымбай театрдың алдындағы скамейкада отырған екен. Заманлас актёрларының

бири маңлай алдын қурттай күйе жеген малақай кийип келипти.

— Тақсыр, малақайыңыз аўырып жүр ме? — депти Жақсымбай.

Ол не деп жуўап қайтарарын билмей ишке кирип кетипти.

Ертеңине жаңағы актёр бөтен малақай кийип келипти.

— Ҳә, тақсыр, кешеги малақайың өлди ме? — депти Жақсымбай және.

## ЕЛЕ ТАЎСЫЛМАДЫҢ БА?

Ертеректе театрда шофёр болып ислеп кеткен Жумабай деген жигит бар екен. Ол турпаты бойынша театрдағы адамлардың арасында тәўир-ақ майдасы болып саналыпты.

Бир күни түнде актёрлар Кегейлиге ойын қойып киятырса, асфальт шети менен Жумабайдың пиядалап киятырғанын көрип, тоқтапты.

— Ҳаў, Жумабаймысаң? — депти Жақсымбай оған. — Баяғыда қурттай едиң, еле таўсылмай жүрсең бе?

## АПАСЫ СОРАЙДЫ ДӘ

Арқа районларға қарай машын күтип турған Жақсымбайды жолшыбай кетип бара-

тырған бир «Москвич»теги жигитлер танып, мингизип алыпты. Машинада үш жигит бар екен. Солардың ишинде алдынғы орынлықта отырған биреўи қағаз қутыга салынған муз қаймақты нәшелеп жеп баратырған қусайды. Жақсымбай дөгерегине қарап-қарап алып:

— Аўа дә, барған соң апасы сорайды, Нөкиске барғанда не алып жедиң? деп, — депти.

Жигитлер шақалақлап күлип жиберипти. Музқаймақ жеп отырған жигит қысынғанынан қолындағысын айнадан ылақтырыпты:

— Айда ресторанға, есап меннен, бул гәп тарқалып кетпесин, — деген екен.

## МЕННЕН НЕСИН СОРАЙСЫЗ

Жақсымбай Нөкис педагогикалық институтында сырттан оқыйтуғын еди. Бир күни ол қарақалпақ тилинен имтихан тапсыратуғын болыпты. Имтихан алып атырған муғаллимниң аты Абат деген екен.

— Қәне, Жақсымбай, биринши сораўды айта бер, гәп ағзалары нешеге бөлинеди? — депти.

—Пай, муғаллим деймен-аў, — депти Жақсымбай. — Өзиңиз болсаңыз кандидатсыз, оның несин меннен сорап отырсыз.

## ШӘКЕҢ НЕШЕГЕ ШЫҚТЫ?

Тахтакөпир районында ойын қойып жүргенде Жақсымбай бир еки актёр менен бирге шақырыққа барыпты. Үй ийеси аннан-мыннан гәп қозғап отырып:

— Шамурат қаяқта бул күнлери? — деп сорапты.

— Үйинде, — депти актёрлар..

— ШәкеҢ менен бир аўылда ойнап өстик, — депти хожейин, — Бирақ, ол бизлерден естиярлаў еди, нешеге шықты екен-әй.

— Ал, енди соны ҳүкимет-әм анықлай алмай атыр, — депти Жақсымбай. — Жақында экспертизаға жибережақпыз.

## МЫНЫЎ МАЙЛЫҒЫҢ БА?

Рәм шайырдың төкпе шайырлығы ҳәм оның қосық пенен киси басқылаўдағы даңқы дуйым журтқа жайылып кеткен еди. Соның ушын ол қыдырып барған жерде үй ишиндегилер, «қосық шығарып кетер» деп, қолынан келгенинше кемиссиз хызмет етиўге ҳәрекет етеди екен.

Бир күни қонақ болып отырған үйдиң ҳаялы аўқаттан кейин майлық сүлгини бериўге

қысынып, тутылмаған сүлгини таслапты. Сонда Рәм шайыр:

— Қарағым-әй,

Мынаў майлығың ба,

Я Маған көрсетип байлығың ба? — деген екен.

## ТУБИРЕТКИ БОЛМАСА

Рәм шайыр редакциялардың бирине барса, ол жерде отырғанлар:

Келин Рәм аға, отырың, — деп мирәтсала берипти. Қараса кеңседе ол отырғандай бос орынлық жоқ қусайды. Сонда турып:

— Тубиретки болмаса кеңсеңизде, отыра берейик пе еңсеңизде? — депти.

## «НАМЕСТОН»

Рәм шайыр әскерликте хызмет етип жүрип, қатты қыйналыпты, әсиресе, «наместо» теўгенде ҳеш аяғы қосылмай, командирлер «наряд» деп азап бере береди екен. Бир күни қатарда турып:

Наместоны бөлип берсе пайыма, асықпастан тебер едим жайыма, — деп қосық шығарған екен.

## БИР КЕСА ЖАРМА

Рәм шайыр әскерликке барған күнлери асхананың берген аўқатына қанаатланбайды екен. Сондағы шығарган еки қатар қосығы еле ел аўзында:

— Мезгилге береди бир кеса жарма,
Советлер елиниң кемиси барма?

## «АССАЛАЎМА ӘЛЕЙКУМ, РАМ АҒА!»

Нөкис районының Кердер хожалығында Исақ Хожаметов деген төкпе шайыр, сөзге шешен киси бар. Сол бир күни аўылындағы тойда келиншектиң бетин ашайын деп турса, ортаға шығып, шыбықты шайы таўарға байлатып атырған Рам шайы́рға көзи түсипти. Қур көрсе палўан менен шайырдың, бақсының арқасы қозатуғын әдети бар емес пе? Сонша күннен бери тойды күн санап күтип жүрген Исақ бет ашардан айрылажағын билип, ортаға суўырылып шығыпты.

— Ассалаўма әлейкум, Рам аға! Усы тойдың бетин ашайын деп тур-ем аға, Сизиң келгениңизден хабарым жоқ грамм аға! — депти барып сәлемлесип.

«Мақул сөзге мал мөңирейди» деген ата-баба, Рам аға кейин шегинип, жолды Исаққа берипти.

# АНЕКДОТЛАР, ЛАПЛАР ОЙЛАП ТАБЫЛМАҒАН ГӘПЛЕР

## ЖАМАНЫ НЕ, КИРИ НЕ?

Кеғейлиши шайыр Абатбай Кирқабақов сексенинши жыллары ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан» газетасына келип жумыс исledi. Хожабек Сейтов ол ўақытлары редакцияның жәмийетлик шөлкемин басқарады. Жумыс бабында жасларға тапсырма береди. Сондайда көбинесе Абатбайдың фамилиясын умытып қала береди екен.

Жаманқараев, саған бир ўазыйпа бар, — деп гәп баслапты бир күни Хожабек аға Абатбайға қарап.

— Аға, мениң фамилиям Жаманқараев емес, Кирқабақов, депти Абатбай оның алжасқанын дүзетпекши болып.

Лекин, Хожабек аға да беглигин бузбапты.

— Қосшым, жаманы не, кири не, бәрибир емес пе, гәпти тыңлай берсе, — деп сөзин даўам етип кетипти.

## ЕКИ ҮЙРЕКТИҢ ТОҒЫЗ БӨТЕКЕСИ

Белгили журналист Қәллибек Бегжанов үш-төрт жигит пенен Даўыт көлдиң бойына аңға ҳәм балық аўлаўға барыпты. Күн еңкейемен дегенше олар еки үйрек атып алады.

— Жигитлер, енди сизлер бир заман аў тартып қайтың, мен мына еки үйректи тазалап писире берейин, — деп Қәллибек аға көлдиң жағасына аспалы ошақты қурып, үйреклерди тазалап асып жибереди.

Үйрек писемен дегенше әдеўир қараңғы түседи. Жигитлер де аўдан қайтып, үйректиң гөшин ортаға алып жей баслайды.

Қәллибек ағаның шанышқысына биринши болып үйректиң бөтекеси илинеди. Қустың бөтекеси мазалы болады ғо, ол бөтекени ҳеш ким менен бөлискиси келмей, дым үндемей жеп алады. Азырақтан кейин екинши бөтеке де буның несийбесине тийеди. Бир заманнан кейин қараса үшинши бөтеке де буның аўзында.

— Жигитлер, мен бир нәрсеге ҳайран қалдым, — депти сонда ол қасындағыларға,

тәбиятта да жаңылыс болады екен-аў, мен бүгин еки үйректен үш бөтеке жедим.

— Яғ-әй, — депти жигитлердиң биреўи таңланып. — Бир бөтекени мен жедим ғо.

— Ҳаў, мен де бир бөтеке жедим.

— Мен де жедим.

Есаплап қараса, булардың еки үйректен жеген бөтекеси тоғызға жетипти. Бундай болыўы мүмкин емес ғой. Кейин билсе, қараты түскеннен кейин суўдың бойындағы жанып турған отқа талпынып, көлдеги кишкене қурбақалар асыўлы қазанға шомпа-шомп түсе берген екен.

## ҚОНАҚ АСЫ

Аңсатбай Ҳайратдинов арқа районлардың бирине той саўыўға барған екен. Тойхана бақсыға арнаўлы үй берип, қонақ асысына үлкен бир түйетаўық берипти. Үй ийелери жүдә бир сөксанар, қыйқым адамлар екен. Тойхана берген түйетаўықты бақсыдан қызғанып, ярым ақшам болғанша суў синди қылып, қайнатпай қоя берипти.

— Бақсы аш, бирақ, сыр бериў уят. Ақыры, тойханадағы орталық аўқаттан азғана аўыз тийипти де, солайынша қурға шығып кетипти.

Таң алдында қурды тарқатып келсе, қазан баяғы турысы. Шыдамаған Аңсатбай аға қасындағы гиржекшисине:

— Жалғасжан-әй, жаңағы түйиншиктен бир орамал алып жай, — депти де өзи сүзекини алып түйетаўықтың гөшин шығара баслапты.

Гөшиниң бәрин алып шаршыға түйип болғаннан кейин Аңсатбай аға:

— Келин, — деп үй бийкесин шақырыпты. — Ал, қарағым, бизлер кеттик, мынаған гүртик салып жейғойың. Гөши қалмаған менен сорпасы шарбеттей шығар.

## «БИР САДЫҚ, ЕКЕЎМИЗГЕ АЗЫҚ БОЛДЫ»

Филология бойынша диссертантлар таярлайтугын илимий кеңес жас аспирант Қырықбай Байниязовқа «Садық Нурымбетовтың мийнетлерин изертлеў бойынша» илимий мийнет ушын тема бекитип берипти. Қырықбай аға күн-түн изленип, енди жазыў столына отырайын деп жүрген күнлери оған тағы да сол кеңес оқып пикирин билдириў ушын аспирант Әбдисайыт Пахратдиновтың жумысын усыныпты. Үйине әкелип оқып қараса, «Садық Нурымбетовтың творчествосы ҳақ-

қында» Әбдисайыт ағаның илимий мийнети таяр! Сонда Қырықбай Байниязов:

Әдебият кең майдан, жазық болды,
Бир Садық екеўмизге азық болды,
Таз бала таранғанша той тарқайды,
Саў бала әлле қашан жазып болды, —

деп бир куплет қосық жазыпты да, қол жазбаны илимий кеңеске апарып берипти. Сөйтип өзи қайтадан, Аяпберген Муўсаевтың творчествосы ҳаққында таза тема алған екен.

## БИР СААТ ШӘРТ ПЕ?

Мырзек Қәлимбетов узақ жыллар телевидение ҳәм радио еситтириў комитетин басқарды. Ол жүдә шаққан, ҳәрекетшең, өзи де тез сөйлейтуғын, ақ көкирек алағайымлаў киси еди.

Әдетте, газеталарда, радио-телевидениеде ҳәптениң бир күнинде летушка (мәжилис) өткерилип, өткен ҳәптедеги жумыстың сапасы талқыланады. Усындай летушкалардың биринде телевидениеде редакторлар пикир билдиреди.

Бир саатлық көрсетиў жүдә узақ.

Телетамашагөйлерди жалықтырыўы мүмкин. Буны илажы болғанынша қысқартыў керек— дейди шығып сөйлегенлер.

Дурыс пикир! — дейди сонда Мырзек аға дәрҳал. — Қуўатлайман! Бир саатқа дейин соза бериў шәрт пе, сексен минут-ақ болсын.

Ол ҳемме нәрсени жүзден питеди — деп ойлап қалған болса керек.

## «ҲӘЙ БАЛА, АБАЙЛАП СӨЙЛЕ!»

Мырзек аға бир күни оркестрдиң жумысын көзден өткермекши болыпты. «Отызлаған адам айлық алады, еки саат келеди, кетеди. Не ислеп жүр екен?».

Барып бир заман гүзетип турыпты. Оркестрдиң басшысы Әбдирейим Султанов алдында «шыбығын» былғап, бир наманы үйретип атыр. Қараса, төрт-бес сазенде саз әсбапларын дизесине қойып, тым-тырыс отыр. Басқалар кумбит болып шертип атырыпты.

Сазенделериннниң ҳәммеси тендей айлық ала ма? — деп сорапты Мырзек аға Әбдирейим Султановтан.

— Аўа.

— Онда неге аналар шертпей отыр?

— Мырзек аға, олардың партиясы басқа ғой! — депти оркестрдиң басшысы.

— Ҳәй, бала, абайлап сөйле! Бизде ҳәмме жерде бир партия, түсиндирип айт аналарға, жалқаўлық қылмай шертип отырсын, — деп шығып кетипти.

## ДҮНЬЯСАҢ

Елиўинши-алпысыншы жыллары партия комитети жазыўшыларды көбирек қаға бердиге алып қойған.

Буған шыдамаған олар ҳәр қайсысы ҳәр жерден 4-5 куплет қосық шығарып, бул қосықтың бир куплетине Мырзек ағаның да аты илинип кетипти. Сол жыллары ол областьлық партия комитетиниң пропаганда ҳәм агитация бөлимин басқарады екен. Қосыққа илиниўине себеп, — Мырзек аға усы жыллары «Мениң абырайым» деген пьеса жазып, ол сахнаға қойылады. Шайырлар арасында оның пьеса жазыўына исенимсизлик пайда болады ҳәм мынадай бир куплет қосық жазып, таратып жибереди.

Жағымпаздың наны мудам қалыңлар,
Қабақбастан шықты не бир алымлар,
Пьеса жазып берип Тежет, Ғалымлар,
Мырзекти жазыўшы еткен дүньясаң.

## «СОРАП ШЕККЕННЕН ТӘЎИР ҒО»

Журналист Шарап Уснатдиновты гәптен жениў қыйын. Лекин, қәпелимде оның да «түсип» қалған жерлери болған екен.

Ол сексенинши жыллардың тусында телерадио комитети баслығының телевидение бойынша орынбасары болып жумыс иследи. Телевидениеде кешке қарай жумыс гүжип кетеди. Эфирден кететуғын көрсетиўлердиң тәртибин белгилеў, оларды алдын-ала шолыў жасап көрип шығыў шөлкемлестириў — қулласы, усы жумыслардың ең ақырғы нәтийжеси баслықтың орынбасарының жуўапкершилигинде.

Шарап аға усындай абыр-сабыр жумыстан қурттай тәнепис таўып, сыртқа шықса редактор Қыпшақбай Мәтмуратов темеки шегип турған екен. Шарап ағаның да шеккиси келип кетипти.

— Қыпшақбай, сигареттен ал! — депти.

Ол «Астра» сигаретиниң пашкасын ашып, усыныпты.

— Қосшым, «Астра»ға өткенбисең? — депти Шарап аға биреўин алып атырып. — Фильтрлисинен жоқ па?

— Әй аға, сорап шеккеннен тәўир ғо! — депти Қыпшақбай.

## «НЕ БАР, МУРЫН БАР!»

Шарап аға өзи жақсы көрген досларын, сәлемлеспей атырып басқыға алады. Бундайда таяр болып турмаған адам, бир заман басқының астында қалып, қара тер болады.

Бир күни ол төрт-бес жигит пенен турғанда шайыр Сейдабулла Пиржанов келип қалыпты. Сейдабулла аға өзиниң бетәлпетине қарағанда мурны үлкенлеў адам еди.

— Жигитлер, усы Сейдабуллада не бар — мурын бар! — деп гәп баслапты Шарап аға.

Сейдабулла аға да гәпти илип алыпты.

Дурыс айтасан-әй Шәке, бизиң мурынды сеннен алдын-әм үш қатын мақтап еди.

## «ҚАЙТЫМЫН БЕРМЕЙСИЗ БЕ?»

Балалар шайыры Халмурат Сапаров жетпис жасқа шыққанша бир жерде — «Қарақалпақстан жаслары» газетасында жумыс ислеп, жақында, 2001-жылы жазда ҳүрметли дем алысқа шықты. Ол балалар шайыры дегендей-ақ, тәбиятынан сада, баладай ақ көкирек адам.

Жетписинши жыллардың бир күнинде Халмурат аға газетаның нәўбетшилигинен түнлетип киятырған екен. Алдынан үш-төрт жол тосарлар шығып, кес-кеслепти.

— Үш сом бересең! — депти олар Халмурат ағаға айбат етип.

Бермесе аўҳал шатақ. Қалтасын қараса бир он сомлығы бар екен. Жол тосарларға соны услатыпты. Үш сом орнына он сомға ийелик еткен көше бийзарлар қуўанып кетип, жолды босатыпты. Бирақ, қараса Халмурат аға турған орнынан тапжылмайды.

— Ҳе, неғып турсаң? — депти биреўи турып.

— Мен он сом бердим ғо, сизлер үш сом сорадыңыз, қайтымын бермейсиз бе? — депти Халмурат аға.

Буйырып турған нәрсени қоябер, «қайтымына» бир жудырық алып, Халмурат аға жуўасып, үйине қайтыпты.

## «ҚУРАН БИЛЕСИЗ БЕ?»

Сексенинши жыллары августта қалалыларды пишен орақҡа жиберетуғын дәўир болды. Көпшилик мәкеме хызметкерлери «Ержан атаў»да айлап жатып пишен оратуғын еди. Журналистлерди жибериўге, күнделикли газета шығыў керек. Солай болсада бизде буннан шетте қалмадық. Шемби, екшемби күнлери Кегейли районының «Дослық» хожалығына барып пишен ордық. Азанда тоғызда шығамыз. Түсте жейтуғын азық-түлигимиз қасымызда.

Әлбетте, оның қасында бир-еки шийше арағы да болады. Бир күни түсте апарған арағымыз азлық етип қалды. Тағы биреўи болса гүләлагүл болажақ. Бирақ, ҳеш қайсысымызда бир сом пул жоқ. Тек арамызда бухгалтеримиз Аман аға Қыдырбаевта пул бар. Бирақ, ол ҳәммемизден жасы үлкен, қурыдан-қуры арақ әпериўге арсынады. Лекин, тамағы қурғыр бүлкилдеп-ақ тур.

— Ишиңизде қуран оқып билетуғыныңыз бар ма? — деди ол бир ўақта.

Қуранды айтқан соң ҳәмме тым-тырыс болып қалды.

— Мен билемен, — деди Базарбай Сейтаев.

— Онда бир аят оқып жибер, — деди Аман аға. — Ана көринген ырашлықтың артында қазаяқлы әулийе бар. Сонда мениң әкем жатырыпты. Ҳаққына дуўа етейик.

Базарбай қирәәтке салып қуран оқыды, ҳәммемиз аўмийин еттик. Аман аға Базарбайға жети сом берди. Ол пулды қалтасына салып атыр еди:

— Ҳәй бала, — деп ирикти оны Аман аға. — Сен оқыған аятты мени билмейди дейсең бе? Мен сизлердиң саўабыңызды алайын деп атырман, бар, бес сомына бир шийше арақ, еки сомына буканка нан менен консерва әкел!

## «ЕРТЕ КЕЛЕЙИН ДЕДИМ»

Айназар Қунназаров жумыс бабында, гейде жумыстан кейин бәзим-отырыспа дегендей, үйине көбинесе түн ярымында келер екен.

Ҳаялы Айтгүл апа, ҳәр дайым:

— Сен-әм журт қусап ертерек келсең-о! — деп зинҳәрлайтуғын қусайды.

Бир күни ол азанғы алтыларда өз үйиниң қоңыраўын басыпты.

— Ҳаў, азан менен қаяқтан киятырсаң? — депти есик ашқан ҳаялы.

— Өзин бәрҳа «кеш келесең» деп назырқана бересең, бүгин бир ерте келейин деп киятырман, — депти Айназар аға.

## «ҚОЛЫМ БОС БОЛМАСА НЕ ҚЫЛАМАН?»

Бир күни областьлық партия комитетиниң бюро мәжилисинде обкомның биринши секретары Қәллибек Камалов әдеплилик, тәртип-интизам, мәденият ҳаққында гәп етипти.

— Бизиң бир қанша министрлеримиз өзинен үлкенлер менен қандай мүнәсибетте сөйлесиўди билмейди. Маған, Москвадан қоңыраў етип айтып атыр:

Айназар Қунназаров деген адамыңыз мениң есигимди қолы менен емес, аяғы менен теўип ашып келеди, деп өкпеледи потребсоюздың баслығы. Бул қандай қылық, Қунназаров, уят емес пе?

Еки қолым саўғадан бос болмаса аяғым менен ашпай не қыламан?! — депти сонда Айназар аға.

Ҳәмме дуў күлип жиберип, гәп сол жерде қалған екен.

## «ҚАЛАЙСАҢ ФЛОРА?»

Айназар аға РесПОның баслығы ўақытында Казаньнан Уфаға ушып баратырып, Флора деген стюардесса қыз бенен танысып қалады.

Мен Уфаны жақсы билмеймен, дейди ол. Қалада ең жақсы мийманхана қайсысы? «Россия»,— деп жуўап береди қыз.

— Онда мен сол «Россия»ға жайғасаман. Бир рейстен кейин сменаңды тапсыратуғын болсаң, барып мени сол жерден таўып ал, өкинбейсең, табан кирейиңди қайтараман, деп усыныс етеди Айназар аға. Қыз келисим бергендей болады.

Барған соң қарақалпақлардың жигитлерин таўып алып (Ол ўақта Башқуртстаннан кар-

тошка әкелиў ушын көп жигитлер жумыс етип барады екен), бир-еки саат отырыспа қылады.

— Айназар Қунназарович, сизди телефонға шақырып атыр, — дейди бир ўақта этаждағы администратор қыз келип.

Барса, телефонда нашардың даўысы.

Шала кейип болған Айназар аға куўанып кетеди.

— Ҳә, Флора қалайсаң?

Флораның тандыры шыққай, әдеп бала-шағаңның аманлығын сорасеш, дейди трубкадағы ҳаял.

Айназар ағаны мийманханалардан сорастырып таўып алып қоңыраў етип турған ҳаялы Айтгүл екен.

## ҚОЛ ЖАЗБА НЕГЕ КЕШИКТИ?

Алпысыншы жыллары қарақалпақ жазыўшысы Әденбай Тәжимуратовтың «Саркоплы батыр» повести «Ёш гвардия» баспасында шығатуғын болып, жобаластырылыпты. Оны бир уйғыр аўдармашы өзбек тилине аўдарған екен. Аўдарманы редакторлаў жазыўшы Насыр Фазыловтың үлесине тийипти.

— Қәне, Фазылов, — депти бир күни баспа директоры Сатыпалды Юлдашев мәжилисте.

Әденбай Тажимуратовтың китабы не ушын ғрафиктен кешигип атыр?

— Әлбетте кешигеди дә, — депти Насыр аға орнынан турып. — Китапты қарақалпақ жазса, оны уйғыр өзбекшеге аўдарса, қазақ редакторласа бул қурақым кешикпей не қылады!

Ҳәмме дуў күлисип, Насыр аға гәптен қутылыпты.

## ҚАРАҚАЛПАҚ

Сол жыллары Өзбекистан жазыўшылар аўқамында қарақалпақ шайыры Әбитай Турымбетов мәсләҳәтши болып ислейди екен. Мәсләҳәтшиниң ўазыйпасы қол жазбаларын алып келген авторларға оқып пикир айтыў. Әбитай аға өзбек тилин жақсы билмегенликтен, көбинесе надурыс мәсләҳәт берер екен дә, үстинен көпшилик жазыўшылар шағым етип жүрер екен.

Бир күни Камил Яшин оны жумыстан шығарыпты. Арадан үш-төрт күн өтип, жазыўшылар аўқамына академик жазыўшы Айбек келипти. Айбек қан басымы кеселлигинен тили байланып, сақаў болып қалған пайытлары екен. Бир нәрсе айтпақшы болса ярым саат тутлығып-тутлығып бир сөз айтып қалады болғаны.

Айбек Камил Яшинниң алдында:

— Сами... сами..., — деп әллен ўақыт сөйлей алмай отырады да, бирден, — Қарақалпақ! деп бақырып жибереди.

— Болды, болды, Айбек домла, түсиндим, сизиң айтқаныңыздай болады, — деп жыллы жүзлилик пенен шығарып салады да, хызметкерлерине тәртип береди.

— Әбитай Турымбетовқа айтың, келип ислей берсин.

Ол Әбитайды Айбекке шағым етип барған екен деп түсинеди. Ал, Айбек болса Қарақалпақтан ССРға депутат болғанын, жақында Нөкиске барып қайтқанын айтпақшы болған екен.

## «ӨЗИҢЕ БУЙЫРҒАЙ»

1985-жылы телевидениеге Ташкенттен режиссёр Толиб Хамидов деген жигит келип, драматург Пирлепес Тилегеновтың «Турмыс мектеби» деген төрт сериялы видеофильмин сахналастырды. Ол тийкарында қарақалпақ тилинде, өзимиздиң телевидение ушын сахналастырылып атыр еди. Соның ушын оған бираз режиссёрлар, художниклер, усталар, гримерлар жәрдемге берилди.

Видеофильмниң ақырғы сериясында турмыстан көп дәкки жеген бас қаҳарман анасының қәбирине барып, табытын қушақлап жылаўы керек Көшпели телевидениени қойымшылыққа алып барып түсирейин десе ол жерде тоқ жоқ. Ақыры, телеорайдың қасынан бир дүмпешик соғып, онын үстине табыт қоятуғын болды.

Телеорайда Жуманазар деген уста бар еди. Соған табыт соғыў буйырылған. Ол табытты соғып болғаннан кейин бир еки күн устаханаға сүйеп қояды. Әкететуғын режиссёр жоқ.

Қараса, адамлар тынышын алып баратыр.

Жуманазар, ким өлди?

Кимге табыт соғып қойыпсаң?

Жуманазар болса қайсы режиссёрдың буйыртпа бергенин билмейди. Бир күни кеште жумыстан қайтып баратыр едик, арамыздағы режиссёр Тилепбай Қошқаровты көзи шалып қалған ол туў ана-жақтан бақырды.

— Ҳәй, Тилепбай, қашшан сениң табытынды соғып қойғаным!

Тилепбай байғус, Толиб Хамидов пенен улыўма ислесип атырған жоқ еди, мына гәпке ети түршигип, шоршып кетти.

Ҳәй, Жуманазар, не былшылдап турғаның, өзиңе буйырғай, илайым, өзиңе буйырғай! деди қып-қызыл болып.

Ол табыт реквизит ушын соғылғанлықтан, дәрҳал бузып тасланды. Лекин, шеннен тыс ҳәзил де адамға аўыр тийеди-аў. Тилепбай сәл жерде қатты қапа болып қалды.

Жуманазар аға сол жыллары көп узамай аўырып қайтыс болды.

## КИРПИТИКЕН

Комик актёр Айтжан Әбдалиев өмирдиң өзинде де күлки сезли адам еди. Театр институтында актёрлық тапқырлық бойынша арнаўлы сабақ болады. Бул арқалы актёрларды ертеңги күни сахнада жүз беретуғын күтилмеген жағдайлардан шығып кетиўге тәрбиялайды.

Усындай сабақлардың биринде театр институтының муғаллими София Михайловна Гутманович деген ҳаял оқыўшылардың тапқырлығын билиў ушын тапсырма береди.

Сизлер тоғайдың ишиндеги тар соқпақ пенен киятыр едиңиз. Алдыңыздан кирпитикен шығып қалды, дейди ол аудиторияда полдың үстине ғазета жайып, өзиниң күндыз малақайын оның үстине қойып. — Енди усы кирпитикенди басып алмай өтип кетиўиңиз керек.

Оқыўшылар бирим-бирим нәўбет пенен шығып, кирпитикенди шыбық пенен түрткен

болады, бири айланып өтпекши болады, қулласы, ҳәр ким билген тапқырлығын ислейди. Нәўбет Айтжан ағаға келеди. Айтжан аға да басқалар сыяқлы «кирпитикен» ниң қасына келип азырақ ойланып турады да, кейин бәсип келе берип ширенип бир тебеди. «Кирпитикен — малақай» пәтикке барып тийип, полға келип шаңы бурық етип түседи.

Ҳәмме жым-жырт. Муғаллимниң малақайын тебиў ойыншық нәрсе ме? Қала берди бундай қымбат малақай сол елиўинши жыллары Ташкенттиң өзинде жекке-сийрек адамларда болған.

— Ну-у, Айтжан!!! — дейди муғаллим әлле немирде суўық демин алып. — Бул қандай қылық?.

Мениң алдымнан кирпитикен шығып қалса теўемен, — дейди Айтжан аға тартынбастан.

Гутманович малақайына қанша қыйланса да, оқыўшысының тапқырлығына кеўли толып, бес қойыпты.

## САҒАН ЕМЕС

Бердақ атындағы сазлы театр жәмәәти алыстағы шарўалар арасында спектакль қояды. Кеште бир шарўаның үйинде Шамурат Өтемура-

тов, Айтжан Әбдалиев, Зийнел Пиязовлар шай ишип отырса, үйдиң ийеси тез-тез:

— Айтжан! — деп бақырады.

Оған Айтжан аға «Ҳаў» деп жуўап береди. Хожейин оны елестирмейди де:

— Айтжан деймен! Нәлет жаўғыр қаяққа кетип қала береди! — деп ғижинип бақыра баслайды.

— Ҳаў, мен мындаман ғо, — дейди Айтжан аға.

— Сен емес, қатынымды шақырып атырман! — депти шарўа.

Оның ҳаялының аты да Айтжан екен. Сол-сол екен, Шамурат аға жүрген жеринде:

— Бизлер үшеўмиз ғой, киятырған, мен, Зийнел ҳәм Айтжан деген бир ҳаялымыз бар ишимизде, — деп ҳәзил ететуғын болыпты.

## МАЗАРДАН МИРӘТ

Саратанның мыс қайнаған ыссысында Сорша қойымшылығында артистка Гүлхан Ширазиеваның қәбиринин басына жай салынып атыр екен. Оған артисттиң ағайын-туўғанлары менен бирге кәсиплес дослары, шәкиртлери ҳәм жас актёрлар қатнасыпты. Күнниң ыссысында жигитлердиң көзлерине тер қуйылып, көйлек-

лерин шешип таслап, кими қаластырып гербиш көтерип, кими шелеклеп суў, кимлери зәмбер менен ылай тасып жүрген. Солардың ишинде жас артист Отарбай Қәллибеков деген жигит те төрт-бес гербишти текшелеп көтерип, кебир арасындағы аяқ соқпақ пенен баратыр екен, қапталдағы гүмбезден салынған мазардан әсте сыбырлаған даўыс шығыпты.

— Отарбай, берман кел, дем аласаң, берман кел!

Бурылып қараса ғүмбездиң айнасынан жалаңаш геўде басын шығарып, буны шақырып турған екен.

Оны көрген Отарбай турған жеринде есинен аўып қалыпты.

Соннан ҳәмме жыйналып, суў серпип есине келтиргеннен кейин билсе, азырақ дем алайын деп гүмбезге кирген актёр Есимбет Саекеев екен.

## ЖҮЗИМНИҢ КҮТИМИ

Нөкис районының Шортанбай колхозынан университетке сырттан оқыўға кирген еки жигитти муғаллимлердиң бири жазғы сессияда үйине ертип келипти.

— Ал, инилерим, мына жүзимди еккениме быйыл үш жылға қарады, — депти муғаллим

оларды атызына баслап келип. —Ҳеш жүритпейди. Биреўлердиң айтыўынша буның түбине гөне тамның кесегин көмсең тез ҳәўиж алатуғын қусайды. Сизлер аўылдасыз, гөне тамның кесеги көп емес пе?

— Табылады, — депти жигитлер.

— Онда сизлерге деканаттан бүгин-ертеңге рухсат алып берейин. Усыған бир тележка кесек әкелип көмиңши.

Жигитлер еки күн жүрип, муғаллимниң жүзиминиң түбине бир тележка кесек әкелип көмипти.

Келеси жылы жазда және баяғы муғаллим оларды атызына баслап келипти.

Гөне тамның кесегин көмсең жүритеди деген өтирик пе деймен, — депти муғаллим. — Қараң, баяғы турысы. Биреўлердиң айтыўынша буның түбине өлимтик көмсең қатты зор болатуғын қусайды. Сизлер аўылдасыз ғо, қаңғырып жүрген ешек-пешек табылмайма?

— Табылады, — десипти жигитлер.

— Табылса сизлерге бүгин-ертеңге деканаттан рухсат алып берейин. Усының түбине өлимтик әкелип көмиңши.

Жигитлер еки күн жүрип, ийеси жоқ бир ешекти «салға түсти» деп атып әкелип, муғаллимниң жүзиминиң түбине көмипти.

Үшинши жылы жазда келсе, баяғы муғаллим буларды және атызына баслап келипти.

— Мен усы жүзим деген өсимликке түсинбедим, — депти ол. — Буның түбине кесек көмдик — жүритпеди, ешек көмдик — жүритпеди, енди не кемиўимиз керек екен?

— Айтайын ба? — депти жигитлердиң биреўи.

— Айт.

— Алдында турған еки заочникти еки жүзимниң түбине бөлип көмесең, пай жүритпегенин көрейин!

## МЕН ШЫМБАЙҒА ДЕЙИН, СЕН ҚАЯҚҚА?

Газетада ислеп жүрген ўақытлары жазда ғаўаша тәрбиясына, гүзде теримге жәрдемге баратуғын едик. Усындайда ҳәр сапары «Жеткиншек» газетасының хызметкери Дошымбай Доспанов пенен шегимиз бир түссе қуўанып қаламыз.

Бир күни усындай мапазлық жәрдемге баратуғын болып, бухгалтериядан жоллама менен қоса пул алып киятырмыз. Қасымызда Дошымбай аға, Яхуда Муратов ҳәм басқалар бар.

— Доспанов До-Шымбая деп жазыпты маған, демек Шымбайға дейин барады екенмен, — деди Дошымбай аға жолламаны оқып.
— Қәне, Яхуда аға, сизикин берип тур, ҳаў, Муратов я-куда? деп қойыпты ғо, қаяққа баратуғыныңды-әм билмейсең ғо, қой барып сорап ал...

## МЕНИ ЕКИ КӨРСЕҢ БОЛМАЙ МА?

Дошымбай аға келин түсирип тойына бардық. Басшымыз Халмурат Сапаров. Тойға оң болсын айтқаннан кейин Халмурат аға Дошымбайға:
— Келинди шақыр, оң болсын айтайық! — деди.
Дошымбай аға ишке кетип, жоқ-жоқ әллен ўақытлары шықты.
— Халмурат аға, келиниңниң қолы тиймей атыр екен, оның орнына мени еки рет көрсең болмай ма?

## «ШАҚЫРМАСА НЕ БИЛЕЙИН?»

Бир күни баспасөз комитетиниң баслығы Өтәмбет Арзымбетов зәрүрли китап керек болып, китап саўдасы конторасының директоры Генжемурат Изимбетовқа тапсырма береди.

Өтәмбет аға, складшым келмей атыр, ол китап тек складта бар екен,— дейди бир заманнан Генжемурат аға.

Келмесе үйинен алдыр.

Үйин билмеймен ғо, аға.

Неге билмейсең, қандай-қандай директорсаң, складшының үйин билмейтуғын, — деп бақырады Өтәмбет аға.

Үйине шақырмаса қаяқтан билемен, депти сонда Генжемурат Изимбетов.

## ОЙЛАСЫҚ

2000-жылы сентябрьде баслығымыз Әжинияз Тәжибаевтың туўылған күнине баратуғын болдық. Мен баслықтың орынбасары Өтеп аға Байлепесовқа келип ойластым.

Өтеп аға, туўылған күнине ҳәмме балашағасын ертип баражақ қусайды, сиз де қатыныңызды алып барасыз ба?

Ой-буў, қосшым аў, менде мерекеғе ерткендей қатын барма, өзим бара беремен, деди Өтеп аға сонда.

## ӨЗИ ЖАЛҒЫЗ ШАЛБАР ЕДИ...

Профессор Камал Мәмбетов илимге шын берилген, дүнья-мүлк пенен онша иси жоқ,

үп-сүплеп кийиниўге де онша итибар бере бермейтуғын әжайып, киши пейил инсан еди.

Ол 1995-жыллары Республика Жоқарғы Кеңесинде Комитет баслығы болып ислеп жүргенинде ақлығы аўырып қалып, кеште изинен аўқат алып келипти. Келсе нәўбетши шыпакер мәс екен, буны танымапты ҳәм ақлығының алдына жибермепти.

— Мен Мәмбетов Камал дегенмен, Жоқарғы Кеңесте ислеймен, сениң емлеўханаңды бүлдирмеймен, тек ақлығыма мына гөжени берип шықсам болды.

— Яқ, мен ҳеш қандай Мәмбетовты танымайман.

Илажы болмаған Камал аға телефоннан қоңыраў етип алыўды өтиниш етипти. Врач оған рухсат берипти. Камал аға сол ўақыттағы денсаўлықты саклаў министри Турсынбай Ещановқа қоңыраў етип жай-жағдайды айтқан екен, ол нәўбетши шыпакерди телефонға шақырып қатты кейип таслапты.

— Кешир Камал аға! — деп шыпакер дизерлеп жалынбаға қарапты.

— Болады, кеширемен!

Яғаў, аға, өкпелеп турсыз. Бир сапар кешириң де, — деп дизесинен тартып жалбарына беретуғын қусайды.

Камал аға шалбарым түсип кетеме деп белдемеге асылады, анаў төменнен тартады, ақыры Камал аға шыдамай:

— Кеширдим қосшым, қояғой. Өзи бир шалбар еди, жыртып қоярсаң, азанда жумысқа барыўым керек, — деп жалыныпты.

## ҚОНАҚ

Бизлер «Билим» баспасының директоры Пердебай Есбосынов пенен қыл қыймас доспыз. Екеўимиздиң туўылған жылымыз да, айымыз да бир. Соның ушын ҳәзилимиз жарасады.

1997-жылы октябрьде дем алысқа шығып, бес-алты күн қыдырып қайтыў ушын Ташкентке бардым. Сол ўақытлары мийманханаларда хызмет сапары менен келмесе қабылламаў ҳаққында ўақытша тәртип болған екен. Мен жазыўшылар аўқамының дем алыс үйи — «Дүрмен» ге бардым. Барсам, үш этажлы үлкен жайда меннен басқа адам жоқ. Бир қонып шықтым да, азанда кетип қалдым.

Бизлердиң баспа сөз тараўының он бир қабатлы «Матбуот» деген жатақханасы бар еди. Оның төртинши қабатына дейин ўәлаятлардан келетуғын тараў хызметкерлерине қонақ жай ўазыйпасын атқарады. Бирақ, бул жерде жасаў шараяты жақсы емес, ҳәр бөлме төрт адамға

мөлшерленген, я телевизор, я радио, я телефон жоқ. Бундай мүмкиншиликлер тек 27-бөлмеде ғана бар. Оны ҳәр дайым келетуғын сыйлы қонақларға ғана береди. Мен баспа сөз комитети баслығының орынбасары Рихситилла Ҳакимовқа кирип, бир-еки күн дем алыўға келгенимди, соның ушын маған «Матбуот»тан жақсырақ жағдай туўдырып бериўин өтиниш еттим.

Ол сол ўақытта қоңыраў етип тапсырма берди. Келсем 27-бөлмени босатып, көрпе-төсеклерин тутылмаған простина, көрпе қап, көпшик қаплар менен алмастырып қойған екен. Орналасқаннан кейин қыдырып кетип кеште қайтсам, аўызда Пердебай менен ушырасып қалдым.

— Қашан келдиң? — дедим оған.

— Кеше.

— Қайсы қабаттасаң?

— Шымберген екеўмиз 27-бөлмеде болып атыр едик, қонақ келген бе, орнымызды өзгертип жиберипти, енди барып көремен, —деди ол.

Мен дым үндемей, мыйықтан күлдим де жоқары шығып кеттим. Себеби, оны шығарып жиберген қонақ мен едим.

## ҚЫЗЫЛШАДАЙ БАТЫП КЕТЕР

Бурын көп жыллар даўамында Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң баслығы болып ислеген Жумамурат Әбдимуратов қатты күлки сөзли адам. Оның менен мерекелес болсаң, отырыспаның ақырына дейин зерикпейсең.

Бир күни онлаған жигит Жумамурат аға менен бирге қонақта болдық. Ол бир күн бурын көбирек ишкен болыўы керек, тырысып-бүрисип зорға отырды.

Бул жерде болса ишиў басланағоймады. Бир ўақытлары дәслепки тилеклер айтылды. Биринши, екинши, үшинши тилеклер... Жумамурат ағаның тула бедени босасып, шып-шып терге түсти. Соның арасында ҳәр түрли гәп аралап, тилек айтыўлар үзилиңкиреп қалды.

Әллен ўақытлары тамада жигит шийшени қолына алып:

— Жумамурат аға, тыныспа болып қалдығо, қуя берсем бе екен? деди. Күни менен зорға беглик сақлап отырған ол бирден:

— Ҳаў, қойса қосшым-аў, жаңа тер шығып киятыр еди, қызылшадай қайтып батып кетер, — деди шырп етип.

Ҳәмме дуў күлип, сол тилекти ҳеш ким айтпастан, тер батып кетпеў ушын алып жибердик.

## ҚАТЫМ ЕТИЎ

Жумамурат аға бүгинги мектепте билим алса да, ескише де саўатлы киси.

1981-жылы бәҳәрде Кегейли районлық атқарыў комитетиниң баслығы Мыңбай Юсуповтың әкеси Қәлендер қайтыс болады. Арадан бес-алты ай өтип, гүзде мәжилиске Ташкентке барып, «Өзбекистан» мийманханасына орналаспақшы болып турса, администратор оған:

— Юсупов Мыңбаймысыз, сизиң орныңыз таяр, он алтыншы қабатқа бара бериң — деп номерин айтып жиберипти. Айтылған бөлмеге барса Жумамурат Әбдимуратов буған орын алып қойған екен. Екеўи аманлық-есенлик сорасады.

Мыңбай жора, әкен қайтыс болыпты, жақсы адам еди, отыр, бир қуран қатым етейин, дейди.

Жумамурат аға қуранды баслайды. Қирәәти де жақсы екен. Қатым етилетуғын қуран қысқа бола ма, оқыған сайын Мыңбай ағаның көкиреги босасып, көзине жас үйриледи.

Қатым тамам болады.

Қуранның жолы қуры болмасын, — деп Мыңбай аға Жумамураттың алдына елиў сом пул қояды.

— Тартсаң-ә, елиў сомыңды! — деп сол ўақта Жумамурат аға пулды қолының арты менен қағып жибереди. — Оны аўылындағы дүмше моллаларына берерсең. Соз еки жүз сомды! Көрмейсең бе, мен он алтыншы қабатта қудайға қанша жақын турып оқып атырман!

## «ОҒАН ЎӘДЕ ЕТЕ АЛМАЙМАН»

Сатыпалды Мылтықбаев қатты наўқасланып қалып, емлеўханаға түседи.

— Сатыпалды аға, қан басымыңыз жоқары екен, — дейди шыпакерлер бир-еки күн өтип, тәўирлеў болған соң. — Буннан буяғына арақты қойыўыңыз керек болады.

— Қосшым, мен оған ўәде бере алмайман, — депти Сатыпалды сонда.

## УҚСАС ФАМИЛИЯЛАР

Жетписинши жыллары Қарақалпақстан телевидениесинде фамилиясы бир-бирине уқсас үш-төрт жигит бирге ислеген.

Бир күни олардың ҳәммеси жыйылып, бир көрсетиў таярлаўға туўра келип қалыпты. Ол ўақытлары көрсетиўди ким таярлағанын жазып көрсетиў үрдиси жоқ, оны диктор оқыйтуғын еди. Жаңағы сөз етилип атырган көрсетиў

тамам болганнан кейин диктор былай жуўмақ жасапты:

— Усының менен көрсетиўимизди тамамлаймыз. Көрсетиў редакторы — Қәлимбетов, режиссёры — Жәлимбетов, операторы — Әлимбетов, көрсетиўди алып барған Палымбетов.

## ЕЛЕ КЕТЕМЕН

Актёрлар гастрольда жүрген ўақытлары он-он бес күнде бир айланатуғын пайытлары болады. Актёр Әлимбай Сейтеков үйленген күнлери ғастрольдан бес күннен кейин үйине келипти.

— Усы ўақытқа дейин қаяқта жүрсең? — депти келиншеги тоңқылдап. — Күнде «бүгин келер, бүгин келер» менен еки көзим төрт болды ғо!

— Ҳаў, шабазым, баяғының қатынлары байы бес жыл урысқа кеткенде де күткен ғо, — депти Әлимбай. — Сен жүда, бес күнге шыдамай атырсаң. Мен еле қонайын деп атырғаным жоқ, кетемен, тек көйлек аўмастырып шығайын деп қайрылдым.

## ШАЙТАН БАР ЖЕРДЕ ЖИН БОЛАДЫ

Шоқтораңғылда Пирнияз шайтан деген киси бар еди. Ол Әлимбай Сейтеков пенен дайыллы жийенлиги бар екен. Бир күни мерекеде есик бетте шешиўли турған Әлимбайдың аяқ кийимин таныи, Пирнияз шайтан оны басқыларғысы келипти.

— Мынаў не, — депти ҳасасы менен Әлимбайдың туфлийин түртип. — Жинниң геўиши ме деймен. Буяққа қалай келип қалған?

— Әй, Пирнияз аға, шайтан бир жерде жинәм болады ғо, — депти сонда Әлимбай.

## БУНЫ БИЛМЕСЕҢИЗ ОҚЫМАЙ-АҚ ҚОЙЫҢ

Тахтакөпирли қызықшы Жуманазар Абутов пединституттың физика-математика факультетинде оқып жүрип, питкериўши жылы мәмлекетлик практикаға шығыпты. Бундайда практиканттың сабағын баҳалаў ушын артқы партада институттың муғаллими кирип отырады.

Жуманазар таза теманы түсиндирип тахтада мәселе шешип атыр екен. Жары ортаға келгенде есаптың қалған жағын қалай шығарыўдың жолын билмепти.

Сонда ол иркилместен!

— Оқыўшылар, мәселениң мәнисин түсиндиңизбе буннан буяғы әпиўайы арифметика, егер буны шеше алмасаңыз оқымай-ақ қойың — деп тәжирийбели муғаллимлердей порды тахтаның шетине қойып шығып кетипти.

## ПӘТИЯ

Әскербай шайыр Шахаманға қыдырып барса, дайыларының бир үйде мал сойдырып, қонақ болып отырғанының үстине шығыпты. Дайылары жийенин еркелетип, төрге отырғызыпты.

Аўқат жеп болғаннан соң!

— Ал, қәне, сен шайырсаң ғо, қосық пенен бир пәтия қылып жибер, — депти Әскербайға.

Әскербай кирип-шығып жүрип, қойдың терисин көрген екен. Дәрҳал қол жайыпты да:

Анаң мәлши еди, әкең қазақы,
Саған пышақ салған қандай дозақы?!
Жабылып жеп қойды гилен бузақы,
Сол себептен наймыт болдың қарақой! — деп аўмийин етипти.

## КҮНШУЎАҚ, КӨЗИҢДИ АШ!

Қуяш Юсупов «Еркин Қарақалпақстан» газетасының бас редакторы болып ислеп жүрген күнлери соқыр ишек болып, емлеўханада операция исленеди.

Операцияда наркоз көбирек кеткен болыўы керек, өзине келетуғын ўақыттан азғана кешигеди. Буннан қатты албыраған анистозолог, Қуяштың аты есине түспей:

— Күншуўақ, Күншуўақ көзинди аш! — деп шыр-пыр болыпты.

«Албыраганда ләббай табылмас» деген сол дә! Операция жақсы исленген екен, Қуяш бир-еки күн ишинде аяққа турып кетти.

## ТОҒЫЗ СОМНЫҢ ТАРИЙХЫ

Кегейлиде газетада ислеп жүрип, шайыр Атахан Хожанбаев пенен сегиз жыл бир кабинетте отырдым. Оның жүрис-турысы, сөйлеген сөзи анекдотқа қайым адам. Айырым гүрриңлеримниң персонажы да сол екенин бүгинлиги айтаберсек болады. Атап айтқанда, «Жойтылған жети сом» деген юморым тиккелей Атахан ағаның өмиринен алынды. Бирақ, ол жети сом емес тоғыз сом еди.

Бир күни Атахан аға азан менен ҳүрейи ушып жумысқа келди.

— Тоғыз сомымды жойтып алдым, — деди ол.

— Қашан?

— Билмеймен, кеше усы кеңседе жойттым ба, я азанда ерте Халқабадтан «Колхида» машынның кабинасына минип келип едим, сонда түсирип алдым ба...

Ол маған усыны айтты да, ҳәмме столдың тартпаларын, мениң столымды да аўдар-тенкер етип қарай баслады.

— Я, сен таўып алдың ба? — деди маған гүманланып қарап.

— Яғаў, Атахан аға!

— Таўып алсаң бирақ, бересең ғо?

— Бермей не қыламан?

Ол минген машинасының номерин 3116 автокәрханаға қараслы екенлигин биледи екен. Дәрқал кәрханаға, соң Халқабадтағы автоинспекторлар постына қоңыраў етти. Жолдан өтсе дәрҳал иркип, оның жойтып алған тоғыз сомың сораў керек екен.

Түске дейин жумыс ислеп берекети болмады. Мен аўылдан қатнайтуғын болғанлықтан, рестораннан аўқатландым да келдим. Атахан аға кешлеў келди.

— Түсте қаяққа бардың? — деди ол маған.

— Ресторанға.

— Биреўдиң пулы болған соң ресторанға барасаң дә!

Мен оның минезин билетуғын болған соң ашыўланбадым, күлдим.

— Сен өйтпейсең ғо, я? — деди ол кейин қысынғандай болып. — Ҳаялға айтып едим, мен табайын, сен шаша бер, деп бақырып таслады.

Бийшараның түстен кейин де ырыл-тырыл күни өтти. Азанда және қара түтин болып келди.

— Кешеги шофер үйге келип мени сөгип кетти, — деди ол. — Сениң тоғыз сомыңа қарап отырман ба? — деп. Темир услаған адам ашыўшақ болады екен ғо.

Ол бөлмениң ишинде арман-берман жүрди.

— Кеште ҳаял палаў писирген екен, бәрин қайтарып тасладым, — деди тағы бир ўақта.

Неге?

— Мен өзи сондайман ғо. Бир нәрсемди жойтсам, жүрегиме ас батпайды.

Солай етип Атахан ағаның «қайғылы күнлери» үшинши күни тамам болды. Ол азан менен күле шырай берип келди.

— Кешеги түриме қара, бүгинги түриме қара! — деди қуўанып.

— Аўа, жүзиңе қан жуўырыпты, — дедим мен.

— Тоғыз сом табылды ғо!

— Қой-әй, ким алған екен?

— Ҳеш ким алмаған, бизиң ҳаял жасырып қойган екен, мени сынайын деп. Ол деген ямана ақыллы ғо, адамды сынайды...

Егер тоғыз сом табылмағанда ўақыяның изи не менен жуўмақланатугынын билмедим.

## АЯМАЙЫҚ, БИЛДИҢ БЕ?

Мыңбай Юсупов Кегейли районына атқарыў комитетиниң баслығы болып барғаннан кейин, келиншеги Пердегүл Еденбаева районлық газетаға редактордың орынбасары болып жумысқа орналасты.

Бир күни Нөкисте журналистлердиң съезди болатуғын болып, оған районнан Пердегүл Еденбаева, Атахан Хожанбаев, Елеген Өтегеновлар делегат екен. Бир күн бурын бухгалтериядан жол кирейлерин алды. Кейин Атахан аға менен Елеген аға ертең азанда ерте шығыў кереклигин, өзлерин таныйтуғын шофёрлардың автобусына миниў, дым болмаса книж-

ка көрсетип түсип кетиўи хаққында кирип шығып жүрип көп ойласты.

— Мыңбайдан ертең бир күнге машынын сорадым, — деди бир ўақта Пердегүл апа оларға, — Азанда ерте бәндиргиге шықсаңыз екеўиңизди де алып кетейин.

Атахан аға өзинде жоқ дәрежеде сүйинип кеткен еди.

— Ҳәй, Елеген аға, — деди Пердегүл апа сыртқа шыққан пайытлары. — Тап, азанда ерте үйиниң қасына барып, өзинен бурын машынына минип алайық. Барғанша салмағымызды салып отырайық, аямайық, билдиң бе?

Екеўи ишек-силеси қатып, бир-бири менен шаппат урысып күлисер еди.

## ҚУТЛЫ БОЛСЫН

Атахан Хожанбаев Нөкисте шайыр Толыбай Қабулов, журналистлер Клим Назбергенов, Өтепберген Байлепесовлар менен институтта бирге оқыған. Ол ҳәрдайым Нөкиске келгенде жораларынан ишип-жейди де, бирақ, өзинен бир сом шыгармайды екен.

— Атаханнан бир шийше арақ ишиўге болмайма, сирә! — деп ойласыпты бир күни олар.



— Болады, — депти Толыбай аға. — Оны өзим қатыраман.

Бир күни Атахан аға Нөкиске келипти. Толыбай менен Клим ушырасыпты да, Өтеп жумыста жоқ екен.

— Ал, Атахан жора, — депти Толыбай Кабулов. — Өтеп жораң гөне қаладан жай алды. Бизлер бардық. Енди сен-әм қутлы болсынға кирип шықпасаң болмайды.

— Онда барайын. Бирақ, бирге барайық, — депти Атахан.

Олар үшеўи пыядалап жолға шығыпты.

— Атахан! — депти Толыбай аға азымаз жүргеннен кейин. —Қутлы болсынға бос баражақсаң ба?

Атахан аға албырап қалыпты.

— Онда не апараман?

— Ақша апар... Яқ, ақша да керек емес, Өтеп сениң ақшаңа қарап отырма? Уят болады. Сен мына гастрономға кирип, еки шийше арақ ал, закускасы менен. Барған ўақта қысынбай өзлеримиздиң алдымызға қояғояды.

Атахан аға айтқан арағын алыпты. Үшеўи кетип баратырып, ҳәзирги Бердақ атындағы сазлы театрдың жанындағы скамейкаға барып азымаз отырыпты. Бурын бул жер футбол стадионы еди.

Ҳәй, Атахан жора, — депти Толыбай аға сол жерде, Усы бизлердиң жүрисимиз жүрис пе, зәлел көрген базаршыдай, мойнымыз салбырап... Оннанша ана еки шийшениң биреўин ишип алып, кеўилленииңкиреп барайық. Өтепке де абай-сыясат болсын.

Үшеўи бир шийшени босатыпты.

— Ал, енди қалған бир шийшени не деп апарамыз? — депти Толыбай аға тағы қуўлық етип. — Өтеп өкпелемей ме? «Мен бир шийше арақ таба алмас па едим?» демейме. Кел, буны да ишип таслайық.

Қутлы болсынға жетпей атырып-ақ, еки шийшени ишип таслап, қалғанын Өтептиң үйинде даўам етипти. Ол ўақытлары Толыбай Қабулов «Қарақалпақстан» баспасында редактор, Клим Назбергенов газеталардың биринде әдебий хызметкер қулласы, екеўи де баспа сөз үйинде жумыс ислейди.

Атахан үшеўи Өтептиң үйинен түнлетип қайтып, баспасөз үйине — Толыбайдың кабинетине келеди.

Клим екеўи Атаханды еки шийшеге түсиргенине мәс.

Бул ҳаққында Өтепке де мақтанған.

— Ўәй, Атахан жора-әй! — депти Толыбай Атаханның арқасынан қағып. Қалай сөйтип,

аўыл-еллер аман ба? Кемпир саў жүрме — Райхан апам?

— Апам қайтыс болды ғо.

— Я? Ўаҳ-ўақ, әттегене-әй! Неге айттырмадың.

Қолынан талай қатық сүт ишип едик.

Толыбай Қабулов кеўил айтып үлгермей-ақ Атахан еки бүйирин таянып, саз даўысқа салып жиберипти.

— Анажаным, ўай-ўай! Жетим қалдым, ўай-ўай.

Қаяқтан сени табаман, ўай-ўай!

Ана екеўиниң ҳүрейи ушып кеткен. Түнги даўыс усыннан төменнен қараўыл жуўырып келсе шатақ. Ертеңине баслықларына айтады, соң партиялық мәселеси қаралады.

— Қояғой, Атахан!

— Яқ, коймайман, ўай-ўай!

Енди не қылайық, қудайдың иси. Қояғойса, жоражан!

— Қоймайман! Бағанағы еки шийше арағымды қайтып әперсеңиз қояман.

Ақыры, Толыбай менен Клим шығарыспақ етип, күндиз ийт мутыга алған еки шийше арағын, түнде саўдагерлерден еки баҳасына алып, Атахан ағаны зорға қойдырған екен.

Атахан аға ҳәзир ҳүрметли дем алыста. Биз билген ўақыялардың ишинде еле оның жораларынан пәнт жеген жери жоқ.

## ҒАРҒАЛАР НЕГЕ ПӘСЛЕП УШЫП ЖҮР?

Улмамбет Хожаназаров Нөкис районында ҳәким болып ислеп жүрген пайытлары гүзде сыртқа шығып турса, ғарғалардың пәсиректен ушып жүргенине көзи түседи.

— Быйыл қыс ерте түсе ме деймен, ғарғалар пәслеп ушып жүр ғо, — депти Улмамбет турып.

— Пәслеп ушпай не қылады, көтерилгенин атып түсире берсең, — депти сонда қасында турған Турсынбай Әбдижаппаров.

Турсынбайды Улмамбет сол күнлери жумыстан босатқан ўақытлары екен.

## МӘДИЙНАДА МУХАММЕД

Улмамбет ҳәким ўақытлары дастурқан үстинде:

— Қәне, Турсынбай, аўмийин ет, — депти жас киши болса да оған рухсат берип.

— Мадийнада Мухаммед, Туркистанда Хожахмет, Ақманғытта Улмамбет, жарылқаўдың ғамын ет, аўмийин, — депти Турсынбай.

## «АТАХАНҒА БИР ЖӘРДЕМ БЕР»

Шайыр Улмамбет Хожаназаров Нөкис районына ҳәким ўақтында Кегейлиши шайыр Атахан Хожанбаев қаўын сорап келипти.

Ол бир жапырақ қағаз алыпты да, сол ўақыттағы овощ-палыз хожалығының басшысы Турсынбай Әбдижаппаровқа сәлемнама жазып берипти.

Кегейлиниң бас шайыры,
Қудай алдында жоқ айыбы,
Болса қаўыннан тайыны,
Атаханға бир жәрдем бер.

Сәлемнаманы оқып көрип Турсынбай «бөлим баслыққа» деп төменине ол да жазыпты.

Сатылып та кетти-аў биразы,
Ҳәкимнен бар екен қағазы,
Қайтпай-ақ қойсын наразы,
Атаханға бир жәрдем бер.

Сөйтип Атахан еки сәлемнаманың шарапаты менен бир тележка қаўын алып қайтыпты.

## ПАЛ ТАМЫП ТУРҒАН ЖОҚ ҒОЙ

Улмамбет Хожаназаров биреўлердиң өтиниши менен Өскинбай деген жигитти басшы

лаўазымлардың бирине жумысқа қоятуғын болып, ҳәр ким-ҳәр кимнен ол ҳаққында мағлыўмат сорапты.

— Жаман жиғит емес, қолынан жумыс келеди, — депти билетуғынлар. — Бирақ, тили ашшылаў, келген гәпти иркип отырмайды.

Улмамбет Өскинбайды қабыллап, ҳүжжетлерин оқып отырып:

—Сени жигитлер «тили ашшылаў» деп еди, неге ашшы екен десем паспортта атың «у»дан басланған екен ғо, —депти.

Сонда Өскинбай дәрҳал:

—Кеширерсиз, ақсақал, сизиң атыңыздан да пал тамып турған жоқ ғой! —деген екен.

—Бопты, алындың жумысқа! —депти гәптен утылған ҳәким.

## ҒАРҒА ҚАЯҚҚА ҚОНАДЫ?

Бахыт Муртазаев Нөкис районына ҳәким болып барғаннан кейин көп узамай, Турсынбайды бурынғы жумыс орнынан босатып, тоғай хожалығына баслық етип қояды.

Бахыт иним, Әширбай билген жоқ еди ғарғаның қаяққа қонатуғынын, Улмамбет билген жоқ еди, ғарғаның торañғылға қонатуғынын сен билдиң, — депти Турсынбай.

Оның руўы ғарға кенегес екен.

Лекин, көп өтпей тоғайға от тийип, «ғарға» ол жерден де «ушып кетти».

## ИШИРТКИ

Халық аўзында «Халмурат доктор» аты менен данқ шығарған белгили шыпакер Оразымбет Халмуратовқа тек бизиң республикамыздың емес, қоңсылас Хорезм, Ташаўыз ўәлаятларынан да бийтаплар келип, тез-тез көринип турады екен. Бир күни Ташаўыздан бир ғарры өзиниң кемпирин әкелип көрсетипти. Оразымбет доктор бийтапты көрип, кишкене қағазға рецепт жазып берипти.

— Ақсақал, усыны үш мезгил шай менен кемпириңизге ишкизиң, саўалып кетеди, — дейди. Соң арадан еки ҳәпте өтип, ғарры кемпирин ертип тағы келипти.

Рахмет иним, — депти ғарры докторға. Берген иширткиңди үш мезгил шайға салып ишкизип едим, кемпирим аттай болып саўалып кетти.

## БИЗЛЕРДИ БИЛЕ МЕ?

Жетписинши жыллары Нөкисте тез-тез поэзия байрамы өтип туратуғын еди. Оған Москвадан, Ленинградтан қоңсылас Қазақстан,

Қыргызстан республикаларынан шайырлар катнасады. Олардың ҳәр бирин қарақалпақ жазыўшы-шайырлары аэропорттан күтип алады.

Бир сапары қазақ, жазыўшыларын күтип алыў пайытында шайыр Кенен Әзирбаев:

— Ал, биз Нөкиске поэзия байрамына келе жатырмыз, осы биздерди сиздиң жақтың оқырмандары биле ме? — депти сәлемлесип атырып.

Сонда Тилеўберген Жумамуратов иркилместен:

— Ким билмейди қазағым Кененимди,
Көп оқыдым жыр менен өленинди,
Нөкистиң радиосы жаңлатып тур,
«Ҳарамқатқыр көк шолақ» дегенинди,

деген екен.

Қазақ шайырларының кеўли көтерилип қалыпты.

## БАСҚЫ

Қарақалпақ-қазақта басқыласпа деген үрдис бар. Шайырлар әдетте басқалардай сөз бенен емес, қосық пенен басқыласады.

Тилеўберген Жумамуратов төкпе шайыр еди. Ол көбинесе қазақ қәлемлеслерине турған жерде қосық шығарып, албыратып таслайды екен.

Бир күни Тилеўберген аға Алматыға барғанында, аўзы писken қазақ шайырларының бири буннан бурын шаққанлық етип, былай депти:

Қарақалпақтың бир шайыры Тилеўберген,
Өзи де басқалардан жүдеў келген,
Алматының көшесинен жүргенинде,
Бир аяғы бир аяғына тиреў берген.

Негизинде Тилеўберген аға бир аяғын сылтеп басатуғын еди.

## ИШТЕЙ ДӘРИ

Аббаз Дабылов Оразымбет доктор менен заманлас, қатар болған. Бир күни ол докторға келип жағдайын айтыпты.

— Оразымбет достым, онлаған күн болды, иштейим бузылды. Ҳеш нәрсени мейлим алмайды. Соған бола дәриң болса берсең.

Наўқастың жай-жағдайын анықлаңқырап билип болғаннан кейин, Оразымбет доктор Аббаз шайырға еки жүз граммлық шийшеге дәри қуйып берипти.

Усы дәриден үш мезгил аўқаттан алдын бир қасық ише бер. Дәриң таўсылса тағы келерсең.

Шайыр бир ҳәптеде дәрини таўысып, қайттан келипти.

— Аўҳалың қалай? — депти Оразымбет оған.

— Дым жақсы. Иштейим де ашылды. Бирақ, дәриң таўсылып қалды. Бар болса және бер, — дейди Аббаз шайыр.

— Оның несин меннен сорайсаң. Дүканнан алып ише бермейсең бе? — деп күлипти сонда доктор.

Ол Аббаз Дабыловқа азғана суў қосылған спирт берген екен. Ал, Аббаз болса өзи ахун адам, улыўма спиртли ишимликти татып көрмеген адам болған.

## ТАЎЫҚТЫҢ ШОНДЫСЫ

«Әбдир, Әбдир дейсең, дымғозасын өзиң жейсең» — деген гәп ел ишине кең тарап кеткен. Сол Әбдир атамыз бир күни Кегейлидеги «Қойбақ» деген аўылға қыдырып келипти.

— Әбдир аға келипти, көрип қайтайық — деп аўылдың белгили-белгили жасы үлкенлери сәлемге барыпты. Сол қатарда өзиниң есерлиги менен ат шығарған Бектай деген киси бар екен. Сәлемге ол да келипти.



— Сиз ким боласыз? — деп сорапты Әбдир оннан сәлемлесип болған соң.

— Мен Бектай деген боламан!

— Хе-е, Бектай деген жилли бар деп еситетуғын едим, сол сен бе единң?

— Аўа, сол мен. Өзиң ким боласаң?

— Мен Әбдир дегенмен.

— Хе-е, — депти Бектай да, — таўықтың шондысына таласатуғын Әбдир деген бар деп еди, сол сен бе единң?

## ҚОСЫЛЫП ШАБАЖАҚ ПА ЕКЕН?

Жигирмаланшы әсирдиң басында Қарақалпақ аўылларына айырым түркмен феодаллары тез-тез шабылыў жасап, малларын, қызларын алып кетип турған, Аяпберген шайырдың:

Көлге қапқан аман қалар,
Қашпағанды яумыт алар,
Көлге қаш ярым, көлге қаш!

— деген қосығы да сол дәўирлерде жазылған.

Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Қуўатбай Әбдирейимовтың студент жыллары екен. Ол Кийик Эгамовнаны келин етип әкелип, үйме-үй хабаршы кетипти.

— Қуўатбай қыз әкелди.

— Әбдирейим ағаның баласы қыз әкелди.

Бул хабарды еситкен Әбдирейимниң жораларының биреўи хабаршыны иркип сорапты:

Кимниң қызы екен әкелгени?

— Билмедим, туркмен дейди.

— Ҳә, заңғардың Әбдирейими, — депти сонда ол. — Тахтакөпирди бир өзи шабалмай жүр еди, енди келини менен қосылып шабайын деген екен дә!

Қуўатбай ағаның әкеси алдынырақ районда милиция хызметкери болып ислеген екен.

## ОРЫП ҚОЙМАҢ

Дағыстанда Қарақалпақ әдебияты ҳәм мәденияты күнлери өтип атыр екен. Таў халқының аўқаты өзгеше. Азанда да, түсте де, кеште де аўқатқа хәр түрли пайдалы шөплерден қосып таярлайтуғын болса керек. Буған көнлиге алмаған бақсы Генжебай Тилеўмуратов бир күни үйине коңыраў етип:

— Ҳәй, шабазым, балларға айт, ана үйдиң алдындағы жоңышқаны орып қоймасын, барған соң жеймен, — депти.

## ЖЕҢИЛМЕС ШЕШЕН БОЛМАЙДЫ

Ҳақыйқатына келгенде өмиринде бир мәрте жығылмайтуғын палўан, жеңилмейтуғын

шешен болмайды. Илимпаз Қәлли Айымбетов гәпке шешен, басқыласпада алдына адам салмайтуғын болған. Бир күни ол Халқабадта мерекеде отырып, сол ауылдың муғаллими Атабай Дошетовты басқылап кетипти. Қәрекеңниң басқыласпасында қарсы гәп тауып айта алмадың ба тамам, мерекеден шығып кетиуге мәжбүр боласаң.

Сол сыяқлы Атабай Дошетов та әдеуир басқыға түсипти. Бир уақлары шыдамай:

— Ҳәй, Қәлли аға, барлық шашыңды жыйнап алдырғанда бир ләнкиге жетпейди, сөйтип жүрип маған күлгениңе хайранман, — депти.

Қәлли аға оған қайтарып жууап таба алмай, мерекеден шығып кетипти.

## БУЯҚТА ОТ ТИЙИП АТЫР

Шарап Уснатдинов телевидениеде баслықтың орынбасары болып ислеп атырған пайыт.

Уақыт бираз болып баратырған, ауқатты салайын десе Шарап жоқ. Ақыры, Саятхан жеңгей жумысына қоңырау етипти:

— Үйге қайтпайсаң ба, ауқатты саған қаратып отырмыз.

— Пай, сен-әм тап усы ўақта аўқаттың басын аўыртасаң, буяқта от тийип атыр! — деп трубканы жаўып таслапты.

Буны еситип отырған әкеси:

— Келин, қайттан қоңыраў ет, тез сыртқа шықсын, өйердиң қуўыс қолтығы көп, есикти таба алмай қалады, — депти.

Уснатдин ғарры көп жыл телеорайда қараўыл болып ислеген еди. Шарап аға болса жумыстың баса-бас болып атырғанын айтпақшы екен.

## ШЫҒАРЫП ЖИБЕРИҢ

Қәлли аға сөзшен, анекдотшыл адам. Жас жигит ўақытларында оны «сабақ өтпейди, анекдот айтып отырады-я» деп институттан жумыстан шығарып жиберипти. Ол да ашыў менен Ташкентке кетип, еки-үш жылдан илим кандидаты болып қайтып келипти.

Илимпаз муғаллим институт ушын хаўадай зәрүр. Дәрҳал кайтадан жумысқа алады. Еки-үш жыл өткеннен кейин тағы буның үстинен гүзе сынады.

— Сабақ өтпейди, анекдот айтып отырады. Не қылыўымыз керек?

— Шығарып жибериң, — депти Қәлли ағаның өзи турып. — Докторлық диссертациямды питкерип келейин.

## КИМ КИЯТЫР ДЕСЕМ

Қәлли Айымбетов гәптиң рети келип қалған жеринде дәрҳал анекдот тоқып кетеди екен.

Бир күни ол азанда жумысқа баратырса, алдынан обкомның лекторы Уснатдийин Сүйинов пенен Тилеўберген Жумамуратов киятыр екен. Бул ақсақаллардың екеўи де бир аяғын силтеп басады екен, биреўи он жағына, биреўи шеп жағына.

— Ассалаўма алейкум, — депти Қәлли аға алдынан шығып. — Скобкадай ашылып-жаўылып киятырған ким екен десем сизлермедиңиз?

## БҮГИН ДЕ БАРА АЛМАЙМАН

Пединститутта муғаллим болып ислейтуғын Насыр аға Камалов күлдирги сөзли, мерекешил жигит еди. Бир күни қыдырыспаның қызығы менен үш-төрт күн үйине бармай қалыпты.

— Ҳаял, не писирип атырсаң? — деп үйине коңыраў етипти Нөкиске келген соң.

Күйеўиниң, дәрегин қаяқтан сорарын билмей күйип отырған ҳаял:

— Зәҳәр! — депти ашыў менен.

— Ҳә, онда өзиңе боларлық писире ғо, мен бүгин де бара алмайман, — деп Насыр аға трубканы жаўып жиберипти.

## «БИР СОРАП КЕЛДИМ»

Бақсы ҳәм мелодист Аңсатбай Қайратдинов Нөкис педагогикалық институтында оқып жүрип, имтиханлардың биринен еки алып қойыпты. Қайта тапсырыўға жүреги даўамаған ол, әкесин қәтереге жиберипти.

— Балам, — депти Аңсатбайдың әкеси Қыяс жыраў институт ректоры Тәжен Изимбетовтың алдына келип. — Бизиң Аңсатбайжан өз күши менен еки алған екен, соның үстине бир сорап келдим.

Әлбетте, «Үш» қойып бер дегеннен, «бир» сораған өз алдына да!

## МИЙИМЕ ҲАЗАР БЕРМЕЙМЕН

Айтжан Абдалиев өзине ылайық комик, талантлы шебер актёр еди. Лекин, ядлаўға келгенде сәл умытшақлаў екен. — Ағажан-аў, текст сәл мийде усланқырап оқыса! — деп

режиссёрлар күйип писип атырса, — Айтжан аға:

— Қосшым, қудайдың берген қурттай мийи бар, оған өзим ҳазар берсем, басқалар не қылмайды, — депти.

## «ДОСБЕРГЕН ҒЫҢ!»

Айтжан аға менен Досберген Ранов тез-тез шахмат ойнап турады екен. Айтжан аға ойын барысында пәрўайы-пәлек, ҳәр түрли қырсық гәплерден салдырып отыра береди. Буған нерви шыдамаған Досберген Ранов үсти-үстине утыла берипти.

— Айтжан аға, — депти Ранов шахматты қайтадан дизип атырып. — Тап, енди бир ғың десең, маңлайыңа ураман!

Айтжан аға шахматты дизип болыпты да, бир ход жүрип:

— Досберген қосшым ғың! Ҳәй, Досберген, ғың! Ғың! деймен. Досберген!

Буган шыдамаған Досберген аға күлип жиберип, жасы үлкеннен кеширим сорапты.

## «АЙТЖАН АҒА БУЗДЫҢ»

Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик сазлы театрының хормейстери Сапарбай

Палӯанов театрдың барлық жәмәәти менен хор таярлап атыр екен. Қараса, бир даӯыс бузып кете береди.

— Айтжан аға, буздың, — депти хорды тоқтатып Айтжан Абдалиевке.

Болады, қосшым. Енди бузбайман, депти Айтжан аға да. Хор даӯам етипти.

— Айтжан аға, буздың, — депти хормейстер тағы тоқтатып.

Хор үшинши рет даӯам етипти.

Айтжан аға, буздың! — депти хормейстер әбден күйип-писип.

Ҳаӯ, иним-аӯ, қаяқтан бузаман, — депти Айтжан аға сонда, — Мен улыӯма айтып турған жоқпан ғо!

«Буздың» дейберген соң, ол тек аӯзын қыймылдатып турған екен.

## «УСЫННАН НАН ЖЕП ОТЫРСАҢ»

Режиссёр Рейимбай Төрен響 Төренияզов актёр Айтжан Абдалиевлар бир-бири менен заманлас. Лекин, жумыста заманлас, жора-жолдаслық болмайды.

Айтжан ағаның сөз ядлаӯға сәл шорқақлығы бар екен. Бир күни Рейимбай Төренияզов оған:

— Әй, Айтжан, дурыслап ядлап келсең-о қарақаның болғыр, усыннан нан жеп отырсаң ғо! — деп бақырыпты күйип кетип.

— Әй, нан жемесек бөлишки-ақ жермиз дә! — депти Айтжан аға пәрўайы-пәлек.

Ҳәмме дуў күлисип, режиссёрдың ашыўы тарқап кетипти.

## «ТҮНДЕ УЙЫҚЛАЙТУҒЫН АДАМ»

Өткен әсирдиң тоқсаныншы жыллары ағайин-туўғанлар бир-бириниң сүўретин телевизордан берип, туўылған күни менен қутлықлайтуғын үрдисти баслады. Қайсы бир жылы ағайинлер мени де туўылған күним менен телевизордан қутлықлапты.

Өзим айына еки-үш мәрте экраннан көринип жүрсем де, бунның орны бөлек екен. Бала шағамыз бенен риза болып қалдық. Сөйтип концерт көрип, кино көрип, енди жатайын деп атырсақ, есиктиң қоңыраўы шыңғырлап, бир топар актёрлар саў-ў етип кирип келди. Алдында Шамурат аға, Айтжан аға, кейининде жаслар.

— Ал, туўылған күнлер қутлы болсын!

— Он бола берсин! Жаңа бир жерде қонақта отырсақ телевизордан көрип қалдық...

Қулласы, «келгенше қонақ уялады, келген сон қонақ жер уялады» дегендей, қонақларға шай-суў қойылды, арнап қазан асылды. Лекин, биймезгил асылған тамақ ҳә дегенде писеғояма. Ўақыт биразға барып қалған қусайды.

— Ҳәй, Муратбай иним, — деди Айтжан аға маған. — Мениң бир жаман әдетим, түнде уйқылайтуғын едим.

Мына гәптен қысынғанымыздан, газдың еки ошағын қатар жағып, дәрҳәл аўқатты тарттық.

## «ОЙЫН ДЕГЕН БОЛДЫ ҒО!»

Радиода редактор болып ислеп атырған Зайда Қәллибекова бурын театрда Айтжан ағалар менен бирге ислескен екен. Ол ўақытлары мен де телевидениеде ислеймен, тез-тез бирге бас қосысып турар едик. Айтжан аға Зайданы көрсе дәрҳал балдызындай ҳәзиллесе кетеди. Усындай ҳәзилдиң биринде кабинетте адам көпшилик еди, Зайданың ашыўы келди:

Не, Айтжан аға, ойын деген болды ғо, енди! деди шыдамай.

— Яқ, ол айтқаның бөтен емесғой, қарағым, — деди Айтжан аға қабақ шытпастан. — Ойын деген бола береме, қашшан ыраслайтуғын ўақтымыз болды ғо!

Ҳәмме дуў күлип жиберди. Бундай таяр жуўаптан Зайданың да ашыўы тарқап кетти.

## ЕРМЕСЕ ҚӘЙТЕЙИН

Ҳалқымыз арасында ҳәр сөзи анекдотқа айланып кеткен инсанлар баршылық. Солардың бири — актёр Айтжан Абдалиев еди.

Айтжан аға ҳаялы Қаншайым жеңгей менен базарға кирип киятыр екен, алдынан актриса Райхан Сапарова шығыпты.

— Айтжан аға, жеңгейди ертип шығыпсыз ғо, — депти Райхан күлип.

— Басқасы ермесе қәйтейин, — депти Айтжан аға ойланып турмастан.

## ӨЗИМ ДЕ УЯЛАМАН

Айтжан ағаның көшесинде бир жигит қыз әкелипти. Қыздың шешеси аўызлырақ деп еситкен көше бийлери, «Сиз барың хабаршыға, сизди сыйлар» деп Айтжан ағаны жиберипти.

Айтжан аға дизе бүгип, нан аўыз тийгеннен кейин хабарды айтыпты.

— Бағана келген ўақта-ақ түриңнен қорқып едим, сықылың келиспеген адамсаң! —деп ҳаял баж ете қалыпты.

— Дурыс айтасаң қарағым, — депти Айтжан аға сынын бузбастан. — Өзим-әм айнаға қараўға уяламан. Бирақ, қызыңды алған бала суқсырдай-аў!

Бираздан кейин үйдиң хожайини келип, Айтжан ағаны танып, жақсылап мийман қылыпты. Қыздың шешеси бағанағы гәпине уялып, Айтжан аға қайтаман дегенше үстине кире алмапты.

## ЖИННЕН ҚАЛМА ШАЙТАНЫМ

Шешенлик бирде ата тәрептен өтеди, бирде шеше тәрептен. Айтжан ағадағы гәпке шешенлик анасынан өткен болса керек.

Айтжан ағаның өзинен үлкен Ийса деген ағасы бар екен. Ара-тура үйге мәс болып келетуғын қусайды. Анасы баласы келгенше жол қарап турады. Бир күни қараса Ийсаны қоя берип, Айтжан да қыйсаңлап киятырған қусайды.

Сонда анасы есик алдында турып:

—Бәрекелла!
Аттан қалма байталым,
Жиннен қалма шайтаным,
Ийсажаннан қалагөрме Айтжан, —

деген екен.

## «ҚӘЙДЕМ, ҚУДАҒАЙ»

Айтжан ағаның жаңа үйленген күнлери екен. Үйине ҳаялының анасы қыдырып келипти. Ол, қызы ҳәр кирип келгенде:

Үйп-пей, қызым-әй, етиң кетип сүйегиңе тақалыпты ғо, етиң кетип сүйегиңе тақалыпты ғо, -дей берипти.

Бир айтып та қоймапты, еки айтыпта қоймапты. Ақыры, бирге шай ишип отырған Айтжан ағаның анасы шыдамай:

Қәйдем, қудағай, гөшти шәңгектен алып жеп отырмыз, — депти.

## ТҮСИНБЕГЕНИҢ ДУРЫС

Нәжиматдин Аңсатбаевтың Москвадағы режиссёрлық курсты питкерип келген күнлери екен. Ол устазларынан үйренгенлерин гә қарақалпақша, гә орысшалап актёрларға сол Москваның көз қарасынан талап қойып атырса, Айтжан аға пәрўа қылмай, қапталындағы адам менен сөйлесип отыра берипти.

Айтжан аға, бул не өзи, түсинбедим ғо, — депти Аңсатбаев ашыўланып. Сонда Айтжан аға:

— Түсинбегениң дурыс қосшым, бизлер қарақалпақша сөйлесип отырмыз, — деген екен.

## ҮСИЙЕРДЕ ИСЛЕЙМЕН ҒО

Атағулла Худайбергеновтың мәденият министри ўақты. Хызмет бабында театрға келсе, сырттағы скамейкада Айтжан ағаның отырғанын көреди.

— Ҳә, Айтжан, неғып отырсаң? — депти оны сөйлеткиси келип.

Айтжан аға да сынын бузбастан:

— Үсийерде ислеймен ғо, — депти. Атағулла аға күлип жиберипти. Ақыры, оның өмир бойы сөйерде ислейтуғынын ол да биледи ғой!

## АБАЙЛАҒАН ЕКЕНСЕҢ ҒО!

Режиссёр Қуўатбай Әбдирейимов нәўбеттеги пьесаны стол дөгерегинде актёрлар менен оқып отырса, қәдимги Айтжан ағашылық, ҳәр кимди бир күлдирип, кесент бере берипти.

Айтжан аға, адам емес екенсең? — депти Әбдирейимов ақыры шыдамай.

Айтжан аға пәрўайы пәлек:

— Абайлаған екенсең ғо! — депти.

## ПИРНАЗАР ҲӘМ ЖИГИТ АҒАСЫ

Бизлердиң аўылдың арқа тәрепиндеги «Шүйит аўыл»да Пирназар деген ғарры бар еди. Ол киси сексенинши жыллары қайтыс

болды. Пирназар ағаның өзи тири гезинде де елге бираз анектодлар тарады.

Пирназар аға жаслығында жүдә тартыншақ, уялшақ, болған екен. Соның себебинен үйлене алмай көн жүрген. Ата-анасы оны сөзге шешенлеў Сейтназар деген жорасына қосып қыз айттырыуға жибереди.

Жолда Сейтназар үйленежақ жигитти әбден писиреди «Мен не айтсам дым үндемей орынлай бересең, болмаса қыз бала деген шайтан болады, сынап отырады» дейди.

Кемпир-ғарры силтеп жиберген үйге барады. Ол ўақытлары қыз айттырып жүрген жигитлерден жол болсын соралмайды. Келип, тымпыйысып отырғанының өзинен белгили.

Қыз жаўшы болып келген жигитлерге жүўери жарма писирип, алдыларына қояды. Жүўери жарманың басқа аўқатлардан өзгешелиги, үсти қаймақласып турады да, пуў шықпайды. Буннан сада Пирназардың хабары жоқ екен.

— Ал, жора, мына жарманы бизлер келмейақ писирип қойған ба деймен суўып қалыпты, депти Сейтназар қуўлық пенен. — Неде болса сыр бермейик, күйеў атымыз бар, тез-тез ишип таслайық.

Ол заманның ағаш қасығын толтырып уртласаң, иши бир шайкеса қурақым алады. Пирназар жол бойы «жигит ағасы» ның айтқанына ләббай деп турыўға ўәде берген байғус, қасықты толтырып уртлап жиберип аўзы күйип қалыпты.

Соннан, қыз айттырыў бир жақта турсын, жол-жөнекей екеўи төбелесип қайтқан екен.

## АЎМАДАЙ ИШЕ БЕРИППЕН

Арадан төрт-бес ай өтип, баяғы мәлел умыт болғаннан кейин, Пирназар менен Сейтназар және қыз айттырыўға шығыпты.

Ол заманның уялмастай тамағы — жарма. Бул айттырып барған қызы да жиғитлерге жарма писирип әкелипти.

— Ал, Пирназар жора, қыз писирген аўқатты қалдырып ишкен қатты айып болады, таўысып қояйық, — депти Сейтназар. Сөйтипти де өзи ҳәр ўақта бир уртлап отыра берипти. Ақ көкирек Пирназар табақтан басын көтермей жаңа ишип таўысқан ўақытта қыз кирип келипти.

— Ҳаў, Пиреке, саған жарысып мен-әм аўмадай ише бериппен ғо, — деп Сейтназар өзиниң табағын ысырып қойыпты.

Қыз айттырған жаўшылар бул рет те жол бойы жағаласып қайтқан екен.

## МУЎСАНЫҢ ЖОЛЫ ҚАЛДЫ ҒО

Пирназар аға өзи уялшақ болған менен қатты хош ҳаўаз болған. Жас жигит ўақытларында қолайлы ўақыт таўып, аўылдың сыртындағы жер төлеге қарай бир өзи кетеди екен дә, арадан бираз өткен соң қайтып келеди екен. Буны, ҳәр кимниң талабын ислеп, мудамы дүзде жүретуғын Бекмурат көреди. Бирақ, ол қаяққа барады, не ислейди, түсинбей ҳайран. Бир күни әсте-ақырын изинен аңлыйды. Аңлыса, Пирназар төлеге кирип алып, бир заман демин ыраслап:

— Я бисмилла, Ешан бақсының жолына — деп еки-үш қосық «жаздырыпты».

Буны болғаннан кейин:

— Жапақтың жолына! — деп үш-төрт қосық айтыпты.

Еки бақсының жолына жети-сегиз қосық айтып болған соң, тынып:

— Енди кимниң жолына айтсам екен? — деп гүбирленипти. Сонда төлениң пәтигинен қарап аңлып отырған Бекмурат:

— Ҳей, Пирназар, Муўсаның жолы қалды ғо, — депти.

Уялшақ адамның ашыўы жаман болатуғын қусайды, Пирназар төледен жуўырып шығып Бекмуратты буўындырып атырған ўақытта, жақын жерде мал жылыстырып жүрген адамлар зорға арашалап алыпты.

## УЛША САЛДЫ БИР УЎЫС

Пирназардың үйине туўысқан балдызы Улша қыдырып келипти. Кешке жақынлаған соң Пирназардың ҳаялы Палша сиңлисине:

— Гөшти қазанға салып жибере бер, — депти мал жайғастырыўда жүрип.

Улша қазанға гөшти салып, бир уўыс дуз салып былғап, отты жағып қоя берипти.

Бир заманнан кейин мал жайғастырып келген Палша қазанға дуз салынбаған шығар, деп ойлап бир уўыс дуз таслапты.

Пирназардың, өзи дузды өткинлеў етип ишкенди жақсы көреди екен. Даладан келсе гөш қайнап атырған, «Кемпир бәрҳә дузын кем қылады» — депти де бул-әм бир уўыс дуз урыпты.

Булардың бәрин сол аўылда бәрҳа қудайы қонақ болып жүретуғын, үйи-балашағасы жоқ Бекмурат деген киси көрип отырған екен, ҳәмме

шығып кеткен ўақта бир уўыс дузды бул да қазанға таслапты.

Аўқат таяр болып табаққа салса, ҳеш ким татып ала алмайды.

— Буған не болған? — деп бири-бирине қарайды.

Сонда Бекмурат:

— Ҳе, неге қарайсыз, Улша салды бир уўыс, Палша салды бир уўыс, Пирназар салды бир уўыс, сизиң үйдиң дәстүри шығар деп мен-әм салдым бир уўыс, аўқатыңызды өзлериң ишеғойың, мен бөтен жерге барып-ақ, қонаман, деп шығып кетипти.

## ЖИЙДЕНИҢ АСТЫНДА ЖИН УРЫП КЕТЕР

Бизлер киширек едик. Аўылымызға қыз айттырып, алып кетиўге «Жаманша» аўылдан бир топар жигитлер келди. Күйеўлердиң жигит ағасы Жалал Улпетов деген жигит еди. Ол гәпке шебер, өзи шаққан киси екен. Жигитлерди баслап қыздың жайының мүйешине дейин келип қалыпты. Күни менен қәде аламыз деп аңлып отырған аўылдың ҳаяллары ғапылда қалып, шыға шаўқым салды.

— Қәне, арманырақ бәсиң! Сизлердики не бассынып.

— Артқа бәсетуғын скоросымыз жоқ еди-аў, — дейди Жалал бүлк етпей.

Ҳаяллар тыңламады. Ийтерип бәстириўге қарады.

— Қәйерге дейин бәсемиз?

— Ана жийдеге дейин.

— Қойың да, жеңгейлер. Қәдеңизди берейик. Жийдениң астында жин урып кетеди ғо, — деди сонда Жалал.

Ҳаяллар гәптен жеңилип, берген қәдесин алып, кириўге рухсат берди.

## НЕШЕГЕ СОРАДЫ?

Жалал келиншеги менен базарда жүрген екен. Жоралары ушырасып қалып:

— Ҳә, Жәке, базарлап жүрсең бе? — депти.

— Яғ-аў, базарлаў қайда? Қәрежеттен тарығып, қатынды базарга салып едим.

— Нешеге сорады?

— Сорамайды. Енди «тәрезиге» апаратырман, — депти сонда.

## БУЗБАЙ ТУРЫҢ

Бул ўақыя жетписинши жыллары болған еди. Бизиң, аўылдың арқа бетиндеги шүйит

аўылда Мәтеке Жуманазаровтың еки жийени туратуғын еди — Өтебай, Атабай деген. Ол ўақытлары Мәтеке ағаның қарындасы Айхан апа да, күйеў баласы Рейим аға да тири. Олардың үйлери аўыллық дүканның қасында. Рейим аға дүканда қараўыл. Аўылдың жигитлери күнде болмаса да, күн ара усы дүканға келип, печеньени закуска қылып, дүканда арақ ишип кетеди. Өтебай ағаның жас жигит ўақты. Усы дүканға ким келип бир шийше ашса, оны шақырып бирге ишеди. Айхан апаның үйде отырып берекети жоқ, баласы көзден таса болса жуўырып келип, дүканнан қуўып алып кетеди.

Бир күни аўылдың жигитлери Ҳәмдулла, Сапарбай, Жумабай, Өтебай төртеўи жаңа еки шийшени алып, бузайын деп атырған ўақытта, Айхан апа таяқты алып кирип келипти. Өтебай тура қашады, анасы таяқ пенен изинде. Кемпирге салса баласын үйине апаражақ. Лекин, ол алыслап кетпейди, дүканды айланып қаша береди де, есиктиң тусына келгенде:

— Жигитлер, бузбай турың! — деп бақырып кететуғын қусайды. Бул турысында әкете алмайтуғынын билген кемпир, дүканға кирип, қалғанларын-әм қуўып шығады.

## МОЛЛАҒА САЎҒА ЕТИЛГЕН ТАСБАҚА

Өтебай аға өзи әпиўайы колхозшы болса да, өз бетинше көп нәрсени оқып үйренген адам. Әсиресе, ол әдебий сыншылардың мақалаларына яддан «пародия» ислеп, отырыспаларда жигитлер бир басылып шай ишкенше күлки береди. Қурттай ишинкиресе «географиядан адамларға сабақ береди». Бундай да қаяқтан болмасын тасбақа таўып алады да, оның арқасындағы ала шубарын:

— Мынаў дүнья жүзинин картасы. Бүгин усы карта бойынша Америка ҳаққында сабақ өтемиз. Сабақ 45 минуттан еки саат, яғный тоқсан минут болады. Тәнеписке шықпаймыз. Усы ҳәптедеги еки саатты қосып етежақпан, — деп турып алады. Қашып қутылыў мүмкин емес, илажсыз бир ярым саат сабақ тыңлайсаң.

Бир күни ол усындай «сабақ өтиў» ушын Қалбай деген жорасының үйине келипти. Қолында тасбақа. Келсе жорасы жоқ, әкеси Дәўлет молла жаңа намаз оқып болған екен.

Дәўлет ата еки аўылдың мектеп молласы, кем сөзли, ҳүрметли адам еди. Өтебай оған «сабақ өтиўге» бата алмапты.

— Кел, балам, жайша жүрсең бе? — депти ғарры оған.



— Қурдасымыз босанғанда келе алмап едим, соған қутлы болсынға киятырман. Бос келмейин деп мына тасбақаны саўғаға әкелдим, — деп Өтебай тасбақаны дастурқанның үстине қойып шығып кетипти.

Өтебай кеткен соң тасбақаны шығарып таслаўды ҳеш ким келистире алмай, ақыры, қоңсыларды шақырып әкелип, алдырған екен.

## ЖАҢАҒЫ ҚАЛЫП ҚОЙМАДЫ МА?

Мәтеке Жуманазаровтың туўысқан жийени Атабай аға деген яшүлкен жүриңкиреп үйленди. Үйленгенде де, бурынғының дәстүрин ислеп, тарақлы аўылдан айттырып, күйеўлеп барып алды.

Қыз баланың кетерде сыңсыў деген дәстүри бар. Келин болмыш Бийбижан жеңгемиз босағадан шығарда жылап атырған. Күйеўлер ҳәм оның қасындағылар машинға минип атырса, бир ўақта қыздың даўысы тыныпты. Машынды ходлап атырған шофёрға Атабай:

— Ҳәй, айдамай тур, жаңағы жылап атырған қыз қалып қойды ма деймен! — деп ҳәммени дуў күлдирипти.

## САЎАТЫМ ЖОҚ ҒОЙ

Ҳәзирги «Бөзкөл» жәмәәтлик хожалығы бурын Кегейли совхозы деп аталатуғын еди. Хожалық Кегейли-Халқабад дәрбентиниң еки бойына жайласқан.

Елиўинши жыллардың ақырында обкомның биринши секретары Насыр Махмудов Кегейли райкомының биринши секретары Дәўлетбай Дәўлетмуратов пенен атыз аралап жүрип, Хожа аўылдағы бир көлемде ғаўашаның бираз жериниң суў басып кеткениниң үстинен шығады. Алысырақта суўшы жүр екен, шақырады.

— Сен суўшымысаң?

— Аўа.

— Атың, фамилияң ким?

— Әбдисаттаров Рейим.

— Рейим, ука — дейди Махмудов ашыўланып. — Биласанми, нима қилиб қуйдинг! Сени бунинг учун суд қилиш керак!

— Аға, сот болыўға саўатым жоқ ғо! — депти Рейим дым түсинбегендей.

Еки ақсақал мына жуўапқа күлип жиберип, машиналарына отырыпты.

## МӘЙЕКТИҢ РЕЦЕПТИ

Кегейлиде Қосберген келте деген пәкене бойлы адам бар еди. Бир ўақытлары 250 граммлық арақ шығып, оны «Қосберген шийше» деп те атап жүрди.

Қосберген келтениң үлкен баласы Казбек қатты қуўақы сөзли жигит болды. Өзи жүриңкиреп, отыз бир жасында үйленди. Келиншеги педучилишеде оқыйды, ҳәр алтыншы күни келеди, басқа ўақытлары Казбек бойдақ.

Бир күни түсте үйине шай ишиўге келсе, анасы оған түслик таярлап атыр екен.

— Апа, не қылып атырсаң? — депти Казбек қазанның басына барып.

— Аўқаттың рети жоқ балам, саған бир еки мәйек қуйып берейин деп атырман, — депти анасы.

— Ой-бу, апа, еле шийшемби ғо, мәйекти маған алтыншы-қала күнлери қуйып беребер, басқа күнлери Қосбергенге бер, — деп шығып кете берипти.

Лаққышылықта гәптиң рети келсе иркип тура алмайды екен.

## ХОЖАЛЫҚ БАСЛЫҒЫ

1979-жылы халықтың пүткил аўқамлық есабын алып жүретуғын болды. Соған район мәкемелеринен жигирмалаған адам таярлады. Есап жүрместен алдын райкомның шөлкемлестириў бөлиминиң баслығы Әбиш Ерниязов күнде бланкалар менен таныстырып, қалай толтырыўын үйретеди.

— Минекей, мына жерге хожалық баслығының фамилиясы жазылады, мына жерге туўылған жылы. Мысал ушын бир бланканы толтырайық, Казбек, сизиң үйде хожалық баслығы ким деп жазылады?

— Изамова! — деди Казбек ушып турып. Ҳәмме дуў күлип жиберди. Себеби, оның Изамова деген қызға үйленгенине еле көп ўақыт болған жоқ еди.

## АБАЙЛАМАЙ СӨЙЛЕГЕН

Мениң ортаншы қызапам Тәжигүл оғада күлки сөзли адам еди. Әсиресе, биреўдиң сөзин, оның сөйлеген ўақыттағы қыймылларын тәкирарлап бергенде өзи болады қалады. Ол үйге қыдырып келсе, бизлердеги келинлер мал жайғастырыўды умытып кетеди. Балларға дейин гәп тыңлап, ойынға шықпай отырады.

Ал, жездемиз Уснаддин болса оғада сада, ақ көкирек, гейде түйеден постын таслағандай етип кеўлинде барын бүкпей айтып салатуғын аңқылдақ адам еди.

Бир күни қызапамыздың үйине қыдырып бардық. Түслик шайдан кейин жездей намаз оқымақшы болды. Жайнамазын таба алмай қалды. Кирди-шықты, күйип писти.

— Тәжигүл, мениң намаз жайым қаяқта, көрмедиң бе? — деп сорады ақыры қызапамнан.

— Ҳаў, билмейсең бе? Намазжайың жүўери атыздың ишинде ғой, — деди апам күлместен.

— Ҳәй, оңбағыр, баллар апарып таслаған ғой, — деп аңқылдақ жездемиз жүўери атызға кетти.

Жайнамаз бенен намазжайдын парқы аспан менен жер шелли ғой.

## АДАМ ЖАРАДЫ

Жийенимиз Ибрайым институтты питиргеннен кейин де бир-еки жыл үйленбей жүрди. Оның бес жыл ишинде бир қыз тауып қайтпағанына ата-анасы тәшўишлене баслады.

— Қашан үйленесең?! — дейди ҳәр күни қыстап.

— Қайдам, ўақты-сәти бар шығар. Бирақ, «отырыңқырап қалдым», — деп кейнин ойынға айландырады.

Бир күни Нөкистен зыяпаттан кеўиллирек қайтқан ол:

— Жақында қыз әкелип беремен, — депти йошып.

— Ҳаў, қудайға шүкир! Қандай қыз?.

— Адам жарады!

— Ой-бу, онда шошқа болды ғо! — депти қасында турған иниси Ильяс. Ибрайым келинниң доктор екенлигин айтпақшы болған екен.

## ОНЫКИ НЕ КӨКИРЕК?

Кегейлиге жақынлаған жердеги аўылда Шайпурыш деген киси болды. Өзи жетпистен өтип кетсе де қуўнақ, ағаш кузов машинаға ғарғып мине беретуғын, қарыўлы адам еди. Ол кисиниң ҳақыйқый атын ўақтында сорамадық, шамасы, көп жыл шайпурышлық қылған болса керек, баллары да Шайпурышов болып жазылып кеткен.

Сол ғарры қартайып төсек тартып жатырған екен. Хожа аўылда мереке болып, усы мерекеге алтыншы аўылдан Қалийла шайыр деген киси кешигиңкиреп келеди.

— Ҳә, қайда жүрсең? — деп сорайды ғаррылар.

— Әй жол-жөнекей Шайпурышқа барып едим, көре кетейин деп.

— Қалай екен?

— Хабарласпайды!

— Әстапыралла, — депти Әўез деген ғарры сонда, — оныки не көкирек?!

## МЕНДЕ НЕ ҚАСТЫҢ БАР ЕДИ?

Халқабадта Атабай Дошетов деген муғаллим бар. Сол бир күни тиси аўырып, аўылдағы тис доктор — Халмурат Сапаровқа көринипти.

— Бул тисти емлеўге болмайды, алып таслаў керек, — депти доктор.

Атабай келисим берипти. Бирақ, тис алыў сәтине түспей, Дошетовтың жағы ашылмай қалыпты. Буның кейини улғайып, Ташкентте емленип қайтқаннан кейин:

— Халмурат иним, менде не қастың бар еди, — депти Атабай докторға келип. — Я мен сениң терегинди ғайзап па едим.

## ШОФЁРЫҢ ШЫҒАР

Пиржан Халмуратов Кегейли райкомының биринши хаткери ўақтында Куйбышев

атындағы хожалықтың атызларын аралаў ушын жолға шығыпты. Баратырса бөлим баслығы, Жоллыбай деген пахтакеш жолдың бойында турған екен. Халмуратов оны машинаға мингизип алыпты:

Жоллыбай машинаға миниўден кабинаның иши арақ сасып кеткен қусайды.

— Ҳә, бәдбақ, ишипсең ғо, — депти Пиржан аға шыдамай.

— Неўе? Ким-о, ишетуғын, шофёрың шығар ишкен, мен саппа-саўман! — депти Жоллыбай сонда.

## САМАРҚАНДҚА НЕШЕ ЖЫЛ?

—Орта Азиядағы ең ески шәҳәр қайсы? — деп сорапты муғаллим сырттан оқыўға имтихан тапсырып атырған оқыўшыдан.

— Самарқанд, — деп жуўап берипти оқыўшы.

— Неше жыл болған?

— 2500 жыл.

— Дурыс. Буны қандай дәреклерден оқыдыңыз?

— Кесениң түбине жазып қойыпты ғо, муғаллим.

## НАДИ КИМ?

Бир муғаллим азанға дейин ақшалы соқта ойнап, туп-туўры сабаққа келе берипти.

— Қәне, надий ким? — депти ол журналды қолына алып.

## САМОЛЁТТАН ОЗҒАН ЕШЕК

Бир лапгөй қыдырып барған жеринде былай депти.

— Шымбайдан ешекти минип шыға бергеним, қарасам еки қанатлы самолёт та көтерилип киятырған екен.

Соннан ешекке қынаны бастым. Нөкиске келип, изиме қарасам, самолёт таслақтың тусында киятырған екен.

— Пай, ешеғиң-әм жүрдек екен-аў, — депти үй ийеси кеўлин алып.

— Ақыры, ол үш мезгил жем жеп турған ешек ғо.

## ЎАЙ-ЎАЙ, ЖИТ ДЕЙМЕН

Лазымға киятырған бир адам үйге жақынлар-жақынламастан, саз даўысқа салып «ўайўай» ды жиберипти. Оның даўысы жүдә жан түршиктирерлик болса керек, қонсының ийти

шабаланып келип қалыпты. Ийттен қорыққан ол, әли шығарып атырған үйге дейин:

— Ўай, ўай, жит. Ўай-ўай, житдеймен, — деп барған екен.

## БАЛЫҚ ҚӘЙЕРДЕ БОЛАДЫ?

Ертеректе еки нәшебенттиң бир жас жигит атқосшысы бар екен. Нәшебентти билесиз, муздай сууды көрерге көзи жоқ. Ал, атқосшысы бунуң парқына бармай, булар пәйнекке қашып отырғанда бир сарқум муздай сууды қотарып ишип қоя береди екен.

Бир күни еки нәшебент ойласып, ат қосшысын өзгертпекши болып, басқа бир жас киши таўыпты. Дәслепкисинен аўзы пискен олар, атқосшысын алмастан бурын сынап көрмекши болып.

— Балық қәйерде болады? — деп сорапты.

— Шөлде, — депти ол да.

— Бул болады екен, — деп мақулласыпты нәшебентлер.

Бир заманнан кейин жигитке исениңкиремей, және шақырып алыпты.

— Балық қәйерде болады? — деп сорапты тағы.

— Раштың басында, — депти жигит.



Нәшебентлер ол кеткеннен кейин бас шайқасыпты.

— Болмай қалды. Көрдиңбе, кем-кем сууға жақынласып киятыр.

## «САДАҒАҢ КЕТЕЙИН КӨПШИЛИК»

Жетписинши жыллары Кегейлидеги «Еркиндәрья» хожалығында Сексенбай деген жигит директор болды. Соның Алпысбай деген ағасы болып, бир күни ол малқорасының кетилген, қулаган жерлерин оңлаў ушын терип-терип он адамға көмекке айтыпты.

Директордың ағасы көмек салып атырса, аўылда адам қала ма? Көмекке жигирма-отыз адам барған қусайды. Кешке дейинге мөлшерленген жумыс, түске дейин-ақ тамам болыпты. Алпысбай дастурқанды кең жазып, аўқат берипти. Алдын ала таярлап қойған бес-алты шийше «тентек сүў» да дастурқанға келипти.

— Садағаң кетейин көпшилик-ай! — деп Алпысбай зыр жууырып хызмет етипти. — Бир заманда мүшкилимди жеңил етти ғо.

Санаўлы «тентек сүў» еки қуйыўға келмей тамам болыпты. Алпысбай қоңсы-қобадан қарыз көтерипти. Хә, демей ол да ишип болыныпты.

Бир ўақта ол шел жағалап туў ана аўылдағы дүкан-ға жорғалап баратырған қусайды.

— Атаңа нәлет көпшилик-ай, көпшиликке ҳеш нәрсе шақ келмейди-аў, — деп тоңқылдап баратыр дейди.

## БИРГЕ-БИР

Еркин бойында Қалмурза баслық пенен *Сәпеш хожа бир-бири менен қатар дос-яран* болып, бәрҳә бирин-бири ойнап, баплап жүреди екен.

Қыс айы екен. Екеўи қонақта отырып, бир аўқат жеп болғаннан кейин шамаллаўға шығыпты. Қалмурза өзи шығып болғаннан кейин Сәпештиң сыртынан ҳәжетхананы тәмбилеп ишке кирип кетипти.

Арадан бираз ўақыт өтипти.

— Ҳаў, хожа қайнаға көринбейди ғо? — деп сорапты үйдиң ҳаялы бираздан кейин.

— Қайдам, келин, оның гейде дым үндемей қайтып кететуғын да әдети бар еди, — деп Қалмурза сыр бермей отыра берип.

Аўыллық жер болған соң ҳәжетхана қораның сыртына салынады, Сәпеш қашшаннан қапыны аша алмай отыр екен.

Қора сыртындағы парта-парт тоқылдыдан кейин үй ийелери барып, ҳәжетхананың тирепбердисин алып таслапты.

— Күн бала, бир қыйлы аяз екен ғой, — деп ол үйге келгеннен кейин сыр бермей отыра берипти.

Арадан бир-еки ай өтипти. Бәҳәрги туўымның ўақты. Директор ҳәмме менен жыйналыс өткерип, бәҳәрде туўылған төл шығып болмасын, малларыңнан хабар алың деп жыйналысты тарқатыпты.

Қалмурза малларынан хабар алыўға кетипти. Сәпеш аўылды бир айланып, Қалмурзаның үйине барыпты.

— Қурдас, шарўаның малларын көремен деп обком киятыр екен, директор қораларды көремиз деп Қалмурзаны алып кетти. Қалмурза маған «сен тез үйге барып, дастурқанға басшылық ет», деп тапсырып еди, — дейди.

Обком киятыр деген соң жан бар ма!

Қорадағы ең пәтли қошқар сойылып, кими нан шөрек жаўып атырған, кими баўырсақ писирип атырған... Түстиң алдында ханнан хабарсыз Қалмурза үйине келсе, хызметте зыр жуўырып жүрген жигитлер, қыз-келиншеклер...

— Негылдың ағасы, обком келди ме? — деп ҳаялы алдына шығыпты.

Үйге келсе қос көпшикти дәстанып, Сәпеш хожа қуўырдақ жеп отырған екен!

— Ҳә, бу не?! Қорамдағы малымды сүйреп алып сойдырып?!

— Әй, Кәлеке жора, баяғыда далада көбирек отырып аязлап қалдым ба, ыссы сорпа менен аяз шығағойсын деп атырман! — депти Сәпеш.

Бир-бириниң ҳәзилине ашыўланып көрмеген дослар ҳеш жерде ҳеш теңе жоқ, бир қошқар сойып жеген екен.

## ДҮКПЕЙ НЕ ҚЫЛАДЫ...

Кегейлиде бир ғаррының бүкир кемпири бар екен. Бир күни сол кемпирди қошқар дүгип алыпты.

— Өзи зорға жүрген кемпирди, қапылып, қошқар дүғип алды, — депти мерекеге кешигип келген ғаррысы.

— Дүкпей не қылады, өзи дүгисейин деп киятырса! — депти оған ғаррылардың бири.

## «КҮНДИЗ ҮКИБАЙДАН ТЫНБАДЫМ»

Өткен әсирдиң алпысыншы жыллары ғаўаша зыянкеслерине қарсы гүрес күндиз де,

түнде де алып барылатуғын еди. Әсиресе, усы жыллары «шуқымай» деген зыянкес шығып, ол, алды бир сүйем, изи жаңа төрт бармақ болған ғаўашалардың түбин шуқып, тамырын жеп кететуғын еди. Зыянкес күндиз жердиң астында уйқылап, кеште шығады екен. Аўыл пахтакешлери кеште бир қолына фонус услап, екинши қолына дус[1] толтырылған сийле менен дәри сеўеди.

Бул жыллары ўәкилшилик те күшли. Әсиресе, Кегейлидеги «Хожа аўыл»ында Үкибай Әлжанов деғен байланыс бөлиминиң баслығы ўәкил болды. Ол кишкене бойлы ғана, шаққан киси еди. Аўылдағы ҳәр бир пахтакешти, тракторшыны жеке таныр, ким атызға шықпай қалса үйине жетип баратуғын тепериш адам болды. Сонда бир жеңгемиз күйип кетип айтқан екен:

Түнде шуқымайдан тынбадым,
Күндиз Үкибайдан тынбадым.

Бул еки қатар сөз, кейининде нақыл болып кетипти.

---

**Дус[1]** — ғаўаша зыянкеслерине қолланылатуғын дәри.

## «МЕН БИЙТАППАН»

Бурынғы областьлық партия комитетинде үгит-нәсият бөлими болып, оны шайыр Бабаш Исмайлов басқаратуғын еди.

Ол бир күни жазыўшыларды, редакторларды, филиалдың илимий хызметкерлерин алдына шақырып, лекция оқып қайтыў ушын ҳәр кимди бир районға бекитипти.

— Бабаш Исмайлович, мен бара алмайман, — депти илимпаз Әбдирейим Насруллаев түргелип.

— Ҳә, неге?

— Мен бийтаппан.

— Бийтап болсаңыз бүйерге қалай келдиңиз?

— Қайдан билейин, «обком шақырып атыр» дегенге ҳәмел беретуғын шығар деп келип едим, — депти Әбдирейим сонда.

## ТАНЫМАСА ПАЙДАСЫ ЖОҚ

Қарақалпақстан халық артисти Тилепбай Қошқаров пенен қосықшы Мақсет Дошбаев бир үйдиң шарбағына кире бергени сол, үй алдынан әўпилдеген бир үлкен ийт шығыпты. Мақсет Дошбаев Тилепбай ағаны шығанағынан тартыўы менен зорға шығып үлгерип, есикти

сырттан жаўыпты. Екеўи де ҳаплығып, қорқып қалған:

— Тилепбай аға, — депти Мақсет өзине келип, — халық артисти болғанынның пайдасы жоқ екен, ийт танымаса.

## ЕҢ ҮЛКЕН АТ

Сексенинши жыллары үлкен бир отырыспада отырған жигитлердиң биреўи:

— Жигитлер, дүньяда мениң атымнан үлкен ат жоқ. Әкем маған Тоқсанбай деп ат қойған. Жүзбай деген ат сирә болмайды, — деп қайта қайта мақтана берипти.

— Қосшым, сәл әстерек бола берсе, — депти сонда отырған мийманлардың бири, бизлер-әм жарылып кетпей отырмыз ғо, Мыңбай болсақ-әм!

Ол сол ўақлары Кегейли районлық атқарыў комитетиниң баслығы Мыңбай Юсупов екен.

## АҚСАҚАЛ ТӨРГЕ ӨТ

Кегейлиде Сабырбай хожа деген жасы үлкен көп жыл аўыл кеңес баслығы болып, елге ағалық етти. Ол өзи пешанасы келискен, саўлатлы, отырыспаға жарасықлы адам еди.

Алпысыншы жыллары ол Кегейлиде аўыл кеңесиниң баслығы, Гулянс деген армян усы аттағы совхоздың директоры болып ислеп келди.

*Бир күни Гулянс Сабырбай ағаны «бир жерде шай бар»* — деп ертип кетипти. *Ол* ўақытлары совхоз директорының машыны ГАЗ-67 деген девит, алдында еки адам отырады, арт бети еки қатар скамейка.

Сабырбай ағаны скамейкаға отырғызыўға уялып, директор машинасын өзи айдап шығыпты.

Сөйтип, барса, бир үйде қой сойылып атырған. Булардың алдына төрт-бес жигит жуўырып шығып, қонақ жайға баслапты.

— Ақсақал, төрге шығың, төрге өтиң, — деп Сабырбайға жалбырақлай беретуғын қусайды. Ол болса қысыңғанынан Гулянсқа мирәт ететуғын. Сонда бир адам шыдамай:

— Яшуллы, бул зийнет сизге исленип атыр, өте бериң, — депти нықлап, — шофёрыңыз басқа тамда отырады.

Сол сол екен, директор оны қайтып бирге алып жүрмейтуғын болыпты.

## СОННАН КЕЙИН СОЛ КЕЛЕ МЕ?

Сабырбай ағаның ҳаялы онша түсимсизлеў, не болса соған тонқылдап қоя беретуғын ҳаял болған. Жеңгей ҳәзир де тири.

Бир күни Сабырбай аға изине қонақ ертип келсе, ҳәммениң көзинше ҳаялы гүрк етипти.

— Усы сениң қонағың ада бола ма? Күнде ертип киятырсаң, күнде ертип киятырсаң...

Сабырбай аға дым үндеместен телефонның трубкасын көтерипти де:

—Пәленше аға, — депти қәйин атасының атын айтып. — Мына қызыңды келип алып кете ғо, оңысып болғанымыз шығар.

Сөйтипти де трубканы жаўып таслапты.

— Қойшы, соннан кейин сол келе ме? — деп жеңгей дәрҳал қонақларға төсек салыў менен болыпты. Қоңағың күтилмей атыр ма, соның арасынша ағама айтпағанда не қылады?

Ҳаялы шығып кеткеннен кейин Сабырбай аға ишек-силеси қатып күлипти.

— Заңғардың қызы, ең болмаса үйинде телефон жоғын билмейме екен бул!

Ол жыллары ҳәр үйде болмақ түўе, бир аўылда бир телефон болмайтуғын еди.

## КОММУНАЛШЫ ЖУРНАЛИСТ

Журналист Шарап Уснатдинов Нөкис қаласының ҳәкимлигинен босағаннан кейин бир-еки жыл Өзбекистан Республикасы Мәденият Министриниң орынбасары лаўазымында ислеп, кейин Нөкиске коммунал хожалығы министри болып қайтты.

— Бул қалай? — деп таң қалыпты бир қатар жигитлер отырыспада отырып. — Шарап аға журналист болса, оннан қалай коммуналшы шығады?

— Бизиң Шәкеңди айтып отырсыз ба? — депти сонда Жумамурат Әбдимуратов жигитлерге. — Егер оны қойсаң роддомға бас врач болып та ислей береди.

## ЯРЫМ ОҚЫЎШЫ

Тахтакөпирли лаққы Жуманазар Абутов районлдағы колледжлердиң биринде муғаллим екен. Гүзги пахта терим пайыты. Жуманазар атызда оқыўшылардың басында жүрсе, кәсиплик тәлим басқармасынан ўәкил келипти.

— Бүгин теримге қанша оқыўшы қатнасып атыр? — деп сорапты ол Жуманазардан.

— Бир жүз қырық тоғыз ярым оқыўшы, — депти Жуманазар.

— Неғылдейди?! Ярым оқыўшы да бола ма екен?

— Биреўи түстен кейин сорап кетип еди ғо, — депти Жуманазар.

## ТӘЎБЕ

Жазыўшы Кеңес Смамутов жаслығында жақсы шайыр да болған. Лекин, ол көбинесе қырсық қосықлар жазып, адамларға оқып берип жүреди екен. Сол қосықлардың арасында яратқанға да тили тийип кететуғын қусайды. Бир күни өзинен-өзи тәўбеге келип мынадай қосық жазыпты.

Кешир қудай, алған болсам жағаңнан,
Кем көрмеймен сени туўған ағамнан.

## БИРЕЎИ ҮЙДЕ ЖАТЫР

Журналист Алламберген Аббазов қуўақы сөзли жигит екен. Бир күни оның кәсиплеслериниң бири костюм-шалбарын тазалатыў ушын химчисткаға алып келипти.

— Бир ҳәптеден кейин келеғойың, — депти кийимлерди қабыл етип турған бир ҳаял.

— Мен журналистпен, — деп келген жигит книжкасын көрсетипти. — Маған костюм бүгин-ертең керек.

— Ой, қарағым-ай, книжкаңды қалтаңа салып қой, — депти келиншек. — Сондай книжкасы барлардың биреўи еки айдан бери мениң айлығымды жеп үйде жатыр.

Кийим қабыл етип турған ҳаял, штаты қысқарып, үйинде жумыссыз жатырған Алламберген Аббазовтың ҳаялы екен.

## УЯЛЫП ҚАЛАРСЫЗ

Алламберген аға гәп келген ўақта жасы үлкен бе, жасы киши ме қарамай басқылап кететуғын еди.

Бир күни түсликтен келсе еки жас хызметкердиң шахмат ойнап отырғанын көрипти.

— Пай, жигитлер-әй, — деп күлипти Алламберген аға, — журт шахмат ойнайды дегенге ҳәлек болып атырсыз ба? Қой, жыйнап қойың, билетуғын биреў келсе уялыш қаларсыз.

## ӘЛИМБАЙДЫҢ ҲӘЗИЛИ

Басқа жақта ислеп атырған Қарақалпақстанлы көркем өнер хызметкерлериниң бири сексенинши жыллары Бердақ атындағы сазлы театрға келип төрт-бес жыл жумыс иследи. Ол усы тараў бойынша жетик қәниге еди. Сонлықтан бизиң жас актёрларымыздың ойынларына

онша кеўли толмай, ҳәр сапары ўәсият айтар екен.

Бул әлбетте сол жыллары оқыўды питкерип келип атырған жасларға сәл батыңқыраған болса керек. Бир күни жаңа жыл ҳәзиллерин жазыў тапсырылған Әлимбай Сейтеков жаңағы жасы үлкенге болған өкпе-гийнесин театрдың қутлықлаў тахтасына илдирилген ҳәзиллерге киргизипти.

Өйтиў керек, бүйтиў керек,
Отқа басын үйтиў керек.
Жас актёрлар ислеп атыр,
Енди және қәйтиў керек.

Театр деп жан күйдирсең,
Ҳақыйқатты айтыў керек,
Ҳақыйқатты айта алмасаң,
Келген жаққа қайтыў керек.

Әлбетте, ўәсият айтқан адам «жақсы болсын» деп айтады, лекин, «туўры айтсаң туўғанына жақпайды» деген нақылда әндийше көп екен.

## КҮЛЕ БЕРЕЙИК ПЕ?

Актёр Зинел Пиязов кем сөзли, салдаманлы киси. Артислер аннан-мыннан гәп қозғап ўақ-

шақ болып атырса да, ол тек керек жеринде күледи де қояды. Лекин, ол да арасында анекдот айтқысы келеди, бирақ бурыннан бул мәселеде гәпке тақыўа болмаған соң тыңлап отырғанлар гәптиң қәйерде басланып, қәйерде тамам болғанын билмей қалады екен.

Бир күни отырыспада Зийнел аға анекдот баслапты. Ҳәмме жым-жырт. Қашан күлкили жерине келеди екен деп аўзына үңилип отырса, гәп тамам болып қалыпты.

— Зийнел аға, айтып болдыңыз ба, күле берейик пе? — депти сонда Әлимбай Сейтеков.

Ҳәмме отырғанлар дуў күлипти. Әлбетте, анекдотқа емес.

## ТАРТ БИРЛИГИҢДИ

Сексенинши жыллары Кегейлиде Жамбыл атындағы қазақ мектебиниң директоры босап, орны бираз ўақыт бос турады. Бир күнлери директордың оқыў ислери бойынша орынбасары «Өмирзақов Тәжимурат аға директор болады екен» деп гәп шығып, жора-жолдаслары үйине барып, оған жақсылап жуўдырады.

Арадан азғана ўақыт өтип, Жаманқараев Бирлик деген жасы үлкен директор болып шыға келеди. Тәжимурат ағаның «жуўыспасы»

бийкар кетеди де, бирақ, ҳеш кимге айта алмайды.

Күнлерден бир күн мереке болып, мектеп жәмәәти Бирлик ағаның басшылығындағы шақырыққа барады. Аўқат арасында жигитлер ақшалы соқта ойнайды. Ким ортаға бир сом таслайды. Ашыўын кимнен аларын билмей жүрген Тәжимурат аға бирден:

— Тарт бирлигиңди! Ҳә, бирлигиңниң... — деп сөгип жиберипти шыдамай.

Түсинген жигитлер мырс-мырс күледи, ал Бирлик ағаның буннан хабары жоқ екен.

## БИР СОМ БЕР

Дүньяда «бир жаманның, бир жақсының аты қалады» деген гәп бар. Сол сыяқлы ел гезген жиллилерди де халық узақ ўақыт умытпай жүреди.

Жетписинши жыллары Нөкисте Үсен жилли, Кегейлиде Дәрьябай жилли деген ҳеш кимге хазарсыз кисилер бар еди. Олардың айтатуғын сөзлери де уқсас. Алдыңнан шығып қалса:

— Бир сом бер, — деп қолын жаяды.

Жетпис бесинши жылы шығар деймен, биз Кегейли районлық Атқарыў комитетиниң бес-

алты хызметкери түске таман мерекеге барыў ушын шығып едик. Алдымыздан Дәрьябай жилли шығып қалды.

— Бир сом бер, — деди ол бизлерди баслап киятырған Опенғалий ағаға.

— Пай, Дәрьябай жора, бизлерде ақша бола ма? — деди ол да. — Тап анда Шайықназлар аға баратыр, банкиниң баслығы!

Дәрьябай жилли гилт ете қалды.

— Сизлерди адам деп сорап жүрсем...

Банкиниң баслығынан сорап мен не, жиллимен бе?

Сөйтти де, қапшығын ана ийнине, мына ийнине қағып салып, ғарры изине қайтты.

Оның жаңағы гәпинен қысынғанымыздан, изинен жуўырып, бир сом апарып бердик.

## ЖҮЎЕРИНИҢ БАТПАНЫ

Университетте тил илими бойынша қәниге Пирнияз аға Қудыяров деген муғаллимимиз бар еди. Сол бир күни бизлерге практикаға шығардан алдын былай деди:

— Ертең мектеплерге барып сабақ өтесиз, теманы өтип болғаннан кейин оқыўшыларға «қәлеген сораўыңызды бере бериң» деп жүрмең.

— Неге?

— Бир сапары мен практикантлардың сабағына киргенмен. Сонда болажақ муғаллимимиз:

— Қәне оқыўшылар, сораўлар бар ма? Қәлеген сораўыңызды бере бериң, — деди.

Сонда бир оқыўшы турып:

— Муғаллим, кешеги базар Шымбайда жүўериниң батпаны неше сом болды? — деп қалды.

Практикант жуўап бере алмай қып-қызыл болып кетти. Муғаллим дүньядағы хәмме нәрсени биледи деген сөз емес, ақыры.

## АЎЫЗЛЫ КЕЛИНШЕК

Сексенинши жыллары мен, Кеңесбай Реймов, Халила Дәўлетназаров ҳәм Жийенбай Мояновлар баспа сөз үйинен түсликке шығып киятыр едик. Имараттың алдына бир «Волга» келип тоқтап, ишинен ири денели бир хызметкер ҳаял түсти.

Ой-буў, жигитлер, мына келиншектиң аўзына қараң, деди Жийенбай аға бизлерди түртип. — Бийшара күйеўине обал болған екен.

— Ҳә неге?

— Анаў не деген аўыз?! Еки бөлип сүймесе есапқа алмайтуғын шығар.

## МЫНА БИРЕЎ ҚАЛАЙ ҚАЛАЙ

Еки жиллиниң ортасына бир саў адам түсип қалыпты. Бир заман сөйлескеннен кейин ол, қасындағылардың екеўиниң де жилли екенин билип әсте турып кетипти.

— Мына бир адам қалай-қалай, — деп бир-бирине қарасыпты жиллилер. — Өзи келди, өзи кетти, жилли ме деймен сирә?

## ЖЕТПИС МЫҢ ТАСЛАП КЕТЕСИЗ

«Күлме маған» деген пьесамның қәлем ҳақысы бираз талас-тартыстан кейин унамлы шешилип, театрдың директоры Нәжиматдин Аңсатбаев бир күни мени «ақшаңды алып кет» деп шақырды.

Барсам кеңсесинде өзи ҳәм орынбасары Жалғас Абдуллаев отырған екен.

—Автор келди, ақшаңды алып келе ғо, деп Нәжиматдин аға телефоннан кассирин шақырды.

Кассир қыз бир қолына шығыс ордерин, бир қолына ақша салынған сумканы көтерип кирип келди.

Ордерге «алдым» — деп қол қойдым.

— Мынаў ҳәмме пулыңыз, — деди кассир маған сумканы услатып. — Бирақ, жетпис мың таслап кетесиз.

Мен аң-таң болып гә директорға, гә кассир қызға қарадым.

Жалғас, тап ертең мына қызға бир сетка әперши, — деди Нәжиматдин аға. — Сеткасын таслап кетсе, пулды қаяғына салып әкетеди.

Сол ўақта барып ойыма сап ете қалды, кассир қыздың «сеткисин таслап кетесиз» дегени маған «жетпис мың таслап кетесиз» деп еситилген екен.

## АЛЫЎ ҲӘМ БӨЛИЎ

Жол қадағалаўшы инспектор асфальт жолға пор менен сызып есап шығарып атыр екен, күтпегенде өзиниң бөлим баслығы келип қалыпты.

— Кеширерсиз, — дейди инспектор баслыққа, — қызым бир сораў берип еди, сонны шеше алмай атырман.

— Қандай сораў?

— Екиге екини қоссаң да, көбейтсең де төрт болады, ал үшке үшти қоссаң алты, көбейтсең неге тоғыз болады? — дейди.

— Әй, басың искен адам екенсең, көбейтиў менен қосыўдың не кереги бар саған, алыў менен бөлиўди билсең болдығо! — депти оған бөлим баслығы.

## ШЫҒАСЫСЫ ЖОҚ ШАҢАРАҚ

Еки кейўаны ҳаял мерекеде танысып қалыпты. — Күйеўим милицияда майор, өзим арнаўлы байланыс хызметиндемен, балам бажыханада, келиним поезд жол хызметкери, қызым стюардесса, — депти биринши ҳаял.

— Өйппей! Маңлайың ашылып ғана қалыпты ғо, хәммеңиздиң кийимиңиз хүкиметтен екен ғо, — деп тамсаныпты екинши ҳаял.

Биринши хаял толқынланып кетип тағы мақтаныпты.

— Оны айтсаң, балажан-аў, аўқатымыз да эконом — күйеўим еки жылдан бери диетада, өзим махсымның қызыман — өмирлик ораза тутаман, балам бир айда он бес күн дүзде болады, келинимниң аўқаты поездден, қызым аспанда жүрип тамақ жейди.

## КҮЙИП БАРАТЫРСА ҚӘЙТЕСЕҢ?

Жаңабай деген жийенимиз бир ўақытлары майзаводының қорғаншасына жақын жерде турды. Сол ўақытлары ол жаңа он алты-он жетиге шыққан жас өспирим еди.

Үйиниң иши бир-еки мал сақлайтуғын еди. Бурынғы аўқамның ўақты, заводта ислейтуғын

исшилер түнде урлап гүнжара, шолха сатады екен. Оннан Жаңабай да арасында алып туратуғын қусайды.

Бир күни түсте үйине келсе бағып атырған малын биреўдиң саўдаласып атырғанын көрипти.

— Сатпайман, — деп турып алыпты ол өжетленип.

— Неге сатпайсаң?

— Мен оны түнлерде гүнжара тасып бағып отырман. Заводтан үйге келгенше бууўма қапшықты арқалап жууўырыўды аңсат билесиз бе?

— Жууўырмағанда не қылады? — деп сораса Жаңабай.

— Ҳә?! Арқаң күйип баратырса жууўырмай не қыласаң? — депти күйип кетип.

Агрегаттан жаңа шыққан гүнжара жанып турады екен дә!

## ҚОСЫП ШАТЫП АЙТА БЕР

Режиссёр Қалбай Жумамуратов, артист ҳәм бақсы Узақбай Шамуратов екеўи театр институтында бир группада оқыған. Олардың арнаўлы пәнинен оқытатуғын муғаллими еврей екен. Ол улыўма өзбекшеге де, қарақалпақшаңа

да, қазақшаңа да түсинбейди. Бирақ, атқарыў шеберлигин жақсы аңлай алады.

Бир күни ол буларды қазақ группасы менен қосып оқытып, «Қыз-Жибек» операсынан ария үйретипти. Ҳәмме хор болып арияны атқарады, бирақ, Узақбай сөзин ядлай алмай бақырыс етсите береди екен.

— Вот, ващ друг Қалбай знает, почему ты не знаешь? — деп күйип писетуғын қусайды жаңағы муғаллим.

Узақбай буған пырқ етип күлип жибереди де, бирақ, муғаллимге мәнисин айта алмайды. Себеби, Қалбай да арияны билмейди, лекин, хор айтқан ўақта ҳәммеге қосылып:

— Айта бер, айта бер,

Қосып-шатып айта бер, — деп даўыс қосып турады екен.

## АЙТТЫРЫП КЕЛДИМ БЕ?

Халқабадлы муғаллим Атабай Дошетов та ўақтында Кәлли Айымбетовты гәптен утқан екен. Оның әкеси Дошет ғарры да кисиге гәпин жибермейтуғын қуўақы адам болған.

Бир күни ол аўылласы Жума деген кисиге барып, еки түп қара тал геллек сорапты.

— Дошет аға, қараталларым еле жас, — депти Жума бергиси келмей.

— Ҳәй, келе болмаған сениң, жас болғанда мен бир, қара талларыңды айттырып келип отырман ба? — деп ғырра изине қайтып кетипти.

Гәптен утылғанына қысынған Жума, ертеңине еки түп қара талды геллеклеп, өзи үйине апарып берген екен.

## ЖЕТЕЛЕСЕҢ-О

Атабай Дошетов базар күни азанда қалаға киятырса, алдынан түйетаўық қолтықлаған жорасы шығыпты.

— Түйетаўықты неге алдың? — деп сорапты Атабай.

— Жигирма беске.

— Онда неге буны қолтықлап киятырсаң, жетелесең-о.

Жорасы түйетаўықты ешкиниң баҳасына алған екен дә!

## ЕНДИ ЖАТЫП КЕЛЕТУҒЫН БОЛЫПСАҢ

Атабайдың баласы Дәрибай Дошетов туберкулезге қарсы гүресиў диспансерине бас шыпакер болған. Минисинде «Нива» машинасы бар екен. Халқабад жақын жер. Ҳәр алтыншы

күни кемпир-ғаррыны көриўге барып туратуғын. Арасында той-мерекеден басы ғуўлаңқырап шыққан ўақытлары да «ғаррыны көрип қайтамыз» — деп аўылға айдатады екен.

Бир күни оған хызмет бабында миниўге жаңа «Дамас» машинасын берипти. Таза машынды әкеме көрсетип қайтайын деп аўылға тартқан. Қуўанышлы!

Атабай аға «Дамас»тың қапыларын ашып қараса, қәдимги «Тез жәрдем», артында матрац төселген зәмбери бар.

— Ҳә, заңғардың баласы, оңып қапсаң ғо, — депти мақтаў күтип турған баласына. — Бурын «Нива»ның отырғышына басыңды сүйеп келетуғын едиң, енди биротала жатып келетуғын болыпсаң дә!

## ЕКИ КИЛО ШАЙ

Халқабадта аўыллық тутыныўшылар жәмийетиниң баслығы болып ислеген Ҳәкимбай Кәримбердиев бир күни Атабай ағаға:

— Ертең кеңсеге бар, еки кило қара шай берейин, — депти.

Ол ўақытлары ҳинд шайы жүдә қәҳәт!

Атабай аға ертеңине азан менен барған. Бирақ, буған сирә баслыққа жолығыўға нәў-

бет жетпепти. Биресе дүканшы ҳаяллар, биресе складшы ҳаяллар гезекпе-гезек кирип, тегинликте шықпай отырып алатуғын қусайды. Ақыры, шыдамай Атабай аға қапыны ашып:

— Ҳәй, Ҳәкимбай, енди сениң еки кило шайың ушын қулағымды тестирип сырға тағып келейин бе? — депти.

Ҳәкимбай уялғанынан «бул гәп жайылып кетпесин» деп еки кило емес, төрт кило шай берип жиберген екен.

## БАЖА ДЕГЕН НЕ?

Дәрибай Дошетов демалыс күни қоңсысының мерекесинде түни менен қонақ күтип, ертеңине басын көтере алмай, бажасының үйине барыпты. Бажасы буның басы шыртылдап отырғанын түсинбей, көк шай демлетип, пияда гүрриң менен отыра берген қусайды.

— Ҳәй, сен бажа дегенниң не мәнис аңлататуғынын билесең бе? — депти ақыры Дәрибай шыдамай.

— Ҳе, не мәнис аңлатады?

— Бажа деген бул қысқартылган сөз, яғный, басыңды азанда жазатуғын азамат, деген.

Бажасы тәбиз аңламағанына қысынып, дастурқанды қайтадан жайыпты.

## DOTS

Ташкент аэропортында дизимнен өтип турсам, сумкасын көтерип Дәрибай да келе кетти. Оны көриўден туберкулезди емлейтуғын шегарасыз шыпакерлердиң мәкемеси ядыма түсти.

— Дәрибай, DOTS деген неўе? — дедим ядыма түскенде билип алғым келип.

— Ҳаў, еле билмейсең бе? — деди ол таңланып.

— Яқ.

— Дошетовтың ойлап тапқан системасы деген ғо.

## ӨГИЗ ОҚЫП АТЫР

Өгиз жетелеп баратырған ғаррының алдынан аўылласы шықты.

— Ҳә, яшуллы, өгизди қалаға апаратырсаң ба? — деди ғаррыға.

— Бул өгиз емес — студент, — деди ғарры оған. Өгиз Нөкисте оқып атыр.

## АРЗАН ЕМ

Шыпакер палатадағы еки ғаррыны көрип шықты.

— Мына дұқтыр барып турған парахор, — деди ғаррылардың бири.

— Оны қаяқтан билдиң?

— Былтыр кемпирим қатты боп жатқанда үйине бир ешки апарып бердим.

— Алды ма?

— Алды.

— Кемпир не қылды?

— Тәўир болып кетти.

— Арзанға түсипсең! Болмаса ешкиң-әм кетер еди, сыйырың-әм!

— Ҳе, неге?

— Ешкини қондырыўға соясаң. Кейин, жаназаға сыйыр соймайсаң ба?!

* * *

— Сизди жаўырны жерге тиймей киятырған палўан деседи?

— Қайда саған?! Жақында әйтеўир бир палўаннан жығылып қалдым.

— Қалайынша?

— Бас байрақтан зыятырағын қораға байлап кеткен екен.

* * *

Аспаз:

— Аўқатқа нан-әм алмайсыз ба?

— На-ан? Котлет... алдым ғо.

* * *

— Урлық ислеўге сизди не мәжбүр етти?

— Газеталар.

— Қалайынша?

— «Пулың таўсылса дәрҳәл пул табыўдың жолын излестир» деп жазып қойған екен.

* * *

— Насыбай неше сом?

— Жүз сом.

— Ҳаў, кеше сексен сом еди ғо?

— Доллар көтерилип кетти ғо.

* * *

Керек нәрсе ме сол — «мурындық»,
Мурындық атамыз судланып еди,
Жигирма «бала» қоса «урылдық».

* * *

— Аўзыңнан ғүллемейсең бе? Баяғы бергениңди ҳәммеге айтып болыпсаң ғо!

— Яғаў аға, тек ҳаялға айттым.

— Оннан артық радиодан хабарлайын деп пе единң?!

* * *

Ҳаялыма «ямана сулыўсаң-әй» деп едим, соған қуўанып қалды ғо!

— Есиң дурыс па?! Сондай сөзди де үйдеги ҳаялға зая етеме екен?!

## ЛАПГӨЙЛЕР

Бир-бирин танымайтуғын еки көзи қатты адам жолда ушырасып қалыпты. Биреўи атлы, биреўи пияда екен.

— Сәддақ жора, атыңа! «Сүў жорға» екен! — депти пияда көзи қатты адам.

Сол ўақытта аттың алдыңғы еки аяғы шорта сыныпты.

— Пай, көзиң көз-ақ екен! — депти аттың үстиндеги көзмәмбет.

Сонда пияда көзмәмбеттиң еки көзи ағып түсипти.

* * *

Ертеректе тақ қанатлы кишкене самолёт аўыл үсти менен ақ терек бойлы бәлентликте ушып жүр екен. Бир көзи қатты адам аўзының суўы қурып қарап турыпты.

— Пай заңғардың кәраматын! Өзи темир болса, я қанатын қақпаса...

Айтып аўзын жыймай-ақ самолёт пахта атыздың ишине қулап түсипти...

## БИРИНШИ АПРЕЛЬ ҲӘЗИЛЛЕРИ

Сизди саўға-сәлем бергенлерге қатты урысып таслайды деп еситтим?..

— Аўа Жасым биразға барғанда не қыламан «парақор» деген атты көтерип.

— Жақсы ислепсең. Лекин, мен баламды жумысқа алғанында қолым келтелик етип ҳеш нәрсе бере алмап едим. Соны бүгин табыстырғандай болып едим...

— Әпкел! Әпкел!

— Жаңа алмайман дедиң ғой?

— Әй, енди, биринши апрель болған соң ҳәзиллесип едим.

— Меники де ҳәзил еди-ғо.

* * *

— Ағасы, «тез жәрдем»ге қоңыраў етеғой, көз жаратуғын ўақтым болган қусайды.

— Ертеңгеше шыда! Бүгин шақырған менен бәрибир исенбейди. Бүгин биринши апрель.

# АРАЛАС

## МУТ МӘСЛӘҲӘТЛЕР

Еркеклерге мәсләҳәт — «бир гәптен қалсаң бәле жоқ».

* * *

Ҳаялларға мәсләҳәт — «ат айланып қазығын табады», «узын арқанлап, кең тусап» қоябер.

* * *

Қоңсыларға мәсләҳәт — керек болмаса да елгезер сорап тур, болмаса бир-бириңди танымай кетесиз.

* * *

Қудаларға мәсләҳәт — «баўызлаў қуда» келгенде шайтан таўық баўызласаң да қан шығар.

* * *

Қудағайларға мәсләҳәт — қызыңды мақтап атырғанда, келиниң бар екенин де умытпа.

* * *

Қәйин енелерге мәсләҳәт — келиниң қайтарып сөйлесе өкпелеме, ақыры ол сениң топырағыңнан жаратылған.

* * *

Келинлерге мәсләҳәт — «ийттиң жини дийўана», нақылдың екинши қатарын айт.

* * *

Жасларға мәсләҳәт — ата-ананың қарызы ҳеш қашан өтелмейди, лекин, ата-ана «өтемедиң» деп шаўқым көтермейди.

* * *

Баслықларға мәсләҳәт — жөнли-жөнсиз қабағыңды үйе берме, маңлайыңа жыйрық түседи.

* * *

Хызметкерге мәсләҳәт — ҳақ та болсаң баслық пенен ерегиспе.

* * *

Студентлерге мәсләҳәт — студентлик дәўирдиң зағарасы мазалы болады, зағара жеп турың.

## КЕЎИЛГЕ ҚОНҒАН ПИКИРЛЕР

Достыңнан қол жуўғың келсе, қасыңа жумысқа ал.

* * *

Табысқа қолың жетсе дос қызғанады, душпан күнлейди, себеби, ол тек сеники.

* * *

Ҳаялдың муҳаббаты көбирек қалтаңа ғәрезли, кәмбағалдың изинен жуўырып жүрген нашар көрмедим.

* * *

Муҳаббат — он сегиз жаста ғыжлаған шоқ, жигирма бесте ол күлдиң астында турады, отыздан кейин үрлеп тутандырыўың мүшкил.

* * *

Ҳаяллар көбинесе алданып қалғанды унатады.

* * *

Ҳаял адам бир ўақыттың ишинде ҳәм тыңлап ҳәм сөйлей алады.

* * *

Жигит он қызға сөз айтып бир қызға үйленеди.

* * *

«Бир жигит тахтқа минсе, қырқ жиғит атқа минеди», бирақ, сол «аттағылар» бәрҳама «тахтты» көз астына алып жүреди.

* * *

Ҳақыйқат — ашшы, бирақ, оны түкирип таслай алмайсаң.

* * *

«Ол тас пенен урса, сен ас пенен ур», лекин, бийғам болма, ол еле қалтасындағы таслардың бәрин атып болған жоқ.

* * *

Қатнасықта туўысқан жақын, қәсте болғанда қостарың.

* * *

Жас ўақтыңда ата-анаңнан тартынасаң, қартайғанда балларыңнан.

* * *

Қатты қол басшыға кеткеннен кейин де бағынып жүресең.

* * *

Еркек қыянет етсе де, ҳаялынан диянат талап етеди.

* * *

Байлық адамды сулыў ҳәм ақыллы етип көрсетеди.

* * *

Тарығып жүргенде «мен дүньяға қызықпайман» деп үш мәрте тәкирарла, тарыққаныңды умытасаң.

* * *

Урлық ҳәм пара бир-бири менен «қыз алыспайтуғын» ағайын.

* * *

Өсек гәп — шашып жиберген қосыўыс тарығы мегзейди. Бирақ, соның ишинде бир дән бар, айырып ала алсаң, ол — ҳақыйқатлық.

* * *

Еркек те, ҳаял да өзинен жасырағын ҳәўес етеди. Лекин, еркектиң аўзы бос, айтып қояды. Ҳаялдың не билгени ишинде.

* * *

Хошаметтиң ең жақсысы «сиз жас көринесиз» деў.

* * *

«Қызғанып жасама, қызығып жаса» дейди, бирақ ол екеўи шаңғалағынан айрылмайтуғын жабысқақ шабдалға усайды.

* * *

Еркеклердиң мойнында үш ўазыйпа тур — үйлениў, бала-шаға асыраў, ҳаяллардың тоңқылдысына шыдам бериў.

* * *

Ҳаялын мақтап сөйлейтуғын еркеклер, «биреўи болмаса биреўи айтып барар-аў» деп қамтәме болады.

* * *

Барлық ырым-сырым ҳәм қәде-қәўметлердиң авторы — ҳаяллар.

* * *

Шыт-шыбыр базарына үйирсек еркеклер, еки сөздиң биринде «жоқбош!» — деп сөйлейди.

* * *

Ҳаяллар кийимди өзлери ушын емес, «душпанлары» ушын алады.

* * *

Еркеклер бийтаныс ҳаял менен сөйлескенде өзиниң «қәлемей турмыс қурғанынан» налыйды.

* * *

Өсек сөз тек ҳаялларға тийисли емес, онда еркеклердиң де пайы бар.

## ҲАЯЛЛАРҒА МУТ МӘСЛӘҲӘТ

***(Еркеклер оқымасын)***

Ҳаял-қызлардың гөззаллығы косметикаға байланыслы. Лекин, бояў жағылып, әтир сеўилген жүзге ошақтың оты, қазанның күйеси, аўқаттың пууы зыян береди. Соның ушын бундай жумысты өлимтигине мың таяқ урып еркектиң мойнына қудай жазбаса да, сен жазып қой.

* * *

Өмирлик жолдас таңлаўда алжаспаңлар. Дүньяда не көп, еркек көп. Ҳәзир ийтти урсаң еркектиң барып балағына дәрет сындырады. Сонлықтан, усындай молшылықтан пайдаланып, маңлайына шертип жүрип таңла. Сен еркекке тийме, еркек саған тийсин. Саған қостар боламан деген еркек, ақша таба алатуғын, нан жаба алатуғын, мал баға алатуғын, кир жууа алатуғын, бала тууа алатуғын... Я-ақ,

кейингисине жеңиллик берееғойың, улыўма отыр деген жеринде он жыл, тур деген жеринде тоғыз жыл тырп етпейтуғын қыйлынан болсын. Әне, сонда бахытлы боласаң.

* * *

Ойын-заўық, кеўилли отырыспа, ҳаялдың өмир жасын узайтады. Кеўилли кешелерге барғанда хошрей жиғитлер менен вальс ойна. Өзиңдики ҳеш жаққа қашпайды. Лекин, оны да басқа биреў менен ойнатпа, жубы табылмай бир өзи бир шетте былғаңлап жүрсин.

Илажы болса бир-еки мерекеде үйге қалдырып кет, қасыңда болса қалай деген менен кесент береди. Бир-еки қалып үйренсе, кейин биротала босағадан шығармаўға аңсат болады.

Көнбейтуғын еркектиң алиментин ал да, төбесине төрт, желкесине жети қойып үйден шығарып жибер. Ҳәзир қатын аштан өлетуғын заман емес.

* * *

Ҳаялды қартайтатуғын бақырыс-кейис. Соның ушын өмирлик жолдасың ата-анасының емес, сениң тәрепиңди алатуғын болсын.

Илажы болса, кемпир-ғаррының аўқатын бөлек салып берип, бөлек жайда жегизиң. Ғарры адамлар мәдениятлы аўқатланып билмейди. Нәзик тәбиятлы ҳаял бундайда ушынып қалыўы мүмкин.

* * *

Ҳаялды көркейтетуғын кийим. Ҳәр байрамда, туўылған күнлерде кийим жаңалаўды умытпаў керек. Сиясаттан, саўаттан артта қалсаң да модадан артта қалма. Мода сениң изиңде жете алмай мөнтеңлеп жүрсин. Лекин, өзиң көп кийинип кетип, күйеўиңди итибардан шетте қалдырма. Ақыры, ол өмирлик жолдасың. Соның ушын оның жыртылған кийимлерин ўақтында тигип бер. Шалбарына аў салып бер. Костюмын химчисткаға тазалатпа, қолдан жуў. Химчистка шаңарақтың бюджетине зыян береди. Туўысқанларының аўысық кийимлерин алып кийемен десе қарсы болма. Ара-арасында ыбырсық базарға ертип апарып, өлген орыслардың кийимлеринен, өзине шақ, таўары беккем қыйлынан сатып әперип тур.

Сонда татыўлығыңыз беккем болады.

## ПУЛ ҲАҚҚЫНДА ПАЙДАЛЫ МАҚАЛЛАР

Көп оқыған пул табыўдан қорқады,
Көп пул тапқан жумсаўынан қорқады.

Қағазлардың ишинде ең сүйкимлиси-
Пулдың қағазы.
Түстен кейин өлсең де,
Түске дейин пул керек.

Пулсыз қәтере сүрниге береди.

Пул таўып алсаң,
«Кимдики?» деп үш мәрте ишиңнен айт,
Кейин өзиңдики болады.

## ТЕРИС-ПУТАҚ НАҚЫЛ МАҚАЛЛАР

Қалтаға түскен қәтере,
Тас кеседи.
Ис питирмесең де яқшы де,
Яқшының дизгини узын болады.

Мут жантақтың тикени былқылдақ.

Барқылдақ ҳаялдың бары жақсы.

Қоңсының тайы озып келсе,
Қоңыр атыңды пышаққа бер.
Иси түскенде шыррыйып қал,
Исиң түскенде мыллыйып бар.

Адам жаманласаң зейниң ашылады.
Кисиниң үйиниң көпшиги былқылдақ,
Наны мазалы.

Ерли-зайыптың жәнжелин,
Қапының сыртынан тыңла.

Сулыў ҳаялға үйленсең,
Жаның мурныңның ушында жүреди.

Кисини ойлама,
Кисени ойла.

Тили пәкидей ҳаялдың,
Күйеўи жатық минез болады.

Мийман келсе есиктен,
Шығып қашың тесиктен.

Саяңа сескенип қара,
Муздай суўды үплеп иш.

Әжелине асыққан жанлық,
Ўәкил келгенде маңырайды.

Еркекти арақ ҳәм ҳаял,
Барып-барып жеңиүге таяр.

Бай менен бай қуда болса,
Араларында жорға жүреди,
Жарлы менен жарлы қуда болса,
Араларында дорба жүреди,
Бай менен жарлы қуда болса,
Араларында «бомба» жүреди.

**Бурынғы нақыл:**
Қатын кимниң қатыны,
Ала қаптың қатыны,
Ала қабың болмаса,
Әлле кимниң қатыны.

**Ҳәзирги нақыл:**
Қатын кимниң қатыны,
Бизнесменниң қатыны,
Жүриспесе бизнеси,
Гезлескенниң қатыны.

**Бурынғы нақыл:**
Өзиң пишип, өзиң тигип киймесең...
**Ҳәзирги нақыл:**
Өзиң жазып, өзиң айтып,
Өзиң сазын шертпесең.

* * *

Таз-тарақтан қорқады,
Қатық шалаптан қорқады.

* * *

Ғарры қызға наз жараспайды,
Аш қарынға ўаз жараспайды.

* * *

Сықмарды еп қуртады,
Қудағайды сеп қуртады.

## ҚАРТАЙҒАН ЕРКЕКЛЕРГЕ ҚАДАҒАН ЕТИЎШИ ҲӘМ РУҚСАТ БЕРИЎШИ ҚАҒЫЙДАЛАР

### Қадаған етиўши қағыйдалар

Кемпир менен бир жайда уйықлап қалыўға болмайды.

Келинниң көзинше ақлыққа бақырыўға болмайды.

Таза кийим кийиўге болмайды.

Жасырақ кемпирге жутынып қараўға болмайды.

Пенсиясын өзи сауыўға болмайды.

Қалтасына пул салып жүриўге болмайды.

Кемпир бар жерде жигит ўақтын айтып мақтаныўға болмайды.

Келинлер турмай атырғанда қатты жөтелиўге болмайды.

Телевизор пультин услаўға болмайды.

Кемпирден руқсатсыз қоңсыға бел берип турыўға болмайды.

Жатардан алдын шай ишиўге болмайды.

Сүйек кемириўге болмайды.

Зыят семириўге болмайды.

**Заманның бағытына қарай буған жаңа пунктлер қосылыўы мүмкин.**

## Руқсат бериўши қағыйдалар

Жылытпа ишиўге болады.

Кемпир жаманлаған адамды қосылып жаманлаўға болады.

Бала бағыўға болады.

Үйге қарап турыўға болады.

Гөне-көксиде жүриўге болады.

Ақлық көрген мультфильмди көриўге болады.

Кемпир мақтаған сериалды мақтаўға болады.

**Заманның бағытына қарай айрым пунктлер алынып тасланыўы мүмкин.**

## «ТАНЫСАМАН»

Жасым жигирма жетиде. Үйленбегенмен. Мектептен кейин оқымағанман. Ҳеш жерде ислемеймен, ислейжақ-әм емеспен, еркинликти жақсы көремен. Үйдиң иши өз теңиңди өзиң тап деп қойыпты. Соның ушын мектепти жаңа питирген, дүз көрмеген, әкесиниң табысы көп, астында жайы бар қызға үйленбекшимен. Қәлеўшилер 46-абонентке тез хат жазсын. Асығыспан.

## ХАБАРЛАНДЫРЫЎ ҲӘМ БАСҚА ХАБАРЛАР

Ҳәмел гүрсисине отырған ўақытлары жоғалтып алыўына байланыслы П. Сақпановтың адамгершилиги бийкарлансын.

* * *

Қайнамаған жаптан суў ишиў қадаған етиледи.

* * *

Ҳаўа райының ыссылығына байланыслы аўырлығы 100 килодан зыят адамларға ҳәр күни еки литр алькоголсиз пиво бериледи.

* * *

Газетаға пулсыз хабарландырыў бергиңиз келсе, 100 дана газетке бир жылға жазылыўды умытпаң.

* * *

Сессия ўақтында аўызша қәтере қабыл етилмейди.

Деканат.

* * *

Ирсек-тирсек қосықларды келе қылып беремен.

Слесар-шайыр.

* * *

Маған «тилиң шубарланған» деп ҳәр ким гина таға береди. Айнаға қарап көрсем — тилим нормальный. Қызғанса керек тә!

* * *

— ГАИлер неге тасада турады?
— Шофёрлар менен жасырынбақ ойнайды.

## ҚЫЙЛЫ-ҚЫЙЛЫ ПИКИРЛЕР

### Сиз мақала оқыйсыз ба?

— Оқыйман.

— Яқ. Неғыламан «қара мақаланы» оқып, бәрибир ондағы мақталған адамларды танымайман.

— Рәсмий мақалаларды қалдырмайман.

— Талас-тартыслы пикир туўдыратуғын мақала болса оқыйман.

— Мақала ҳәмме оқыў ушын жазылмайды ғо.

— Мереке-мейлислерде «билимсиз» көринип қалмаў ушын хабардар болып жүремен.

— Бурын төртинши беттеги материалларды қызығып оқыйтуғын едим. Енди оны да биржа хабарлары қысып шығарды.

— Егер мен үш күн газета көрмесем, өзимди атаўлап қалғандай сеземен.

— Қызық болсын-болмасын мақала оқып тураман. Оқымай топасланып қалыўдан қорқаман.

## Кимди жулдыз деўге болады?

— Ҳеш кимди!

— Жулдызға ой жетиў мүмкин, бой жетпейди. Соның ушын биреўди жулдыз деп атаў, оны мазақ қылған менен барабар.

— Егер оның қосығын ҳеш ким өзиндей етип атқара алмаса, соны жулдыз деўге болады.

— Даўыс өткинши, соның ушын жулдызлар да тез-тез жаңаланып турады.

— Жулдыз тек қосықшыларға тән теңеў емес, әдебияттың да, илимниң де жулдызлары болады.

— Бизде жулдыз жоқ.

— Жулдызды тынышына қойың, оның сизлер менен иси жоқ ғо.

## Басшы қандай болыўы керек?

— Қатал болыўы керек. Жуўас басшыдан ҳеш ким айбынбайды.

— Басшы хожалығын қәйтип ойласа, мәкемеге де сондай жан күйдириўи тийис.

— Басшының сүсты болсын. Үндемесе де адамлар айбынып турсын.

— Басшының қандайлығы, ол жумыстан кеткеннен кейин билинеди.

— Жақсы басшыны журт ғыйбат қылмайды.

— Бәрибир басшыға жақсы ат жоқ.

**Жазыўшы — ол ким?**

— Қыялпараз. Оның мийинде басқа бир дүньяның адамлары тап өзлеримиздей болып турмыс кеширип атады.

— Жазыўшылар үш түрге бөлинеди: жазбаса тура алмайтуғын, абырай арттырыў ушын жазатуғын ҳәм жазыўшылықты хобби етип алғанлар.

— Талантлы жазыўшылар қызғаншақ болмайды, себеби, басқалардың өзине жете алмайтуғынын биледи.

— Қәлем ҳақы төлеў ҳәм китап сатыў тоқтатылса, әдебият тәўир-ақ тазарып қалады.

— Жазыўшылық — нәсил қуўаламайтуғын кеселлик.

# ПАРОДИЯЛАР

## «ҚОРҚАМАН»

Қорқаман бүгинги гей жаслардың,
Орынсыз отырыспа кешесинен,
Айтылған мәниси жоқ көп тостлардың,
Ишип болып сындырған шийшесинен.

*М. Сейтниязов*

Қорқаман бүгинги гей жасы үлкенниң,
Ортаға от таслаған ғыжағынан,
Шынлықты көрип турып көрмегендей,
«Жалған!» — деп қыйқыў салған мазағынан.

Қорқаман бүгинги гей жасы үлкенниң,
Жасларға дурыс бағдар бермеўинен,
Сен ушын күйип-жанған болып бирақ,
Ҳаслында өзи ушын шөллеўинен.

Қорқаман бүгинги гей жасы үлкенниң,
Қәтқудалық сарайына кирмеўинен,

Астына арғымақ ат минип турып,
Мин излер қумырсқаның инлеўинен.

Қорқаман бүгинги ғей жасы үлкенниң,
Жасларға итибарлы сөз айтпаўынан,
Қорқаман, ҳәтте усы қосықтың да,
Есеси оңғылық боп қайтпаўынан.

## «ҚАШАН МЕН ШАЙЫРҒА УСАЙМАН»

Мен саған атландым ҳүжимге,
Еле де шабыўыл жасайман,
Усы уллы дүньялық дүзимде,
Қашан мен шайырға усайман?

*Т. Сәрсенбаев*

Шабыўыл жасайман сизлерге,
Күн-түни тисимди қашайман,
Қашан мен сөз алып минберде,
Үлкенирек шайырға усайман?

Мәжилисте, сейилде мен жоқпан,
Меники кейнинен пушайман,
Дос-яран арттырып жән-жақтан,
Қашан мен шайырға усайман?

Баспада қағаз аз, сол ушын,
Қосығымның аяғын тусайман,
Китабыма «ийт қаңсылағандай»,
Қашан мен шайырға усайман?

Дәметип ақсақал, бийлерден,
Ийекти созып кеп жасайман,
Ядында барман ба— билмеймен,
Әй, со мен жаңылысқан усайман!

## «УМЫТПА ГӨЗЗАЛ»

Саған арнап қанша қосықлар жаздым,
Ышқы зардабынан не деген аздым,
Жуп тары екенбиз бир нәзик саздың,
Мениң дийдарымды умытпа гөззал.

*Алп Султан*

Пай-па-ай, саған қанша қосықлар жаздым,
(Обалын айтсаң-ә сонша қағаздың!)
Сениң себебиңнен шөп болып аздым,
Бурынғы дийдарымды умытпа гөззал.

Бурын қандай едим-баппандай едим!
Саз ылайдан үйип соққандай едим,
Гөне ыраштан кеткен оқпандай едим,
Ет байлайғойғайман жууықта гөззал.

## «НАЗЛЫМ»

Үй алдында салма бар,
Еки бойы алмазар,
Суў алмаға келеди,
Қыпша белли талма яр.

*Х. Дәўлетназаров*

Қыпша белли талма яр,
Жолда талып қалма яр,
Ес болғандай қасыңда,
Үкелериң бар ма яр?

Қыпша белли талма яр,
Ләби шийрин, ҳалўа яр,
Уйқас қуўып жазып-ем,
Кеўилиңе алма яр.

## «БИЙТАНЫС ҚЫЗ ХАБАРЛАС»

**«Бийтаныс қыз хабарлас,**
**Бийтаныслық етпе сен,**
**Қарындасым заманлас,**
**Хабарласпай кетпе сен».**

***Радиодан***

Бийтаныс қыз, сен неге,
Доңырайып баратсаң?
Сени мендей биреўге
Ҳаял бол деп жаратқан.

Хабарлассаң дүканнан,
Әперейин морожный,
Ҳәзирше бул көшеде,
Биз боламыз «таможный»

## «ДӘРЎАЗАҢДЫ АШЫП ҚОЙ»

**«Ийтиң үрип жүрмесин,**
**Дәрўазаңды ашып қой»**

*Радиодан*

«Ийтиң үрип жүрмесин,
Пышығың да билмесин,
Ҳәмме ишке кирген соң,
Дәрўазаңды ашып қой.

Сыртта күтип турмайман,
«Айылымды жыймайман»,
Тар қапыңа сыймайман,
Дәрўазаңды ашып қой.

Ескерт әке-шешеңе,
Шықпай турсын көшеге,
Питсин десең мәселе,
Дәрўазаңды ашып қой.

## АЙХАН ҚЫЗ ӨТТИ МЕ?

Бозлақ жерге ектим тары,
Ол тарыға Айхан жары,
Орта бойлы, өзи сары,
Бул жерден Айхан қыз өтти ме?

*(Халық қосығынан)*

Қараң, қәрекеңниң қызлары бурыннан-ақ бизнесмен болған. Турмысқа шықпай атырып-ақ шериклесип тары егип жүргенин көрмейсең бе?

## «КӨЗ ҚАРАСЫНДА»

Есигиң алдында өседи ақ тал,
Талға «қосық айт»деп жалынар самал,
Сол ақталды еккен сулыў Айжамал,
Бир әдиўли сыр бар көз қарасында.

Журттың қызлары есигиниң алдына ақ тал егеди, ал, бизиң ҳаялдың көрген-билгени тек палаўқабақ.

## БИЙБИСӘНЕМ

Шадланып, шәўкилдеп урар жүреги,
Мың түменге арзан Бийбисәнемиң.
(Радиода бузып айтылып жүрген қосықтан)
**Сораў:** Бийбисәнемниң жүреги неше сум?

## ИЗЛЕДИМ СЕНИ

Жаслығымды күн нурына нурлатып,
Толқынлап ескенде бәҳәрдиң ләби.

*(Жас қосықшының репертуарынан)*

«Ләп» бенен «леп»тиң парқын билмесе, оннан не үмит, не қайыр?

## БЕТАШАР

Өткен әсирдиң елиўинши жылларына дейин бет ашарды аўылдағы қатықулақ жас балалар ашатуғын болған.

Алпысыншы жылларға келип елге танылған төкпе шайырлар ашқан.

Сексининши жыллары ол қосықшылар менен бақсыларға өткен.

Еки мыңыншы жыллардан баслап бул өнерди актёрлар «тендер» ден жеңип алған.

Келешекте келиншектиң бетин ҳаяллар ашады деген болжаўлар бар.

## ШАШЫЎЛАР

**Келин келгендеги шашыў** — дүканда өтпей қалған конфеталарды пуллап қалыў ушын келиншектиң үстинен шашыў.

**Қарын шашыў** — отырған қыз ерге тийип, дәслепки жүкли болғанда берилетуғын пыстырма отырыспақ.

**Армия шашыў** — бала бир жыллық ямаса бир айлық армиядан келгенде берилетуғын зыяпат.

**Мәйсөк** — жоқырада айтылған шашыўлардың «сойыслығы»

# ТОЙЛАР

## Бурыннан киятырған тойлар

**Сүннет той, айдар той** — мәсликке, иши қызғанлар беретуғын той.

**Келин той** — бермесе болмайтуғын той.

**Пайғамбар той** — Пайғамбардың жасына жеткенине шүкирлик етип берилетуғын садақа аралас той.

**Қына той** — улы ул, қызы қыз болғанда кемпириниң үстине «төсек жаңалап» берилетуғын ерси той.

## КЕЙИН ПАЙДА БОЛҒАН ТОЙЛАР

**Папка той** — ҳәммеден бурын бир өзиниң баласы мектепке баратуғын болғаны ушын берилетуғын зыяпатқа уқсас той.

**Мүше тойы**— бул да соның артынан кеткен, бала бир мүшеге толғанда (12 жас) мабаға берилетуғын той.

**30, 40 жас** — «Апам кетти, мен қалдым» ға салып берилетуғын зыяпаттан үлкенирек той.

**50, 60 жас** — берсе де, бермесе де болатуғын той.

**Машын той** — «Қой көрмеген қой көрип», жүреги шаўкилдеп беретуғын той.

**Жай той** — ағайин-туўғанға мәканды көрсетип, баҳанада жайға кеткен ғәрежетти жыйнап алыў ушын берилетуғын той.

**Бесик той** — еркексиз өтетуғын қатын-қалашлардың тойы.

**Гүмис той, алтын той** — қосылғанына 25 жыл, 50 жыл толғанда ҳаялынан миннетдар болғаны ушын яки ҳаялынан қорыққанынан беретуғын той.

## «ЯПЫРМАЙ»ДЫҢ ҚЫПСЫРМАЙ ТЕСТИ

**1. Ҳаялынан қорықпайтуғын еркек бола ма?**

а) болмайды.

б) болады.

в) бирең-сараң.

г) ҳаялы жоқ жерде.

**2. Жумысқа «саўға-сәлемсиз» қабыл етиў мүмкин бе?**

а) мүмкин емес.

б) мүмкин.

в) «танки»си күшли болса.

г) бәрибир узаққа бармайды.

**3. Уйқасықсыз қосықларды ким уйқастырып береди?**

а) шайырдың ҳаялы.

б) «слесарь шайырлар».

в) врачлар.

г) муғаллимлер.

**4. Жақсы хызметкер қандай болады?**

а) ерте келип, кеш қайтады?

б) қызық болмаса да баслықтың анекдотына күледи.

в) қалпағы мудамы кийим қыстырғышта илиўли турады.

г) айлығын ҳаялы келип алады.

(Дурыс жуўаплардың асты сызылған).

## ҲӘЗИРГИ ЗАМАН ФОЛЬКЛОРЫ

Бириниң айтқанын бири қылмайды,
«Өлиниң айтқанын тири қылмайды».
Бир аўылға қос табельщик болмайды,
Деп адамлар ғаўқылдасып жүрипти.

Табельщиклер Хожабай ҳәм Қалыбай,
Екеўи жазады табельди тынбай,
Хожабайды лаққылаў деп ойлайман,
Гәпти иштен-сырттан алып жүрипти.

Оннан соңғы бир жораңыз Абылла
Қыз аламан деген ой жоқ ядында,
Қашан көрсең еки қолы жағында,
Ыржыйып күлип, папирос шегип жүрипти.

Тилеўбийке отыр от басында абынып,
Кирсе-шықса үсти басын қағынып,
Енди Сапарбайды сондай сағынып,
Исип-күйип өлейин деп жүрипти.

*Қосық толық жазып алынбаған. Өткен әсирдиң алпысыншы жыллары Кегейлиши Дурысберген Қурбаниязовтың армиядағы жорасы Оралбайға жазған хатынан.*

# ЖАҢА ЖЫЛ ҲӘЗИЛЛЕРИ

## «ЕЛ-ЖУРТ ҲҮРМЕТИ» ОРДЕНИНИҢ ИЙЕСИ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНҒА МИЙНЕТИ СИҢГЕН ЖУРНАЛИСТ, «НУРАНЫЙ» ҚОРЫНЫҢ БАСЛЫҒЫ

## ШАРАП УСНАТДИНОВҚА

Өңириңде жарқыраған ордениң,
Мийнетиңниң жемисидүр ол сениң,
Президент баўырына басқанда,
Мәртебеңе тәсийин қалды ел сениң.

Кәсибиң еди елге үгит-нәсият,
Орныңызға Шарап келди жасырақ,
«Нураный» диң өлшеў тасы өзгеше,
Енди ҳәр бир сөзиң болсын ўәсият.

* * *

«Қартайса да шаншар дейди кәрекең»,
Халық айтса, қалып айтпайды — дәл екен,
Журт айтып жүр: — Журналист пе деп жүрсек,

Жазыўшылық сандығында бар екен.
«Дәў кемпир»ди «Соңғы аңшы»ға бердиң бе?
Ибрайымды түслеринде көрдиң бе?
Гә, мақала, гә повесть, гә роман,
Және нең бар жасырынған кеўлинде.

## ӨЗБЕКИСТАН ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНҒА ХЫЗМЕТ КӨРСЕТКЕН КӨРКЕМ ӨНЕР ҒАЙРАТКЕРИ, КОМПОЗИТОР ҲӘМ ДИРИЖЁР, «ТУМАРИС» ОПЕРАСЫНЫҢ АВТОРЫ

## ҚУРБАНБАЙ ЗӘРЕТДИНОВҚА

«Ўа, тумарис, есиңде ме?»,
Сәскеде ме, песинде ме,
Сиз қайтадан туўылдыңыз,
Жигирма биринши әсирде де.

Кир патшаңыз тамам болды,
Урпақларың аман болды,
Қурбанбайға қуўат берген,
Ғәрезсизлик заман болды.

Саў бол достым, ҳәр жылды да,
Тап усылай аяқлаңыз,
Қолыңыздан түспесин ҳеш,
Дирижёрлық таяқшаңыз.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ХАЛЫҚ ШАЙЫРЫ КЕҢЕСБАЙ КАРИМОВҚА

«Аға бий»диң изи болды «Ақ қапшық»,
Хорланған бай болса өзиң жақлап шық,
Бул құрақым сүнгип едиң тарийққа,
Қарақалпақта ат қалдырмай тақлап шық.

Бирақ журтлар гәп етип жүр сыртыңнан,
Дос болған соң менде саған тыр-тымман,
Поэзия үркип кеткен деседи,
Қыраў шалған тикенектей муртыңнан.

## ФИЛОЛОГИЯ ИЛИМЛЕРИНИҢ ДОКТОРЫ, ӘДЕБИЯТШЫ ҚУРБАНБАЙ ЖӘРИМБЕТОВҚА

Белинскийдиң бел баласы Қурбанбай,
Соңғы ўақта жүрсең-аў дым толғанбай,
Дөреп атыр не бир повесть, роман,
Критикаңа мыңқ етпестен турғандай,

Әдебият жылжымас өз-өзинен,
Жазыўшылар сыншы менен бир болмай,
Шығармалар қорқып турсын сөзиңнен,
Отқа таплап, балға менен урғандай.

## ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫНЫҢ РЕКТОРЫ

## БАРЛЫҚБАЙ ПРЕНОВҚА

«Ҳарма халықтың қәлеўлиси Пренов,
Оқып жүрмиз көзлерге шөп тирелип,
Түсип кетсе рейтингтиң өлшеми,
Асығымыз кеткени шик үленип.

Жүреклерди жарып болды сессия,
Қаяғына жетсин жалғыз пенсия..»,
Ақлықлары питкерген соң оқыўды,
Атасына алып берсин «Нексия».

## БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК МУЗЫКАЛЫ ДРАМА ТЕАТРЫНЫҢ АКТЁРИ, ҚАРАҚАЛПАҚСТАНҒА ХЫЗМЕТ КӨРСЕТКЕН АРТИСТ

## ҚУРБАНБАЙ ҚАЛАНДАРОВҚА

Сахнада «лабақ»саң, кинода «уры»,
Журт лақап тақпайды қурыдан-қуры,
Тойда хызмет етсең, бул да ғәниймет,
Муртмай болармеди пьесаның пулы.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАНҒА ХЫЗМЕТ КӨРСЕТКЕН АРТИСТ

## ДӘЛИБАЙ МӘМБЕТМУРАТОВҚА

Табысларды тәрезиге тартайық,
Қосық қабың қалмады ма ортайып?
Жаңа жылда «жасырағын» таппасаң,
«Дайы қыз»ың кемпир болды қартайып.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ХАЛЫҚ ШАЙЫРЫ

## ХАЛИЛА ДӘЎЛЕТНАЗАРОВҚА

«Таслап кетти жаслығым» деп налыма,
Жазмышың сызылған алақаныңа,
«Халық шайыры» боларма един жас болсаң,
Шүкирлик қыл әўметиңниң барына.
«Әлўидағ» де, «Мени еслеп жүр» деме,
Жас ўақтыңда алдап кеткен ярыңа.

## Шайыра ГҮЛНАРА НУРЛЕПЕСОВАҒА

«Ҳаслы нашар демең бизди ағалар»,
Деп сырнықпа, биз ағаңбыз паналар,
Қара басы шаңарақ болған еркек жоқ,
Ондай еркек қуў сырыққа барабар.

Он жетиге жаңа шыққан боз бала,
Қызлы үйдиң әйнегинен сығалар,
«Қызларыңды жат көзлерден» қызғанба,
Есигиңе келе берсин қудалар.

## ГРАФИК-СҮЎРЕТШИ, ҚАРАҚАЛПАҚСТАНҒА МИЙНЕТИ СИҢГЕН МӘДЕНИЯТ ХЫЗМЕТКЕРИ

## КӨШКИНБАЙ РЕЙПНАЗАРОВҚА

Қол таңбасын таныймыз биз Көшкинниң,
Айырмасын үтир менен точкиниң,
Ашыўланса кетери бар шар бузып,
«Қойын бағып жүрмеймен, деп ҳеш
кимниң».

Графика сатып алар буйым ба?
Өзиң сызып билмегенсоң қыйын дә!
Ертеңине келер бирақ айланып,
«Ер жигиттиң айнымағы қыйын ба?».

## МАЗМУНЫ

Белгили инсанлар өмиринен ..................... 3

Палўанияз «Ағаш қуйрық»тың ушырмай гәплери ............................................. 46

Анекдотлар, лаплар, ойлап табылмаған гәплер ............................................. 82

Аралас ............................................. 193

Пародиялар ............................................. 213

Жаңа жыл ҳәзиллери ............................. 225

МУРАТБАЙ НЫЗАНОВ

**ҚОЙЫН ДӘПТЕРГЕ ҚАЙЫМ ГӘПЛЕР**

«Билим» баспасы
Нөкис — 2017

Редактор *З. Осербаева*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *А. Бегдуллаева*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилген ўақты 11. 08. 2017-жыл. Форматы 60x84 $^1/_{32}$. «Shkolnaya KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 7,25 б.т. 8,84 шәртли б.т. 7,83 есап б.т. Нусқасы 500 дана. Буйыртпа № 17-638.

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил: bilim.baspa@inbox.uz**

Өзбекистан баспасөз ҳәм хабар агентлигиниң «Ўзбекистон» баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи. 100129. Ташкент, Наўайы көшеси, 30

ЦЕНА
12306с.
437

Кичкене демең бизди,
Бабында салганбыз «дүздү»,
Сойсун деп, кисеңизге
Кичирейттик туркымызды.

«БИЛИМ»

ISBN 978-9943-4434-1-9
9 789943 443419